


Yeukai ChiShona Fomu 1

BHUKU REMUDZIDZI



BUMBIRO REDZIDZO RAKAVANDUDZWA

WATADZA MX
MAMVOSHA OT
MUKWEKWERERE F

WATADZA MX, MAMVOSHA OT, MUKWEKWERERE F

EDULIGHT BOOKS

Throgmorton House

Cnr Samora Machel Ave / Julius Nyerere Ave

3rd Floor, Room 312

Harare

Tel:

0242 749195

Cell:

0773452208

0715263466

0772669134

0771342977

0772588092

E-mail: edulightpbc@gmail.com / watadzamhazo@gmail.com

First Print: 2019

Editor: Chipato V.

Design & Layout: Daniel Njondaya

Cover Illustration: Paul Chirodza

Cover Design: Daniel Njondaya

Intext Illustrations: Paul Chirodza and Chodeva T

ISBN. 9780797486249

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise without the prior permission of the publishers.

NHENDO

Vanofanira kutendwa ngavatendwe. Basa rekunyora chinyorwa chino rakava chuma chomuzukuru icho chakaonerwa pamwe chete. Mose makatandavadza pfungwa, mari, nguva nezvimwe zvakasiyana-siyana kuti bhuku iri risvike pariri nhasi tinokutendai.

MUSUMO

Zvakakosha kuti vadzidzi vachitanga danho refomu yokutanga vasangane nemabhuku anovabatsira kuumba hwaro hwakasimba muchidzidzo cheChiShona. Hwaro hwechidzidzo hwakasimba hunobatsira kuti vadzidzi vave nyanzvi dzemutauro dzinoyemura pamwe nekudada nemutauro weChiShona sechipenga chetsika nemagariro avo. Nyaya dzebudiriro, utano, kuchengetedzwa kwenharaunda, kodzero dzevanhu nedzimwe dzakasiyana-siyana dzinonzwisika nyore kana dzichidzidzwa mururimi rwaamai. Yeukai ChiShona ibhuku rinopa vadzidzi hwaro hwechidzidzo cheChiShona kuburikidza nokudzidzisa vadzidzi manyorerwo erondedzero dzemhando dzakasiyana-siyana, kuverenga nokunzwisisa nyaya dzenzwisiso, misambo inojekesa tsika nemagariro evaShona pasichigare nanhasi pamwe newedzerero. Rinodzidzisawo maumbirwo nemashandisirwo edudziramutauro pamwe nezvirungamutauro. Ishuviro yevanyori vebhuku rino kuti mudzidzi wega wega anenge ahandisa bhuku rino akwanise kuzoshandisa ruzivo rwechidzidzo cheChiShona kurarama kuburikidza nekunyora mabhuku, kudetemba nhetembo nezvimwe zvakasiyana-siyana.

VANYORI



Watadza Mhazo Xavler

Chizvarwa chekuZaka kuMasvingo. Akadzidza O Level paPanganai Secondary School kwakare kuZaka. Akandoita A Level paChiredzi Christian Secondary School. Akaita Bachelor of Arts yeChiShona nePhilosophy paUniversity yeZimbabwe mugore ra2007, Bachelor of Arts Fourth year Honours yePhilosophy neGreat Zimbabwe University mugore ra2011. Akazoita zvakare Master of Arts yePhilosophy neUniversity yeSouth Africa. Ari kuita PhD neUNISA. Iye zvino mudzidzisi weChiShona paBudiriro 2 Secondary School muHarare.



Mamvasha Thirdson Odwell

Chizvarwa chekwaHonde kwaMutasa. Akadzidza O level neA level paGatsi Secondary School kuHonde. Akaita Bachelor of Arts yeChiShona nePhilosophy paUniversity yeZimbabwe mugore ra2007. Akazoita Post Graduate Diploma reEducation neZimbabwe Open University. Pari zvino ari kuita Master of Education yeEducational Management neZOU. Mudzidzisi weChiShona paChinyauhvera Secondary School kwaMutare.



Fatima Zero Mukwekwerere

Akazvarirwa muguta reHarare. Akaita Primary yake paSt. Hugh's Ushewokunze ndokuzoitira zvidzidzo zveSecondary paNyatsime College. Akazoita Diploma reudzidzisi muna 1983 kuGweru Teacher's College. Akaitawo Bachelor of Education Administration, Planning and Policy Studies. Ari kuita Masters in Education ne Zimbabwe Open University. Pari zvino mukuru wechikoro cheWarren Park High School.

ZVINANGWA ZVEBHUKU

Nzwisiso nepfupiso

Vana vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- (a) Kuverenga nokunzwisisa ndima yapiwa.
- (b) Kunyurura pfungwa huru mundima.
- (c) Kupindura mibvunzo neChiShona chakanaka.
- (d) Kunyurura zvirungamutauo kubva mundima.
- (e) Kunyora pfupiso vachiteedzera zviga zvekunyora pfupiso.

Ronedzero

- (a) Kunyora mhando dzeronedzero dzakasiyana-siyana vachitevedzera zviga zvekunyora rondedzero.
- (b) Kushandisa zvirungamutauo mukunyora rondedzero.

Zvirungamutauo

- (a) Kudoma zvirungamutauo zvakasiyana-siyana zvinosanganisira tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo neenzaniso.
- (b) Kushandisa zvirungamutauo pakakodzera.

Dudziramutauo

- (a) Kudoma mazita, zvisazitasingwi, zvipauro, zvirevamwene, zvinan'anuri, zvirevauwandu, zviverengo, zviratidzi uye zvindori.
- (b) Kutaridza maumbirwo azvo.
- (c) Kushandisa dudziramutauo pakakodzera.

ZVINANGWA ZVEBHUKU

Misambo

Kutsanangura:

- (a) hunhu
- (b) nzira dzokufambisa mashoko pasichigare nanhasi
- (c) tsika yokukumbira
- (d) kutambira vaenzi
- (e) mutauro wokukwazisa
- (f) kubvunza nzira,
- (g) mutauro wepachechi nezvimwe.

Wedzerero

Kutsanangura:

- (a) nzvimbo dzinoyera
- (b) mabasa emakombiyuta
- (c) nzira dzokuchengetedza nadzo zvokudya
- (d) mazita dunhurirwa
- (e) mwaka yegore
- (f) ngano
- (g) makakatanwa evanhu nemhuka
- (h) inzwifanana
- (i) zvirahwe nezvimwewo.

ZVIRI MUKATI

CHIKAMU 1	1
A. Nzwisiso: Rwiyo rwenyika.....	1
B. Rondedzero: Chimiro cherondedzero.....	3
C. Zvirungamutauro: Tsumo.....	4
D. Dudziramutauro: Mazita.....	5
E. Musambo: Hunhu.....	6
F. Wedzerero: Nzvimbo dzinoyera.....	7
CHIKAMU 2	10
A. Nzwisiso nepfupiso: Titambire vadzidzi veFomu yokutanga.....	10
B. Rondedzero: Mhosho dzinoda kuchenjererwa pakunyora rondedzero.....	14
C. Zvirungamutauro: Madimikira.....	16
D. Dudziramutauro: Maumbirwo emazita.....	17
E. Musambo: Nzira dzokufambisa mashoko pasichigare nanhasi.....	18
F. Wedzerero: Makombiyuta.....	22
CHIKAMU 3	24
A. Nzwisiso nepfupiso: Utsanana pachikoro.....	24
B. Rondedzero: Tsamba kushamwari.....	27
C. Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi.....	29
D. Dudziramutauro: Mhando dzemazita.....	30
E. Wedzerero: Nzira dzokuchengetedza nadzo zvekudya.....	31
CHIKAMU 4	34
A. Nzwisiso nepfupiso: Nhetembo: Magamba.....	36
B. Rondedzero: Tsanangudzo.....	36
C. Zvirungamutauro: Fananidzo.....	38
D. Dudziramutauro: Mipanda yemazita.....	39
E. Wedzerero: Kunyorwa kwezvinyorwa zvitsva: Kunyora.....	40

ZVIRI MUKATI

CHIKAMU 5	44
A. Nzwisiso nepfupiso: Hurukuro.....	44
B. Rondedzero: Tsumo.....	47
C. Zvirungamutauro: Enzaniso/ Fananidzosiri.....	48
D. Dudziramutauro: Mipanda yemazita.....	49
E. Musambo: Kukumbira.....	50
F. Wedzerero: Michero yedu.....	51
CHIKAMU 6	54
A. Nzwisiso nepfupiso: Kutsva kwemusha waTogarepi.....	54
B. Rondedzero: Nzira yemanyorerwo: Nzira yokurondedzera.....	57
C. Zvirungamutauro: Tsumo.....	58
D. Dudziramutauro: Mipanda yemazita.....	58
E. Wedzerero: Zvinyorwa zvitsva.....	59
CHIKAMU 7	60
A. Nzwisiso nepfupiso: Dick Chingaira.....	60
B. Rondedzero: Tsamba yebasa.....	62
C. Zvirungamutauro: Madimikira.....	65
D. Dudziramutauro: Mipanda yemazita.....	66
E. Musambo: Kutambira vaenzi.....	66
F. Wedzerero: Umba mazwi.....	68
CHIKAMU 8	69
A. Nzwisiso nepfupiso: Nhau.....	69
B. Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi.....	72
C. Dudziramutauro: Mipanda yemazita.....	72
D. Wedzerero: Mazitadunhurirwa.....	73

ZVIRI MUKATI

CHIKAMU 9	74
A. Nzwisiso nepfupiso: Apunyaira haashayi misodzi.....	74
B. Rondedzero: Izwi rimwe.....	77
C. Zvirungamutauo: Fananidzo.....	79
D. Dudziramutauo: Mipanda yemazita.....	80
E. Musambo: Mutauo wokukwazisa.....	82
F. Wedzerero: Mwaka yegore.....	83
CHIKAMU 10: BVUNZO DZEPAKATI PEGORE	85
CHISHONA PAPER 1	85
CHISHONA PAPER 2	88
CHIKAMU 11	90
A. Nzwisiso nepfupiso: Nhetembo: Kodzero.....	90
B. Rondedzero: Tsamba kushamwari.....	92
C. Zvirungamutauo: Tsumo.....	92
D. Dudziramutauo: Nzira dzokuisa mazita mumipanda.....	93
E. Wedzerero: Pfukumbwe.....	94
CHIKAMU 12	
A. Nzwisiso nepfupiso: Ngano.....	96
B. Rondedzero: Tsumo.....	100
C. Zvirungamutauo: Madimikira.....	100
D. Dudziramutauo: Chisazitasingwi.....	101
E. Musambo: Kubvunza nzira.....	101
F. Wedzerero: Ngano.....	103

ZVIRI MUKATI

CHIKAMU 13	105
A. Nzwisiso nepfupiso: Chirwere cheMarariya	105
B. Rondedzero: Izwi rimwe	107
C. Zvirungamutauo: Nyaudzosingwi	107
D. Dudziramutauo: Chirevauwandu.....	108
E. Wedzerero: Kuverenga muChiShona.....	109
CHIKAMU 14	110
A. Nzwisiso nepfupiso: Kurima bhinzi.....	110
B. Rondedzero: Tsanangudzo	113
C. Zvirungamutauo: Enzaniso/ Fananidzosiri.....	113
D. Dudziramutauo: Chipauro.....	113
E. Musambo: Mutauo wepachechi.....	114
F. Wedzerero: Makakatanwa evanhu nemhuka.....	116
CHIKAMU 15	118
A. Nzwisiso nepfupiso: Kugona ngozi kuiripa.....	118
B. Rondedzero:Tsamba yebasa.....	121
C. Zvirungamutauo: Tsumo.....	121
D. Dudziramutauo: Zviverengo.....	122
E. Wedzerero: Ukama.....	123
CHIKAMU 16	124
A. Nzwisiso: Nhetembo: Africa.....	124
B. Rondedzero: Tsumo.....	126
C. Zvirungamutauo: Madimikira.....	126
D. Dudziramutauo: Chiratidzi.....	127
E. Wedzerero: Dai uri iwe waiita sei?.....	128

ZVIRI MUKATI

CHIKAMU 17	129
A. Nzwisiso nepfupiso: Miriro shasha yebhora.....	129
B. Rondedzero: Tsamba kushamwari.....	131
C. Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi.....	131
D. Dudziramutauro: Chinan'anuri.....	132
E. Wedzerero: Zvirahwe.....	132
CHIKAMU 18	133
A. Nzwisiso nepfupiso: Shumba mumigwagwa.....	133
B. Rondedzero: Tsanangudzo.....	135
C. Zvirungamutauro: Tsumo.....	135
D. Dudziramutauro: Chirevamwene.....	136
E. Musambo: Mutauro wokubata maoko.....	137
F. Wedzerero: Njodzi dzemumvura.....	138
CHIKAMU 19	140
A. Nzwisiso nepfupiso: Mitambo yeVaShona.....	140
B. Rondedzero: Izwi rimwe.....	142
C. Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi.....	142
D. Wedzerero: Mazwi ane dudziro dzakasiyana-siyana.....	143
CHIKAMU 20: BVUNZO DZOKUPERA KWEGORE	144
CHISHONA PAPER 1	144
CHISHONA PAPER 2	148
DURAMAZWI	149

CHIKAMU 1

1



Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso: Rwiyo rwenyika**
Kujekesa kukosha kwerwiyo rwenyika.
- B. **Ronedzero: Chimiro cheronedzero**
Kutsanangura chimiro chakanaka cheronedzero.
- C. **Zvirungamutauro: Tsumo**
Kuzadzisa tsumo.
- D. **Dudziramutauro: Mazita**
Kutsanangura maumbirwo uye mhando dzemazita muChiShona.
- E. **Musambo: Hunhu**
Kutsanangura maitiro anotaridza hunhu nokukosha kwehunhu.
- F. **Wedzerero: Nzvimbo dzinoyera**
Kutsanangura dzimwe dzenzvimbo dzinoyera muZimbabwe.

A

NZWISISO: Rwiyo rwenyika



Simudzai mureza wedu weZimbabwe
Yakazvarwa nomoto wechimurenga;
Neropa zhinji ramagamba
Tiidzivirire kumhandu dzose;
Ngaikomborerwe nyika yeZimbabwe.

Tarisai Zimbabwe nyika yakashongedzwa
Namakomo, nehova, zvinoyevedza
Mvura ngainaye, minda ipe mbesa
Vashandi vatuswe, ruzhinji rugutswe;
Ngaikomborerwe nyika yeZimbabwe.

Mwari ropafadzai nyika yeZimbabwe
Nyika yamadzitateguru edu tose;
Kubva Zambezi kusvika Limpopo,
Navatungamiri vave nenduramo,
Ngaikomborerwe nyika yeZimbabwe

Nzwisiso

1. Ipa zita rerwiyo urwu.(1)
2. Kubva murwiyo urwu, nyika yeZimbabwe yakauya nenzira ipi? (2)
3. Ndezvipi zvinhu zviviri zvadomwa murwiyo zvakashongedza nyika yeZimbabwe? (2)
4. Doma zvinhu zviviri zvakanakira kunaya kwemvura.(2)
5. Tsanangura zvinoreva mazwi anotevera:
 - (a) mhandu (1)
 - (b) madzitateguru (1)
 - (c) nduramo (1)
6. Ndeapi mazita enzizi maviri adomwa murwiyo? (2)
7. Ko, nzizi dzawadoma pamusoro dzinoganhurana nenyika dzipi? (2)
8. Kunze kwezvinhu zvinoyevedza zvadomwa murwiyo, ndezvipi zvimwe zviviri zvinoyevedza munyika yeZimbabwe? (2)
9. Chii chinoratidza kuti munhu akanyora rwiyo urwu anodada nenyika yake? (2)
10. Zvii zviri murwiyo urwu zvinoita kuti udade nenyika yako? (2)

B

RONDEDZERO: Chimiro cheronedzero

Padanho regwaro rokutanga mudzidzi anotarisirwa kuti anyore rondedzero ine peji inwe nechidimbu kana maviri. Bhuku rino richaedza kutsanangura zvinotarisirwa paronedzero dzepadanho rino, chimiro cheronedzero uye mhosho dzinofanira kuchenjererwa nevadzidzi pavanonyora rondedzero dzavo.

Kune mhando dzeronedzero dzakasiyana-siyana idzo dzichakurukurwa nezvadzo muzvikamu zvinotevera. Muchikamu chino taona zvakakosha kuti tiongorore chimiro cheronedzero tisati tapinda mune zvinotarisirwa pamhando imwe neimwe yeronedzero senzira yokubatsira mudzidzi.

Kuti rondedzero inzi inonwisa mvura inofanira kuve nezvinhu zvitatu zvinoti nhanganyaya, mutumbi uye mhedziso.

Nhanganyaya

Nhanganyaya ndicho chindima chinotarura nyaya. Chindima ichi ndicho chinoumba havi mumuverengi kuti arambe achinzwa kuda kuverenga chinyorwa. Nhanganyaya haifaniri kurebesa uye inofanira kusiyana-siyana zvichienderana nemhando yeronedzero inenge yasarudzwa nemudzidzi.

Muenzaniso

Heunoi muenzaniso wenhanganyaya ingangopiwa pamusoro weronedzero yetsumo yokuti;

Mudzimu wakupa chironda wati nhunzi dzikudye.

Wanano yaSarudzai naTogarasei yainge yangouyawo zvisina tsarukano. Vabereki vemhandara Saru vainge varambisisa kuti mwanasikana wavo aroorwe nemusvuuganda zvake uyo ainge asina kana nei. Sarudzai akarambawo akangomira nerake rekuti chinonzi regera ndechiri mumaoko, chiri mumoyo ndinofa nacho.

Mutumbi

Mutumbi ndicho chikamu chikuru cheronedzero. Mudzidzi anofanira kuzazanura pfungwa huru idzo dzinovandudza chinyorwa chake. Mukuita izvi mudzidzi anosungirwa kushandisa zvirungamutauro zvakaita setsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo nezvimwewo.

Mhedziso

Senhanganyaya, mhedziso yerondedzero haifaniri kurebesa. Musiyano wemhedziso nenhangananyaya unouya pakuti, nhanganyaya inoparura nyaya, asi mhedziso inopendera nyaya iya yambotangwa.

Heunoi muenzaniso wemhedziso ingapihwa parondedzero ine nhanganyaya yapihwa pamusoro,

Mazuva akapindana nguva yaSarudzai yokusununguka ikati ndakwana. Mwana wevaridzi kudogomera achibuda ziya, asi hapana chakafamba. Kuzoti rogara miti shasha yakati mukabika idyai mega. Vananyamukuta vachiri kumupeta madzitezvara akati vhuu kusvika. Dare rakadeedzwa vaMusekiwa vakati wavo aizovigwa ivo vapihwa twavo twose.

Basa rokuita

Nyora mutumbi unozadzisa nhanganyaya nemhedziso zvapiwa semuenzaniso muchikamu chino.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Tsumo

Kuti mutauro upfume unofanirwa kurungwa nezvirungamutauro zvinoti tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo neenzaniso. Muchikamu chino, tinoda kukurukura pamusoro petsumo. Semudzidzi unofanira kuziva tsumo zvokuti ukapiwa chidimbu chetsumo unokwanisa kuizadzisa somuenzaniso:

- (a) ndochiri mumaoko, chiri mumoyo unofa nacho.
- (b) Mudzimu wakupa chironda.....

Mhinduro

- (a) Chinonzi regera ndochiri mumaoko, chiri mumoyo unofa nacho.
- (b) Mudzimu wakupa chironda wati nhunzi dzikudye.

Basa rokuita

Zadzisa tsumo dzinotevera

1. zamu rakamera pambabvu. (1)
2. Ane ganda ane nyama... ..(1)
3.musi wafa mai (1)
4. Kashiri kasingapambari... ..(1)
5.rinosimudza musoro rawana.(1)
6. Nyoka huru... ..(1)
7.harina ukomba. (1)
8.kusaroya anoba.(1)
9. Chinoziva ivhu... ..(1)
10.ndiye mufambi wayo (1)



D

DUDZIRAMUTAURO Mazita

Zita izwi rinoshandiswa kudaidza zvinhu zvakasiyana-siyana uye vanhu. Kune mhando dzemazita dzakasiyana-siyana, somuenzaniso, mazita evanhu, enyika, emiti, emhuka neezvinhu zvisingabatiki semweya. Heanoi mamwe emazita atingawana muChiShona.

mukadzi	Jerera
chombo	Anesu
dombo	Zambezi
svana	chingwa
Vongai	kudya

Basa rokuita

Muri muzvikwata, nyorai mamwe emazita eChiShona amunoziva anosvika gumi. (10)



E**MUSAMBO: Hunhu**

Kana munhu achinzi ane hunhu zvinoreva kuti anenge aine matauriro, maitiro, mapfekero uye mafambiro anoyemurika munzvimbo yaanenge achigara. Kuti munhu anzi munhu anofanira kunge aine hunhu hwakanaka. Hunhu uhwu hunoratidzwa kudzimba kwatinogara, kuzvikoro, kudzisvondo, kumabasa nedzimwe nzvimbo dzakasiyana-siyana. Haanoi maitiro anoratidza hunhu neasingaratidzi hunhu:

Maitiro emunhu ane hunhu	Maitiro emunhu asina hunhu
1. Kumhorosa vamwe nemufaro	1. Kusaimhorosa vanhu
2. Kutaura uchiremekedza vakuru	2. Kuita pamuromo
3. Kupfeka zvakatsiga	3. Kupfeka zvisina kutsiga
4. Kukoshesa munhu wese	4. Kutarisira vamwe vanhu pasi
5. Kugoverana zvaunazvo nevamwe	5. Kunyima
6. Kuvimbika	6. Kureva nhema
7. Kuchenesa nharaunda	7. Kurasa marara pese pese

Kuva nehunhu hwakanaka kunoita kuti tikwanise kugara zvakanaka nevamwe. Vabereki vose vanofarira mwana ane hunhu hwakanaka. Pachikoro vadzidzisi vanofarirawo vana vane hunhu hwakanaka. Pabasa munhu anogona kukwidziridzwa chigaro nokuda kwekuti ane hunhu hwakanaka. Izvi zvinoreva kuti kuva nehunhu hwakanaka kunobatsira mukurarama kwezuya nezuya.

Basa rokuita

1. Chii chinonzi hunhu? (2)
2. Ndeapi maitiro matatu anoratidza hunhu? (3)
3. Ko, kana munhu asina hunhu anoonekwa nemaitiro api?
Ipa mhinduro mbiri.(2)
4. Chii chakanakira kuva nehunhu hwakanaka? (2)



Tsvakurudzo

Itai tsvakurudzo yezvimwe zvinoratidza hunhu hwakanaka.

F

WEDZERERO: Nzvimbo dzinoyera

Nyika yedu yeZimbabwe ine nzvimbo dzinoyera gumi nefararira. Nzvimbo idzi dzine chekuita nemidzimu, masvikiro uye chinamoto chedu isu saVaShona. Muchikamu chino tinoda kutarisa dzimwe dzenzvimbo dzinoyera muZimbabwe. Kune vanhu vemuno uye vashanyi vakapinda muna taisireva vasangana netsekwende mushure mekutadza kuteedza zviga zvenzvimbo dzinoyera. Vane midzimu isina kusimba vakatotsakatika. Izvi zvinodaro nekuti nzvimbo yese inoyera inoitika zviitiko zvisinganzwisiki, sekunzwa vanhu vachitaura usingavaoni kana kutonzwa zvipfuyo zvakaita semombe, mbudzi kana hwai zvichichema.



Gomo reNyanga ndiro rimwe renzvimbo dzinoyera muZimbabwe. Mumakomo aya munonzi munooneka zvisionekwi zvakaita semiti ine mazamu. Hazvitenderwi kutaura kana kuita zvisina maturo mumakomo aya. Vazhinji vanoita izvi vanosangana netsaona dzakaita sekurumwa nenyuchi, kubatwa nechahwihwi kana kuvirirwa neusiku iwo ari masikati machena.



Makomo eMahwemasimike anoyerawo. Vanotaura vanoti zvaiti kana munhu aziya nenzara aigona kuombera kuvadzimu ari mugomo iri otoerekana pamberi pake pave neusavi pamwe nemukonde wesadza obva otozozvidzikinura kubva munzara.

Haasi makomo chete anoyera. Kune madhamu nenziziwo dzinoyera. Kune dziva rinonzi Nhooneka rinowanikwa munzvimbo yeBuhera. Zvinonzi padziva iri panoonekwa mukadzi anenge akagara pakati pedziva nemhuri yake akatoyanika mbatya. Kuyera kwenzvimbo zhinji dzemvura kwava kukanganiswa nekushandiswa kwemidziyo yechirungu yakaita sesipo dzinonhuhwirira idzo dzinonzi hadzionani nenjuzu dzinoita kuti nzvimbo idzi dziyere.

Tebhuru iri pazasi inotaridza dzimwe dzenzvimbo dzinoyera dzinowanikwa mumatunhu akasiyana-siyana emunyika yedu yeZimbabwe.

Nzvimbo/dunhu	Nzvimbo dzinoyera dziriko
Buhera Nyashanu	Makomo eShava
Mutasa	Bingaguru
Chinhoyi	Chirorodziva
Bulawayo/Matoposi	Mabweadziva
Murehwa	Gomo reHurungwe

Basa rokuita

Itai tsvakurudzo yemashiripiti anoitika mumakomo nenzizi zviru munharaunda dzenyu mugouya muchikurukura mukirasi.



CHIKAMU 2

2

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Titambire vadzidzi veFomu yokutanga**
Kutsanangura zviitiko zvezuva rekutanga pachikoro.
- B. **Ronedzero: Mhosho dzinoda kuchenjererwa pakunyora rondedzero**
Kutsanangura mhosho dzinoda kuchenjererwa pakunyora rondedzero.
- C. **Zvirungamutauro: Madimikira**
Kuzadzisa madimikira.
- D. **Dudziramutauro: Maumbirwo emazita**
Kutsanangura maumbirwo emazita.
- E. **Musambo: Nzira dzokufambisa mashoko pasichigare nanhasi.**
Kutsanangura nzira dzokufambisa mashoko pasichigare nanhasi.
- F. **Wedzerero: Makombiyuta**
Kujekesa mabasa emakombiyuta.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Titambire vadzidzi veFomu yokutanga

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Titambire vakomana nevasikana vegwaro rekutanga. Tinokugamuchirai nemufaro mukuru murwendo rwenyu rwekudzidza. Zvamadai kuuya kuno kusekondari, tinoti maita zvakanaka. Makazviita henyu nekuti haisi nyore kupedza makore mapfumbamwe muchiita puraimari yenyu. Tinoda kuzvitenda nokuti makashingirira kunyange zvaisava nyore. Makaramba makaruma muromo wezasi newekumusoro kusvika masvika pachinhanho chamuri nhasi. Nhasi muri pano, matanga zvitsva zvesekondari iyo ichakutorerai makore mana kuti munyore fomu yechina. Murwendo irworwu rwamatanga, pane kugeda-geda kwemeni, kurara makasvinura pamwe nekupera miviri muchiverengera kuti muzobudirira pabvunzo dzenyu dzefomu yechina.

Zvidzidzo zvati siyaneyi nezvamaita muri kupuraimari. Kuno muchawana murairidzi anouya nechidzidzo chake okudzidzisa kwamaminitsi makumi matatu nechidimbu kana makumi mana. Apedza kudzidzisa anobva akusiirai basa rokuita. Achipedza mumwe murairidzi anouyazve nechimwe chidzidzo woita zvaanoita nemi. Nguva yake ichipera anobva akupai zvekare basa rekuita, obva aenda zvakare. Izvi zvinoreva kuti munenge muine zvidzidzo zvakananda, uyewo nevarairidzi vakawanda.

Mwana umwe neumwe anofanira kunge aine hurongwa hwedzidzo hwemukirasi make hunoratidza kuti chidzidzo chimwe nechimwe chinotanga nguva ipi uye chichipera nguvai. Paurongwa uhwu ndipo pamunooni zvekare kuti muchaenda nguvai kubhureki kundodya zvokudya zvakasiyana. Panguva yechikumura majazi ndiyo nguva yatinokurudzira vadzidzi kuenda kuchimbuzi, kumbodyira-dyira pamwe nekutaura nehama neshamwari dzenyu dzepano pachikoro. Kazhinji nguva iyi inotora maminitisi gumi kusvika makumi matatu tobva tadzokerazve muzvidzidzo zvedu.

Kana tichinge tadzoka mudzimba dzedu dzekudzidzira tinotarisa pahurongwa hwedu hwezvidzidzo kuti kwava kuitwa chidzidzo chipi tomirira mudzidzisi anotevera. Sevadzidzi vane chido nechikoro munokurudzirwa kufanoverenga mabhuku makanyarara kana kuita kuita rimwe basa ramunenge mapiwa nevadzidzisi.

Chidzidzo chega chega chine mabhuku acho ekunyorera, hatisanganisi basa rezvidzidzo zvose mabhuku rimwe. Zvichakadaro, murairidzi mumwe nemumwe achakutaurirai zvaanoda kuchidzidzo chake. Mune zvimwe zvikoro, chidzidzo cheChiShona chinogona kuda mabhuku anoti, renzwisiso, mutauro, rondedzero uye rebvunzo. Izvi zvinoreva kuti tinoda mabhuku ekunyorera mana rechishanu rinova iro remanotsi. Ose mabhuku enyu anofanirwa kuve akaputirwa

uye achiyevedza. Mavara ose anofanira kunge akanyorwa nemabhii anooneka. Bhuku rose rinonyorwa misoro inotevera, zita, fomu, chidzidzo, zita remurairidzi kuitira kuti mabhuku asarasike kana achinge asangana neevamwe vadzidzi.

Muzvikoro zvizhinji, mune nguva dzakatarwa dzokuita mitambo yakasiyana-siyana inosanganisira zvekuimba, kutamba muchongoyo, jerusarema/mbende, bhora, pamwe nezvimwe. Mwana wese anokurudzirwa kuwana mutambo waanoita senzira yokuzadzikisa zviru mubumbiro redzidzo. Kuita mitambo kunosimbisa nyama dzemuviri uye kunowanisawo mari.

Vaya vane ruzivo rwesainzi tinokugamuchirai. Ndiwoyu mukana wekuratidza zvipo zvenyu. Muchakwikwidzana pachikoro pano muchigadzira twunhu twakasiyana-siyana twesainzi. Vanenge vakunda vanochoenda mberi zvichiramba zvichingodaro. Bumbiro idzva rinopa munhu wese mukana wekuratidza zvipo zvakasiyana-siyana. Mukaita nemazvo vazhinji venyu muchawana raramo kubva kuzvinhu izvozvi. Hakuna mwana anonzi uyu haana chaanoziva nekuda kwekuti vanhu vanosikwa vaine zvipo zvakasiyana-siyana.

Vakomana nevasikana, kana tiri pano takauya kuzodzidza pamwe nekuratidza umhizha hwedu. Hatina kuuya kuzoita zverudo. Ino haisiriyo nzvimbo yekutsvaka mukomana kana musikana tichikanganwa chinangwa chedu chekudzidza. Vose vachabatwa vachiita zverudo vacharangwa zvakaomarara senyoka yapinda mumba.

Pane vava vekutemerwa nyora dzemangoromera, moteererera mashoko aya “Pano hapazi pokuitira tsiva”. Vose vanenge vaonekwa vachirwa vanodzingwa chikoro nokuti vanenge vachikonzera mhirizhonga. Pamusha wedzidzo panotarisirwa runyararo uye vava vanoita tsiva namabhuku avo chete. Wose munhu anenge arohwa nemumwe mwana, mhanya unoreva kumudzidzisi waunenge wasangana naye kana kunanga kuhofisi yemukuru wechikoro. Musafurirwa muchitora zvinodhaka izvo zvinopa njodzi kuhutano hwenyu. Ishuviro yedu kuti mudzidze zvakanaka muzova vatungamiri vemangwana vane uchenjeri.

Nzwisiso

1. Ndeipi siyano hombe iripo pakati pemadzidziro ekupuraimari neekusekondari yabuda mundima.? (1)
2. Ndezvipi zvinhu zviviri zviri mundima zvinoratidza kuti kusekondari kune basa rakawanda? (2)
3. Doma zvinhu zviviri zvinowanikwa pahurongwa hwedzidzo yepachikoro.(2)
4. Ndezvipi zvinhu zviviri zvinoitwa kana mudzidzisi asina kuuya kuchidzidzo? (2)
5. Doma mitambo miviri yadomwa mundima inoitwa nevana vechikoro munguva yemasikati.(2)
6. Ndezvipi zvinhu zviviri zvakanakira mitambo? (2)
7. Nyurura zvinotevera kubva mundima:
 - (a) dimikira rimwe chete (1)
 - (b) fananidzo imwe chete (1)
8. Ndezvipi zvinhu zvitatu zvisingatenderwi pachikoro zvataurwa mundima?(3)
9. Kunze kwekodzero yekudzidza, ndedzipi dzimwe kodzero dzevana dzaunoziva? Doma mbiri (2)
10. Bumbiro redzidzo rakavandudzwa rakanakira chii kuvadzidzi? (2)

Tsvakurudzo

Itai tsvakurudzo yemimwe mitemo iri pachikoro penyu.

Pfupiso

Pfupiso kunyora kana kutaura nyaya yaunenge waverenga kana kutaurirwa nepapfupi uchiburitsa pfungwa huru.

Zvakakosha papfupiso

- (i) Unofanirwa kuverenga nyaya, detembo kana mutambo kusvika wainzwisisa.
- (ii) Shandisa mazwi ako.
- (iii) Ronga pfungwa huru padivi sekubudiswa kwadzaitwa mundima.
- (iv) Nyora pfupiso iri mundima imwe chete uchishandisa mutauro wokumhan'ara. Izvi zvinoreva kuti haufaniri kunyora uchiita kunge uri munyaya yacho.
- (v) Nyora pfupiso ine mazwi akatarwa. Kana ukaona pfupiso yako yanyanya kuita pfupi zvinoreva kuti pane dzimwe pfungwa dzawasiya. Ukaonawo pfupiso yako yanyanya kurebesa zvinoreva kuti pane zvimwe zvawanyora zvisina maturo.
- (vi) Pakunyora pfupiso hautenderwi kushandisa zvirungamutauro zvinoti tsumo, madimikira, nyaudzosingwi neenzaniso.

Basa rokuita

Nyora pfupiso yendima yakanzi Titambire vadzidzi vefomu yokutanga nemazwi ako asingapfuuri makumi mana [40] (10)



B

RONDEDZERO: Mhosho dzinoda kuchenjerwa pakunyora rondedzero yakanaka

Ronededzero yakanaka inobva pakugona kwemudzidzi kunyora chinyorwa chisina mhosho dzakaita sedzezviperengo, batanidzo uye patsanuro yemazwi, kushandiswa kwevara guru nezvimwewo. Takaona zvakakosha kuti padanho rino tikurukure zvimwe zvezvinhu zvinokanganiswa nevadzidzi pakunyora rondedzero yakanaka.

1. Kusarudza musoro weronededzero wausina ruzivo ruzere nawo.

Vadzidzi vane chitsama vanotadza kunyora dzveteramatadza yeronededzero nokuti vanosarudza misoro yeronededzero inovagozhera, somuenzaniso mudzidzi akakurira mudhorobha upenyu hwake hwese, haagoni kusarudza musoro wakaita sewetsananguro wekuti, kufudza mombe nokuti haanyatsozivi zvinoitika mukufudza mombe.

2. Batanidzo nepatsanuro yemazwi.

Zvakakoshazve padanho rino kuti mudzidzi azive batanidzo nepatsanuro inogamuchirika mumutauro weChiShona. Zvivakazwi zvinotevera zvinobatanidzwa nemamwe mazwi kuti zvibuditse pfungwa izere. Zvizhinji zvezvivakazwi izvi zviitogama, nokudaro hazvigoni kubudisa pfungwa izere zviri zvoga.

Heinoy mienzaniso;

- a) **Aka**- somuenzaniso, akagara, akarohwa kwete kuti aka rohwa.
- b) **Nyatso**- somuenzaniso, nyatsoimba, nyatsobata mwana kwete kuti nyatso imba.
- c) **Asinga**- somuenzaniso. asinganaki, asingabati kwete kuti asinga naki.
- d) **Ndaka**- somuenzaniso, ndakamuronda, ndakamaona kwete kuti ndaka muronda.
- e) **vano**- somuenzaniso, vanotambura, vanotywa kwete vano

tambura.

3. Zviperego

Vadzidzi vane chitsama vanotadza kunyora rondedzero dzakanaka nekuresva kuperetera mamwe mazwi nemazvo, somuenzaniso izwi rokuti bhazi rinogona kutadza kupereterwa ronzi bazi. Kazhinji kana izwi rikatadza kupereterwa nemazvo rinobudisa imwe pfungwa yakasiyana neyarinobudisa kana rapereterwa nemazvo. Pamuenzaniso wapiwa pamusoro pachinzvimbo chekubudisa pfungwa yemuchina unoshandiswa kutakura vanhu vazhinji, izwi rokuti bazi rinobudisa pfungwa yedavi remuti. Heanoi mamwe emazwi anowanzonetsa kuperetera nemazvo;

tyava n'ombe tsamba njanji kudzwa bhendi
ngwere

4. Kushandiswa kvevara guru.

Mavara makuru anoshandiswa panotevera;

- Pamazita evanhu kana nzvimbo, somuenzaniso;
Moyana, Dzobo, Matanga uye Harare.
- Pose panotangira mutsetse mutsva, somuenzaniso;
Paakaona kuti auraya amai vake Benyumundiro.....
- Pamazita ose aMwari, somuenzaniso ;
Zame, Mutangakugara, Chibwechitedza kana Musikavanhu.
- Pamazita emigwagwa yemumaguta, somuenzaniso;
Julius Nyerere, Robert Mugabe uye Sam Nujoma.
- Pamazita enyika, somuenzaniso;
Uganda, Angola uye Zimbabwe.

5. Zvimiso

Chindaguma (.)

Chindaguma chinofanira kuiswa pose panoperera mitsara.

Nyora dzekuvhura nekuvhara (“ ”)

Nyora dzekuvhura nekuvhara dzinoshandiswa kutaridza mashoko chaiwo akataurwa nemutauri.

Chibvunzo (?)

Mibvunzo yose inofanira kuve nechibvunzo. Somuenzaniso
Ko wamati afa ndiani?

Chiturabefu (.)

Chiturabefu chinoshandiswa kutaridza pose panoda kumbozororwa
mutsara usati wopera. Somuenzaniso,
Vakati vati garei, dutavanhu rakasvika, vose vakati piti piti votanga

Basa rokuita

Nyora patsva ndima inotevera uchigadzirisa pose pane mhosho kuti
chinyorwa chino chibude zvakanaka.

Nakasvika amai vachichem nikash kti chi havaichema. Mukom ffrancis
nakavabvunza Havana cahavakadavira vakangodzungudza soro chet.
Ndakamhany panama ndikavasimudza. Zvandakaonamusiuyu zvakunda
ngomakurira. Mayi vange akarara akatsimbirira muzvambarara venyoka
Rino zimhungu Chitema. Pandakati ndivasimuze
zinyoka zinyoka riya rakasimudza musoro roda
kundikobora ndakabuda ndiri chahwiriri mumba
ndiye tande kunodaidza Sekuru tawanda.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Madimikira

Madimikira zvirungamutauro zvinoshandiswa kutaura zvinhu nenzira
yakavanzika semuenzaniso munhu anoroya anonzi haabvaruri machira.
Semudzidzi unofanirwa kunge uchigona kuzadzisa madimikira somuenzaniso;

- (a)nerokuwarira
- (b) Kurimirana.....

Mhinduro

- (a) Kupiwa rekufuga nokuwarira.
- (b) Kurimirana kumiganhu.

Basa rokuita



Zadzisa madimikira anotevera

1.danga. (1)
2. Kusekera.....(1)
3.moto (1)
4. Kutungana.....(1)
5.dhongi rakaora (1)
6.nyemba (1)
7. Kuzvisikira.....(1)
8.hwenyakwese (1)
9.pautsi (1)
10. Kuita museve.....(1)

D

DUDZIRAMUTAURO: Maumbirwo emazita

Mazita ose anoumbwa nezvivakazwi zviviri zvinoti:
chivakashure chezita + dzitsi rezita somuenzaniso;

Chivakashure chezita	Dzitsi rezita	Zita
mu-	-nhu	munhu
Ø -	-Nyasha	Nyasha
chi-	-ngwa	chingwa
zi-	-gororo	zigororo
tu-	-mafuta	tumafuta

Basa rokuita



Nyora zvivakashure nemadzitsi emazita anotevera;

mukomana	
vasikana	kufamba
migoti	musha
muti	munzira
zigomana	chingwa
matombo	Tawanda

E

MUSAMBO: Nzira dzokutumira mashoko pasichigare nanhasi

Kufambiswa kwemashoko pakati pevanhu hakuna kutanga mazuva ano. Pasichigare vanhu vaitumirana mashoko nenzira dzakasiyana-siyana. Dzimwe dzenzira dzaishandiswa kutumira mashoko pasichigare dzinosanganisira dzinotevera:


(a) Kuridza ngoma

(b) Chiutsi



(c) Hwamanda

d) Kutuma nhume



Pava neshanduko hombe mukufambiswa kwemashoko mazuva ano.
Nzira dzokufambisa mashoko mazuva ano dzava kusanganisira:

(a) Nhare

(b) Nharembozha



(c) Tsamba

PLEASE PAY AT YOUR NEAREST ZESA OFFICE

Mr Boss
P.O Box 245
Kulawayo

204035 .01

Description	Tariff/ meter	Previous reading	Present Reading	Consumption	Rate (cents)	\$	C
Bal B / F						761.55	
Payments						761.55	CT
Energy Charge	1.10	62749	64049	1300		3521.00	
Fixed Monthly Charge							88.80
Sales Tax (on consumption only)							\$166.09

THIS BILL IS BASED ON
Fake
Readings

DUE DATE
30/10/00


AMOUNT DUE
\$3775.89

**IF THIS ACCOUNT REMAINS UNPAID AFTER DUE DATE SUPPLYERS
MAY BE DISCONNECTED WITHOUT FURTHER NOTICE**

(d) Facebook

The screenshot shows a Facebook page for 'Yeukai ChiShona FOMU 1'. The page header includes the name 'Yeukai ChiShona' in large white text on a red background, with 'FOMU 1' in yellow below it. The profile picture shows a man in a red and white checkered shirt. The page description reads 'The Styled Story: Flatlays, Stock Photos and Design'. The main content area features a 'Welcome to Your New Page' message with several suggestions for content to add, such as 'Add a Cover Photo', 'Add a Profile Picture', and 'Add a Main Description'. On the right side, there is a section titled 'Pages You May Like' with three suggestions: 'Joe Moyo', 'Book People', and 'New Day', each with a 'Like' button.

(d) Whatsapp



Ongororo yezvemafambisirwo emashoko inoratidza kuti nzira dzokufambisa mashoko dzemazuva ano dzinofambisa mashoko nokukasika zvichienzaniswa nedzepasichigare.

Basa rokuita



1. Doma nzira mbiri dzaishandiswa kutumira mashoko pasichigare. (2)
2. Ndedzipi nzira mbiri dziri kushandiswa kutumira mashoko mazuva ano? (2)
3. Chii chakanakira nzira dzekutumira nadzo mashoko dzemazuva ano? (1)
4. Ndezvipi zvakaipira nzira imwe neimwe

Edzesero

Muri mumapoka tumiranai mashoko netsambambozha



Makombiyuta mishina inoshandiswa nevanhu kugadzira, kuchengetedza uye kufambisa ruzivo nemashoko. Kuuya kwakaita makombiyuta kwakarerutsa basa zvakanyaya sezvo vanhu vava kukwanisa kuita zvinhu vari panzvimbo imwe chete pasina kupedza mari nenguva vachifamba. Zvimwe zvakanakira makombiyuta ndezvintotevera:

- Anofambisa mashoko neruzivo nekukurumidza.
- Anochengetedza mashoko akawanda panguva imwe chete pasina kushandiswa kwemapepa akawanda.
- Anofambisa mashoko akabatana nemifananidzo zvichiita kuti vanhu vanyatsonzwisisa mashoko avari kutumirana.
- Anoshandiswa mukufambiswa kwemari pakati pemabhanga munhu agere mumba.
- Anoshandiswa nevadzidzi kutsvaka ruzivo padandemutande reindaneti.

Chenjedzo

Kunyangwe zvazvo makombiyuta achibatsira muupenyu hwanhasi, vose vanoashandisa vanofanira kuchenjerera zvinotevera:

- Kushandisa makombiyuta kutumira mashoko ekutuka kana kunyomba vamwe.
- Kusiya vana vachishandisa makombiyuta kuona mifananidzo yezvinonyadzisira.
- Kushamwaridzana nokuvimba nevanhu vavasingazivi vavanenge vasangana navo paindaneti. Izvi zvinokonzera matambudziko akadai sekutapwa, kubatanidzirwa mumhosva dzausina kupara nezvimwewo.

Tsvakurudzo nehurukuro

Muri mumapoka, itai tsvakurudzo nehurukuro yezvimwe zvakanakira uye kuipira makombiyuta.

CHIKAMU 3

3

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Utsanana pachikoro**
Kujekesa kukosha kweutsanana muzvikoro.
- B. **Ronedzero: Tsamba kushamwari**
Kutsanangura manyorerwo etsamba yeshamwari kana hama.
- C. **Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi**
Kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo.
- D. **Dudziramutauro: Mhando dzemazita**
Kutsanangura mhando dzemazita.
- E. **Wedzerero: Nzira dzokuchengetedza nadzo zvekudya**
Kutsanangura nzira dzokuchengetedza nadzo zvekudya.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Utsanana pachikoro

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Vana vazhinji kana vari pachikoro vanoona kunge vasiri kumba kwavo. Vanotyora midziyo yepachikoro vachigwenderetsa-gwenderetsa vachishaiwa hanya nepavanogara pamwe nekurasa mapepa pose pose. Zvose izvi itsika yakaipa kwazvo. Kana tichinge tiri pachikoro tinofanira kuona kuti dzimba dzedu dzekudzidzira dzakachena. Pasi panofanirwa kutsvairwa pamwe nekupukutwa nemvura uyewo kuisa mishonga yakaita sekobhura kuitira kuti vana vasabatwe nezvirwere zvakaita sechikosoro.

Imba ine tsvina hainakidze kugara. Izvi zvinoreva kuti panoperera zvidzidzo, vana vanofanira kuita muonerapamwe chuma chomuzukuru vachitsvaira dzimba dzavo dzekudzidzira, kuronga matafura nezvigaro zvakanaka kwete kusiya zvakangoti dzvarara nemba yose. Kune zvimwe zvikoro vashandi vepazvikoro ndivo vane basa rokusara vachitsvaira nokurongedza dzimba dzevadzidzi. Izvi zvakanaka nerimwe divi nokuti zvinopa vadzidzi nguva yokunyatsoita zvemabhuku, asi nerimwe divi zvinoita kuti vana vakure vasingazivi kushambidzika.

Mafafitera anofanira kugezwa, achigara akachena, kwete kuti unoona huruva yakati name zvekuti vana vane misikanzwa unoona vonyora pamusoro pehurva iye nezvigunwe kuti, “Ndigezewo.” Muchipinda muimba yokudzidzira, munofanira kuona kuti mafafitera akavhurwa kuitira kuti mhengo iwane mapindiro. Kupinda kwemhengo kunoita kuti mweya wokufema ureruke pamwe nekupupurusa zvirwere zvakasiyana-siyana. Patinopedza kudzidza tinofanira kuona kuti mafafitera eimba yatinodzidzira avharwa kuitira kuderedza mukana wokubirwa nembavha uye kuti asasara achirovera nekuputswa nemhengo.

Vadzidzi vazhinji vane tsika yekurasa-rasa mapepa, miguri yechibage kana imwe tsvina paruvanze rwechikoro. Izvi hazvina chimiro chakanaka kuvashanyi vanouya pachikoro. Kurasa tsvina pose pose ndiyo mviromviro yezvirwere. Zvikoro zvizhinji zvine mabhini nemakomba okurasira marara, saka vadzidzi vanokurudzirwa kurasira mararara pakakodzera. Izvi zvinoita kuti chikoro chigare chakashambidzika nekuratidzika zvakanaka.

Nyaya youtsanana muzvikoro haingataurwi ikapera pasina kutaurwa nezvemabatiro atinofanira kuita zvimbuzi zvedu. Ibaso remunhu wese ahandisa chimbuzi kuona kuti asiya chakashambidzika. Izvi zvinogoneka kuburikidza nokudira mvura mushure mekushandisa. Kana chimbuzi chisina kushambidzika

unotanga kunzwa gasekase rekunhuwa uchipinda pamusiwo chaipo. Apa nhunzi dzinenge riri besanwa. Kusaishambidzika kwezvimbuzi kunofambidzana nezvirwere zvakaita sebhirihaziya pamwe nemanyoka ekorera, naizvozvo kana munhu achinge abva mukushandisa chimbuzi anokurudzirwa kugeza maoko asati amhorosana nevanhu kana kubata zvokudya.

Kuburikidza nesangano re*Environmental Management Agency* (EMA) nebazi rezveutano, hurumende inoedza nepainogona napo kuita zvirongwa zvinodzidzisa veruzhinji kuchengetedza uye kusaisvibisa nharaunda. Zvikorowo zvinofanira kuona kuti zvaita zvirongwa zvinokurudzira utsanana pazvikoro. Chimwe chezvingaitwa muzvikoro kupa mibairo kukirasi inenge ichishambidzika zvakanyanya pakupera kwekotoro yega yega. Mazuva ano chishanu cheviki yokutanga kwemwedzi izuva rakarongwa nemutungamiriri wenyika kuchenesa nharaunda yatinogara.

Nzwisiso

1. Chii chinoratidza kuti vana vechikoro havana hanya nepachikoro?(2)
2. Chii chakaipira kuti vadzidzi vacheneserwe dzimba dzavo dzokudzidzira nevashandi vepachikoro? (1)
3. Zvakakosherei kuvhura mafafutera eimba yokudzidzira?(2)
4. Doma mhando mbiri dzetsvina inoraswa nevadzidzi pachikoro.(2)
5. Ndezvipi zvirwere zviriviri zvataurwa mundima zvinokonzerwa nekusaishambidzika? (2)
6. Nyurura zvirungamutauro zvinotevera kubva mundima:
 - (a) dimikira rimwe chete
 - (b) nyaudzosingwi imwe chete
7. Chii chiri kuitwa nehurumende mukuedza kuvandudza utsanana? (1)
8. Sokufunga kwako, chii chimwe chingaitwa kuti pachikoro pashambidzike? (1)
9. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi ako asingapfuuri makumi mana. [40]

Basa rokuita

Budai panze munhonge tsvina yose yakakomberedza imba yenyu yokudzidzira.



B

RONDEDZERO: Tsamba kushamwari/hama

Tsamba ndiyo imwe nzira yainyanya kushandiswa nevanhu kufambisa mashoko munguva ichangopfuura. Zvichitevera kuuya kwetekinoroji nemichina mitsva yakaita senharembozha neimwe, tsamba hadzichanyanyoshandiswa nevanhu wakawanda, asi zvakakosha kuti tikurukure pamusoro padzo. Muchikamu chino tichaongorora zvinotarisirwa pakunyora tsamba kuhama kana shamwari.

Ronedzero yetsamba kuhama kana shamwari yakanaka inotarisirwa kuva nezvinhu zvinotevera:

- Kero yemunyori.
- Zuva, mwedzi negore ranyorwa tsamba.
- Kumikidzo yetsamba sokuti, Anodiwa Tadiwanashe.
- Mavambo akarongwa zvakanaka.
- Mutumbi wetsamba.
- Mhedziso yetsamba.
- Zita rokutanga chete remunyori panoperera tsamba.

Chenjedo

- Pakero hapafaniri kuiswa zvimiso.
- Kero inofanira kunyorwa yakazara somuenzaniso, Private Bag kwete P. Bag.
- Kunoperera tsamba zita remhuri harinyorwi, tinovimba kuti hama kana shamwari yako inokuziva, naizvozvo hapana chikonzero chokunyora zita remhuri.

Heunoi muenzaniso wemubvunzo nemhinduro ingangopihwa.

Mubvunzo

Nyora tsamba kumubereki wako wawakasiya kuno kuZimbabwe uchikumbira ruregerero rwekuenda kunze kwenyika usina kuoneka uye kuvaudza matambudziko auri kusangana nawo.

Mhinduro

18258 West End Close
Edinburg
Mozambique

03 Ndira 2018

Vanodiwa Amai

Ndanyora tsamba ino kwamuri amai senzira yekukumbira ruregerero pamasimukiro andakaita uye kuti ndikuudzei ngwavaira dzandiri kusangana nadzo kuno kuMozambique kwandakapoterwa.

Chokutanga, ndinoda kukumbirai ruregerero maringe nokuti ndakauya kuno ndisina kukuudzai. Ndine hurombo nokuti ndakangoita fungiramumoyo rwendo rwembwa. Chakanyanya kuita kuti nditize ikoko ndechekuti ndakatyora mwana vevanhu gumbo kuKadoma uko kwandaikorokoza goridhe ndiri. Mhandara yandakatyora gumbo iyi inonzi Netsai mwana wavaMupazvinhwo.

Yokutyora Netsai gumbo yaisawe nyaya huru kwete, zviitiko zvakazotevera ndizvo zvakaitea kuti nditize nokuti musha wandaigara muKadoma wainge waberekera shumba. Siku nesikati ndainge ndogara ndichivhimwa sekatsuro. Pafoni pangu painge pongopinda matutu emameseji aityisa. Chikuru chainyanyotaurwa ndechekuti pandaizobatirwa ndaizoitwa nyama yemagora.

Rimwe zuva ndisati ndatiza ndichizvimwira zvangu hutsvuku mubhawa nevamwe tichitandadzana ndakashama ndokweverwa panze sesanzu nevarume vaviri vainge vakasimba saGoriati wemubhaibheri chaiye. Tave panze vakandikwevera kurima ndikarohwa senyoka yapinda mumba. Ndikati ndakarohwa ndinenge ndaita musiyapaduku, ndakazvindwazvebotsa kufa. Musi uyu ndakabatsirwa navanamugaradzakasungwa. Hameno kuti vakabvawo nekupi dai vasivo ndaidai ndakaenda parefu.

Dambudziko rekuno nderekuti kunopisa saka kune nhunga zhinji. Nhunga dzekuno dzinoshura siku nesikati tinenge tichingorumwa nadzo. Masvondo maviri ndave kuno ndakamborwara nemarariya zvebotsakufa

chaizvo. Nazvino handisati ndanyatsosimba. Ndakaperezeka zvekusara musoro chete zvekuti dutu guru rikavhuvhuta rinogona kunditakura rikauya neni ikoko sechipepa.

Mabasa kuno ariko haaperi, asi kunoshandwa sembongoro. Zuva rose unoswera wakati kota kota uchishanda. Kambani yandaishandira pekutanga ndakasiya mushure mekunge muridzi wayo aisada kubhadhara. Kuno tinotambira mushure memavhiki maviri saka murungu uyu aiti kana mavhiki maviri, akapera aikutsvagira tumhosva tusina nemusoro wese okubatira mari zhinji. Ndakapesana naye ndaona kuti uku kwaive kufira mahara.

Baba vari sei mazuva ano nemakumbo uye musana uyo wavaigarochema-chema nawo. Zvikafamba zvikanaka ndichauya pazororo raZvita. Mufarise mukoma Bhure nemhuri. Muvati kuno kuchiri nane mabasa ndiwo awandisa chete.

Wenyu mwana

Zorodzai

Basa rokuita

Nyora tsamba kushamwari yako iri kudzidza kune chimwe chikoro uchiiudza zviri kukufadza pachikoro penyu.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Nyaudzosingwi

Kupfuma kwemutauro weChiShona kunonyatsoburiswa nekushandiswa kwenyaudzosingwi. Nyaudzosingwi dzinoita basa rekujekesa maitikiro, mariro kana mamiro echinhu, somuenzaniso;

- (a) Tinoswera takati **kota kota** tichirima mumunda.
- (b) Bhazi rakati **ngondo ngondo** kudonha mubhiriji.
- (c) Nhengeni dzaive dzakati **piriviri** kutsvuka.

Pamuenzaniso mitatu iyi, nyaudzosingwi yokuti **kota kota** iri kujekesa zvinenge zvakaita vanhu vachiita basa. Nyaudzosingwi yepiri **ngondo ngondo** iri kunyatsojekesa madonhero akaita bhazi. Mumuenzaniso wetatu nyaudzosingwi yekuti **piriviri** iri kujekesa matsvukiro enhengeni.

Basa rokuita

Shandisa nyaudzosingwi dzinotevera muzvirevo

1. rabu (1)
2. gwa (1)
3. nyakata (1)
4. bwai bwai (1)
5. tiba (1)
6. bherengende (1)
7. tashu (1)
8. bvu (1)
9. rororo (1)
10. godi (1)



D

DUDZIRAMUTAURO: Mhando dzamazita

Kune mhando dzamazita dzakasiyana-siyana dzinoti;

1. Mazitasingwi

Mazitasingwi mazita anotanga nevara guru, kazhinji mazita aya ndeevanhu, enyika, aMwari, emigwagwa mikuru emaguta, enzizi nemakomo.

Mienzaniso

Mhazo

Zimbabwe

Johannesburg

Kwekwe

Zame

Limpopo

Kilimanjalo

Harare Drive

2. Mazita ezvinhu

Aya mazita ezvimwe zvinhuwo somuenzaniso;

chikoro	demo	muriwo
kasadza	gaba	matapiri
rusero	huku	kabadza

Basa rokuita

Ronga mazita anotevera muzvikwata zvawo uchishandisa ruzivo rwemhando dzemazita rwawawana. zvitupa Namibia vashamarari matsotsi Chiedza muparidzi mapadza ibwe VaMatarika tukadzi (10)



E

WEDZERERO:Nzira dzokuchengetedza zvekudya

Madzitateguru edu pasichigare aiva nenzira gumi nefararira dzaishandiswa kuchengetedza zvokudya. Muchikamu chino tichaoongorora dzimwe dzenzira dzaishandiswa kuchengetedza zvokudya.

(a) Kusasika pahutsi

Kusasika pahutsi ndiyo imwe yenzira dzinoshandiswa kuchengetedza zvekudya. Zvekudya zvakaita senyama yemhuka kana hove zvinogona kuiswa kumusoro kwehutsi senzira yekuzvichengetedza kuti zvisaore. Pasichigare mbesa dzaida kuzodyarwa dzaigona kuchengetedzwa nenzira dzekupfungaidzira hutsi. Hutsi hunobatsira kuti mbesa dzisapfukutwe, saka dzaiiswa muchengo cheimba yekubikira.

(b) Kusasika pamoto



Mufananidzo wenyama yakasasikwa pazuva

Zuva raigonawo kushandiswa kuomesa zvokudya zvakadai semichero kana tuhove tudiki. Tuhove tudiki twunogona kuiswa munyu twosasikwa pazuva kuti tusaore. Michero inenge makwakwa nematamba yaiputswa matemhe ekunze zvemukati zvosasikwa zvozodyiwa michero kuisina

Zvakakosha kuti tizive kuti nzira dzekuchengetedza zvekudya zhinji dzepasichigare dzaichengetedzawo hutano. Mazuva ano vazhinji vava ne zvirwere nekuda kwemishonga imwe inoshandiswa kuchengetedza zvikafu. Mishonga yakaita se *Sodium benzoate*, *citric acid* ne *Potassium* inoshandiswa kuchengetedza zvinwiwa inogona kukanganisa utano kana ikanwiwa zvakanyanya.

Mazuva ano kwave nenzira dzakawanda dzave kushandishwa kuchengetedza chikafu. Nzira inonyanyoshandiswa mazuva ano ndeyemafirirji uye makamuri anotonhora. Makamuri anotonhora uye mafiriji anoshanda zvakafanana pakuti anoderedza kudziya zvakanyanya izvo zvinoita kuti mabhakitiriyi anoodza chikafu atadze kushanda.

Tsvakurudzo

Itai tsvakurudzo yedzimwe nzira dzaishandiswa kuchengetedza zvekudya

CHIKAMU 4

4

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Nhetembo: Magamba**
Kujekesa kukosha kwemagamba erusununguko.
- B. **Rondedzero: Tsanangudzo**
Kutsanangura manyorerwo erondedzero yetsanangudzo.
- C. **Zvirungamutauro: Fananidzo**
Kushandisa fananidzo muzvirevo.
- D. **Dudziramutauro: Mipanda yemazita**
Kutsanangura mipanda yemazita.
- E. **Wedzero: Kunyorwa kwezvinyorwa zvitsva**
Kunyora nhetembo
Kutsanangura manyorerwo enhetembo.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Nhetembo: Magamba

Verenga nhetembo inotevera ugopindura mibvunzo



Mufananidzo waMbuya Nehanda naSekuru Kaguvi

Magamba ose enyika ino tinokutendai
Tinokutendai nekusunungura ino nyika.
Renyu ropa rakadeuka kuti tiwane kuzvitonga kuzere
Nhasi tozvitutumadza nerusununguko rwamakaunza.
Pasina kuzvipira kwenyu, Zimbabwe hayaiuya.

Magamba ose enyika ino tinokutendai,
Tinokutendai mbuya Nehanda Nyakasikana,
Tinokuyeukai sekuru Kaguvi.
Tinokuremekedzai VaChinamano.
Hatikukanganwii VaChitepo.
Shumba yekwaChurumanzu VaTakawira, tinemi.
Gamba remagamba VaTongogara
Baba Nkomo Chibwechitedza.

Magamba ose enyika ino tinokutendai
Tinokutendai nekurwisa vapambevhu.
Hondo yamakarwa yaikunda ngoma kurira
Makarwa semvumba.
Makarwira rusununguko rweruzhinji.
Makarwira dzidzo yevatema.
Makarwira upfumi hwevatema.

Magamba ose enyika ino tinokutendai
Mweya yenyu ngaipinde matiri.
Tishanyirei kuhope mutibaire zanhi.
Tikwanise kufamba mutsika dzenyu.
Tikoshese nyika yamakafira
Tirangarire kuti rume rimwe harikombi churu.
Tigoverane zviwanikwa zvenyika murudo,
Chawawana idya nehama mutorwa ane hanganwa.
Tigare murunyararo pasina mhirizhonga.

Nzwisiso

1. Ndechipi chinhu chikuru chakaitwa nemagamba? (1)
2. Chii chinoratidza kuti muhondo yerusununguko makafiwa? (1)
3. Doma mazita emagamba matatu ataurwa munhetembo.(1)
4. Tsanangura zvinoreva mazwi anotevera:
 - (a) Chibwechitedza (2)
 - (b) vapambevhu (2)
 - (c) mhirizhonga (2)
5. Ndezvipi zvinhu zviviri zvakarwirwa nemagamba zvadomwa munhetembo? (2)
6. Nyurura zvirungamutauro zvinotevera kubva munhetembo:
 - (a) tsumo mbiri
 - (b) dimikira rimwe chete
 - (c) fananidzo imwe chete
7. Kunze kwemagamba adomwa munhetembo ndeapi mamwe matatu aunoziva? (3)
8. Nyora pfupiso yenhetembo iyi nemazwi ako asingapfuuri makumi mana [40] (10)

Tsvakurudzo

Ita tsvakurudzo yezviri kuitwa nehurumende kucherechedza basa guru rakaitwa nemagamba.

B

RONDEDZERO: Tsanangudzo

Padanho rino mhando yerondedzero yetsanangudzo inonyorwa mudzidzi achipa tsanangudzo yezvinhu zvinenge zvabvunzwa. Tsanangudzo dzose dzinopiwa dzinofanira kusiya munhu ave patsime chaipo, asisina neromuromo anzwisisa tsanangudzo dzinenge dzapiwa.

Chenjedzo

- a) Mudzidzi anosarudza musoro werondedzero wetsanangudzo anofanira kunge aine ruzivo ruzere pamusoro pezvinhu zvinenge zvabvunzwa.
- b) Ruzivo rwemudzidzi runofanira kushandiswa kupindura mubvunzo kwete kunyora pfocho.
- c) Mutumbi werondedzero yemhando iyi unofanira kugukuchira, zvirungamutauro, umboo hune udzamu huchibudiswa huri muzvikamu zvakanaka.

- d) Mudzidzi haafaniri kunyora nyaya asi kuti anofanira kupa tsanangudzo yezvabvunzwa.
- e) Sedzimwe rondedzero dzose, mhedziso inofanira kupiwa iyo inopa mhendero yerondedzero.

Heunoi muenzaniso wemubvunzo nemhinduro werondedzero yetsanangudzo;

Chirwere cheshuramatongo chiri kukanganisa budiriro yenyika nenzira dzipi?

Kunyika zhinji dziri pasi rose kunyanya dziri muAfrica chirwere cheshuramatongo chave zimunzwa riri mundove. Hurumende dzine chitsama dzakandiswa mapfumo pasi nokuda kwedenda iri izvo zviri kudzosera kumashure mabasa ebudiriro munyika idzi.

Shuramatongo iri kudzorera shure mabasa ebudiriro munyika nokuti iri kuita mutemarege wembada madzimai navarume vachine simba rekushanda. Budiriro yenyika inofambidzana nokuvepo kwevashandi vane utano avo vanoita mabasa akasiyana-siyana ayo anopa mari kunyika. Nyika zhinji dziri kutadza kubudirira nokuti chirwere cheshuramatongo chapedza chikwata chevanhu vane simba rekushandira nyika.

Chirwere cheshuramatongo idambudziko renyika nokuti chiri kukonzera urwere hwevanhu vazhinji vemazera akasiyana-siyana. Vacheche, ndumure, majaha, mhandara, vakawanikwa, chembere neharahwa vose vari kutambiswa nhova nechirwere cheshuramatongo. Nyika iri kutadza kunyatsobudirira nokuti iri kushandisa mari zhinji mukuedza kuderredza urwere muvanhu. Makomo nemakomo emari ari kumedzwa nedenda iri aitodai ari kushandiswa kutanga mabasa ebudiriro munyika.

Budiriro yenyika iri kudzongonyedzwa neshuramatongo nekuti vamwe vanhu vazhinji vari pamabasa vave kutora nguva refu vari panhoo vachirwara. Urwere hunokonzerwa neshuramatongo kuvashandi huri kutadzisa kubudirira kwenyika sezvo makambani mazhinji achirasikirwa nenguva uye mari nevanhu vanotora nguva refu vachirwara vasiri pamabasa.

Nyika iri kutadza kubudirirazve nokuda kweshuramatongo nokuti gore negore nyika inenge yakadengezera musengwa wenherera dzinoda kuriritirwa. Vana

vazhinji vari kusara dzave nherera vabereki vafuga ravo vega nekuda kweshuramatongo. Kana zvadai hurumende inosara yave nebasa guru kuona kuti nherera idzi dzawana zvokudya, zvekupfeka uye dzidzo. Kuwanda kwenherera dzinoda rubatsiro kunoita kuti hurumende zhinji dzitemeseke musoro nokutsvaga rubatsiro.

Basa rokuita

Nyora rondedzero uchitsanangura zvaunofunga kuti zvinofanira kuitwa pachikoro penyu kuti paratidzike.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Fananidzo

Fananidzo mazwi anotsanangura mamiriro kana hunhu hwechinhu kana munhu. Fananidzo dzinonyanyumbwa kubva pazvinhu zvinozivikanwa somuenzaniso;

- (a) Anoruta sebere
- (b) Akaipa segudo

Basa rokuita

Shandisa fananidzo dzinotevera muzvirevo

1. semvumba (1)
2. semukaka (1)
3. sedzvatsvatsva (1)
4. senyoka yapinda mumba (1)
5. semukonikoni (1)
6. senguruve (1)
7. sembwanzvere (1)
8. segavakava (1)
9. sekunze kwemusha (1)
10. sembuwo (1)



D

DUDZIRAMUTAURO: Mipanda yemazita

Mazita ose muChiShona akaiswa mumipanda. Heinoi mipanda yemazita.

Mupanda 1

Mumupanda uyu munopinda mazita ari pamusoro pevanhu uye ari muushoma se ano anotevera:

musikana

muparidzi

murume

mukadzi

mudzidzisi

mwana

Mazita aya ane zvivakashure **mu-**/ na **mw-**

Mupanda 1a

Mumupanda uyu munopinda mazita evanhu chaiwo uye mazita emhuri somuenzaniso;

Tatenda

Vongai

Muzenda

Tadiwa

Nhamo

Mazita aya haana chivakashure chinoonekera nokudaro anoonekwa naØ

Mupanda 2

Mumupanda uyu munopinda mazita emupanda 1 ava muuzhinji somuenzaniso;

vasikana

vaparidzi

varume

vakadzi

vadzidzisi

vana

Mazita aya ane chivakashure **va-**

Mupanda 2a

Mumupanda uyu munopinda mazita erukudzo somuenzaniso;

VaWatadza

VaShe

VaMuparidzi
Mazita aya ane chivakashure **Va-**

Mupanda 2b

Mumupanda uyu munopinda mazita evanhu somuenzaniso
amai

asekuru

Mazita aya ane chivakashure **a-**

Mupanda 3

Mumupanda uyu munopinda mazita ezvinhu zvakarebenuka, midziyo,
zviwanikwa somuenzaniso;

mugwagwa

mugoti

mupuranga

mwedzi

Mazita aya ane chivakashure **mu-/mw-**

E

WEDZERERO: Zvinyorwa zvitsva

Munyika matigere mune shanduko zhinji dzinoitika munyaya dzekugarisana kwevanhu, mamiro ekunze, kutenga nekutengeserana, matongerwo enyika, zvechitendero nezvimwewo. Shanduko idzi dzinonyatsobudiswa muzvinyorwa zvitsva. Zvakakosha padanho rino kuti iwe semudzidzi uzive zvinotarisirwa pazvinyorwa zvitsva zvakadai senganonyorwa nenhetembo. Muchikamu chino tichaongorora zvimwe zvezvinhu zvinoumba nhetembo yakanaka.

Musoro

Nhetembo yakanaka inofanirwa kuva nemusoro wakajeka uye mupfupi. Kupfupika kwemusoro wenhetembo kunoumba chidakadaka kumuverengi wenhetembo kuti averenge nhetembo anzwe pfungwa dzakabudiswamo. Heinoi mimwe mienzaniso yemusoro yenhetembo.

Nguva

Unoitei?

Nyamavhuvhu

Chiokomuhomwe

Africa

Dingindira

Nhetembo yakanaka inofanira kuva nedingindira rakajeka. Dingindira ipfungwa huru inobudiswa munhetembo. Dzimwe dzepfungwa huru dzinganyorwa nezvazvo neddezvirwere, rudo, kuparara kwetsika nezvimwe.

Zvikamu

Pfungwa dzakasiyana-siyana dzinofanirwa kurongwa muzvikamu. Chikamu chimwe nechimwe chinotakura pfungwa inotsigira dingindira renhetembo.

Zvidavado

Sezvimwe zvinyorwa, nhetetembo inofanirwa kurungwa nezvirungamutauro zvakaita setsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo pamwe neenzaniso kuti inakidze vaverengi.

Heunoi muenzaniso wenhetembo

Shirikadzi

Yarara hope tsvuku shirikadzi mwana achichema
Mwana arara usiku hwese achinetseka nemabayo
Shirikadzi haina chokupa mwana kuti anyarare.
Mukaka waamai wobvepi ivo amai vararira mangai?
Hapana chembwa tenzi vararira mutakura.
Hapana angaibatsira kunyaradza mwana shirikadzi iyi,
Baba vakandofuga ravo vega vari Joni vachitsvaka kuraramisa mhuri.

Kunze kuchiedza shirikadzi inoti tande nenzira.
Yotanga rwendo rurefu yakananga kuchipatara
Inopfuura makomo anoera mwana achingobararadza
Inoyambuka nzizi zhinji mwana achifemera pamusoro nemarwadzo sendere.
Zuva rose rinoperera pamuviri pamai nemwana.
Izwi remwana kutsivetera kunge chidhakwa chemase.

Nenyasha, shirikadzi inosvika pachipatara mwana ari mupenyu.
Inosvika yakatakura tswanda yetariro,
Tariro yokuti mwana acharapiwa agopora
Tswanda yetariro yeshirikadzi inoputsika mushure mokuudzwa kuti,
“Hatina mishonga pachipatara pano”
Mwari pindirai!

Ongororo

(a) Dingindira

Dingindira guru rabudiswa munhetembo iri pamusoro nderematambudziko anosangana nemukadzi anenge afirwa nemurume.

(b) Zvikamu

Nhetembo yakanzi Shirikadzi ine zvikamu zvitatu zviri kujekesa nhamo dzakatarisana neshirikadzi iri kurwarirwa nemwana.

(c) Zvidavado

Munhetembo iyi makashandiswa zvidavado zvinoti, tsumo, madimikira, fananidzo nenyauzosingwi kurunga nhetembo kuti itapire. Tsumo yokuti **hapana chembwa tenzi vararira mutakura** yakashandiswa kujekesa kuti mwana aive asisakwanisa kuwana mukaka kubva kuna ami vake nokuti vainge vasina kuwana chokudya. Dimikira rokuti baba **vakafuga ravo vega** vari Joni rakashandiswa kujekesa kuti baba vemwana vainge vakafira kuJoni. Fananidzo yokuti **kunge chidhakwa chemasese** inojekesa kutsvetera kwainge kwaita izwi remwana nekunyanya kuchema. Nyauzosingwi yokuti **tande** nenzira inojekesa maendero akaita shirikadzi kuchipatara nemwana.

Basa rokuita

Nyora nhetembo ine dingindira raunoda uchishandisa ruzivo
rwawawana pamusoro



CHIKAMU 5

5

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Hurukuro**
Kuverenga nokunzwisisa hurukuro.
- B. **Ronedzero: Tsumo**
Kutsanangura manyorerwo eronedzero yetsumo.
- C. **Zvirungamutauro: Enzaniso/ Fananidzosiri**
Kuzadzisa zvirevo neenzaniso.
- D. **Dudziramutauro: Mipanda yemazita**
Kutsanangura mipanda yemazita.
- E. **Musambo: Kukumbira**
Kutsanangura musambo wokukumbira.
- F. **Wedzerero: Michero yedu**
Kutsanangura michero inowanikwa mumasango.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Hurukuro

Verenga hurukuro inotevera ugopindura mibvunzo



Tichakunda naTinotenda vagere zvavo pasi pemuti wemumango pachikoro pavo panguva yekusvuvura. Vari kukakavadzana mumwe achiti kudzidza pabhodhin'i kwakanaka asi mumwe achiti kudzidza uchibva kumba kuri nani.

Tichakunda: Wotondibatsirawo nechikafu shamwari. Ini nhasi ndangouya ndakarembedza maoko. Ndashaya kuti ndingatakura chii kumba kwacho nokuti kwanga kusina chokubata.

Tinotenda: Hazvina basa mumwe wangu tinodya zviripo izvozvo. Mazuva haafanani. Magwana ndini ndichange ndisinawo. Hauzivi here kuti kandiro kanopfumba kunobva kamwe.

Tichakunda: Waita hako Tinotenda. Ndizvo zvandinosigarotaura kuti zviru nani chose kudzidza pabhodhin'i pane kudzidza uchibva kumba nokuti pabhodhin'i vadzidzi vanopiwa chikafu pachikoro. Izvi zvinoita kuti vadzidzi vadzidze vakaguta.

Tinotenda: Izvo ndizvo hazvo asi hazvirevi kuti chikafu chose chinobikwa pabhodhin'i chinenge chichinaka. Sechikafu chinobikirwa vanhu vakawanda kazhinji chinenge chisina kunyatsobikwa zvakanaka nokudaro hachifanani nechokumba.

Tichakunda: Ane ganda ane nyama hazvienzani neakabata howa. Chero chikafu chisinganaki zvitori nani kana chiripo. Ini ndinorwadziwa neupenyu hwatinorarama isu vana vanodzidza vachibva kumba zuva nezuva. Tinomuka totanga tamboenda kumunda kundorima. Tinozobvako taneta sehuku yanayiwa. Patinosvika kuchikoro tinenge takarukutika.

Tinotenda: Aaah! Tichakunda. Ndashamisika kuti kune vana vachiri kumukira kuminda vasati vauya kuchikoro mazuvano. Kubatsira vabereki basa kwakanaka asi zvinofanira kuitwa neMugovera kana pazororo kuti vana vawane nguva yakakwana yokudzidza. Apo ndinobvumirana newe, asiwo nerimwe divi kuita basa kwakanaka kuti kunodzidzisa vana kusaigarira maoko.

Tichakunda: Wazvionaka. Chimwe chandinoyemura pakudzidza muchigara

pachikoro ndechokuti vadzidzi vanowana nguva refu yekuverenga nokuti panotova nehurongwa hunomanikidzira mwana wese kupinda muimba yokuverenga panguva dzakatarwa. Izvi zvinoita kuti vakunde muzvidzidzo zvavo.

Tinotenda: Ini handifungi kudaro. Mudzidzi wese ane mukana wokuverenga. Ipo pano patiri hatirambidzwi kusara tichiverenga kana vamwe

vana vaenda kumba. Tinogonawo kuuya neMugovera kana Svondo tichiverenga. Chero kumba kwacho mudzidzi anogona kungoverenga akabudirira. Chinonetsa ndechokuti vadzidzi vazhinji havana shungu neremangwana ravo saka vanoda kusundwa kuti vaverenge.

Tichakunda: Nemabasa epamba kashoma kuti unyatsowana nguva yokuverenga. Unogona hako kumanikidzira asi zvinenge zvakaoma.

Tinotenda: Kudzidza uchibva kumba kwakanaka nokuti chero ukaita dambudziko rakaita sekurwara vabereki vako vanenge vachikwanisa kukurapisa nokukasika. Zvino kana uri pabhodhin'i pasina vabereki zvinenge zvakaoma.

Tichakunda: Saka unoreva here kuti pamabhodhin'i hapana zvipatara? Sekuziva kwangu hapana chikoro chebhodhin'i chisina chipatara saka chero ukarwa unogona kungobatsirwa.

Bhera rokupedza nguva yokusvuvura rinobva rangorira Tinotenda naTichakunda vachibva vangomhanyira mudzimba dzokudzidzira.

Nzwisiso

1. Kusvuvura kudya kwenguva ipi? (1)
2. Chii chiri kunyanyoshungurudza vana vanodzidza vachibva kumba? (2)
3. Tsanangura zvinhu zviviri zvakanakira kudzidza pabhodhin'i zvataurwa muhurukuro. (2)
4. Ndezvipi zvinhu zviviri zvinogona kuitwa nevadzidzi vanodzidza vachigara kumba kuti vabudirire muzvidzidzo zvavo? (2)
5. Zvinorevei kuti ndauya ndakarembedza maoko? (1)
6. Nyurura tsumo mbiri ugotsanangura kuti dzinorevei semashandisirwo adzakaitwa muhurukuro (6)

B

RONDEDZERO: Tsumo

Imwe mhando yerondedzero inogona kunyorwa nemudzidzi padanho rino ndeyetsumo. Kana mudzidzi akasarudza kunyora rondedzero yetsumo anotarisirwa kuti aruke nyaya inodudzira tsumo inenge yapiwa.

Hezvinoi zvimwe zvinotarisirwa murondedzero yetsumo.

- a) Mudzidzi anosarudza rondedzero yetsumo anofanira kunge achinyatsonzwisisa zvinoreva tsumo yacho.
- b) Nyaya inenge yarukwa inofanira kugutsa uye kunyatsodudzira tsumo yacho.
- c) Nzvimbo yakaitika nyaya uye vatambi vanofanira kupiwa mazita.
- d) Mudzidzi anotarisirwa kunyora nyaya imwe chete kwete tunyaya turi munyaya.

Heuno i muenzaniso wemubvunzo nemhinduro.

Mubvunzo

Nyora nyaya inobudisa tsumo yokuti rina manyanga hariputirwi mumushunje.

Mhinduro

Ndairohwa, kukushirwa mavhu zvekuti ndaitotya kusimudza meso angu kuti nditarisane nemhomho yevanhu vange vakandikomba. Ndakaramba ndichifamba zvinyoronyoro ndakatsikitsira. Musoro wangu wairema zviye zvekunge ndakatsigwa gomo. Chemusi uyu handichakanganwi.

Zvakafamba sokudai, ndaive ndave kuita gwaro rechina paMakumbe Mission pandaizidza. Vazhinji vaine nezita rokuti Smart. Iri raive zita remadunhurirwa randakapihwa ndave mugwaro rechitatu pachikoro ichi nokuti ndaizivikanwa nokuda mucheno.

Vabereki vangu vaiva vanamusvuura ganda vasina kana gushe zvaro. Nokuda kuedza kufanana nevamwe ndakaruka zano rokutora mari yechikoro yekutanga kwekoto yefomu yechitatu ndichiisa pamupinyi. Imwe mari ndaitenga zvokudya zvinodhura. Zhinji ndaitenga zvipfeko zvechizvinozvino. Shungu dzangu dzaiva dzokuda kufanana nevamwe. Ndainge ndisingazivi kuti nguwo hadzienzaniswi nedzaTarubva.

Mushure mekuisa pamupinyi mari yekoto mbiri ndakaruka zano renhema ndokuenda kumukuru wechikoro ndichisirisa ndikati vabereki vangu vange vashaya pazororo rainge rapfuura mutsaona yemotokari. VaNduna mukuru

vechikoro vakaratidza kushushikana zvikuru vakavimbisa kundibatsira. Nechemumoyo ndakangoti dzawira mutswanda. Ndakati ndoda kubuda muhofisi yemukuru wechikoro mutevedzeri wavo Mai Dube vakapinda vakaudza vaNduna kuti ndaidiwa panze nababa vangu. Mukuru akanetseka vakazozvibata kuti ndainge ndavarevera nhema.

Baba vakaudzwa nhema dzandainge ndataura vakaudzwazve kuti ndainge ndave nechikwereti chekotoro mbiri zvikavashamisa. Mukuru wechikoro akaridzisa bhero kuti vadzidzi vaungane. Ndakaendwa neni ndichiita zvokuzvuzvurudzwa nyaya ikanzi bvuu-kuchikoro chose. Ndakanyara zvikuru. Ndakarangarira kuti nyadzi dzinokunda rufu. Musi uyu ndakadamba kuti dai pasi paivhurika pakandimedza.

Basa rokuita

Nyora nyaya inodudzira tsumo yokuti dai ndakaziva hatungamiri



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Enzaniso/Fananidzosiri

Enzaniso chirungamutauro chinoshandiswa nemutauri achibudisa pfungwa yekuenzanisa zvinhu zviviri. Paenzaniso mutauri haaoni musiyano pakati pezvinhu zviviri zvaanenge achitaura pamusoro pazvo, somuenzaniso

- (a) Chengetai anogona kurwa **invumba** chaiyo.
- (b) Madzimai ake akavengana **isimbe nebadza**.

Basa rokuita

Zadzisa mitsara inotevera neenzaniso dzakakodzera.

1. Varume havaneti kurezviwa chaidzo (1)
2. VaBedza vane mahobi.....chairo (1)
3. Mwana wenyu anofarira kurara-rara.....chairo (1)
4. Mukanwa maMarita munonhuwa.....chaicho (1)
5. Parunako Shamiso.....chaiyo (1)
6. Fungai haagari pasi.....chairo (1)



7. Pakumhanya Tinotendachaiyo (1)
8. Mudzidzisi uyu anotyisa.....chaiyo (1)
9. Murume wacho anoshanda nesimba.....chaiyo(1)
10. Farai anonzvenga mubhora.....chaiyo (1)



D

DUDZIRAMUTAURO: Mipanda yemazita

Mupanda 4

Mupanda uyu unopinda mazita emupanda 3 ava muuzhunji somuenzaniso

miti

minda

migomo

Mazita aya ane chivakashure **mi-**

Mupanda 5

Mupanda uyu unopinda mazita ane chivakashure (ri-) somuenzaniso;

doro

jira

gudo

garwe

Mupanda 6

Mupanda uyu une mazita anobudisa huwandu hwemazita emupanda 5 somuenzaniso;

matoro

machira

makudo

makarwe

Mazita aya ane chivakashure **ma-**

Basa rokuita

1. Isa mazita anotevera mumipanda yawo;

Mufundisi	vatapi
VaPodzo	sahwira
miroro	pfumo
matamba	asekuru
Revesai	migodhi



E

MUSAMBO: Kukumbira

Kugarisana kwevanhu kwezuya nezuya munharaunda dzakasiyana-siyana kunozadzikiswa nekupanana midziyo kana zvimwe zvokushandisa zvinenge zvisina mumwe. Kuti munhu awane chaanenge asina kubva kune muvakidzani, hama kana shamwari anofanira kushandisa musambo womutauro wokukumbira kuti awane kubatsirwa. Zvimwe zvezvinhu zvinotarirwa kana munhu achikumbira ndezvinotevera:

- Kutaura wakazvirereka usingaiti zvekumanikidza kana kutyisisidzira munhu wauri kukumbira.
- Kunyatsotaura chacho chaunoda kwete kupoterera uchirova imbwa wakaviga mupini.
- Kugamuchira chero mhinduro yauchapiwa kusanganisira kurambirwa nemuridzi wechinhu.
- Kutenda muridzi wechinhu kana wabatsirwa

Heunoi muenzaniso wenhaurirano yokukumbira:



VaMadozvo: Tisvikewo Mhukahuru. Inga matofamba nendima. Izvi zvinoratidza kuti mabata jongwe muromo.

VaNzvimba: Zvipiko Muendamberi. Tamuka mashambanzou kuti timbosunda ndima. Basa mangwanani.

VaMadozvo: Ichokwadi. Zvino nhamo ndiyo yandisvitsa pano. Majaya angu atyoresa joki pamutunhu wa VaMutaviri vachitakura zvitinha saka ndinokumbirawo rimwe joki kana muinaro ramusiri kushandisa.

VaNzvimba: Anopera here nhai Muendamberi. Chiperekedzwai naTaguta andokupai rimwe pane ari pasi pedara rechibage. Kutsva kwendebvu varume vanodzimurana.

VaMadozvo: Maita zvenyu Mhukahuru. Mandiburitsa munyatwa. Ndanga ndatopererwa nezano.

Basa rokuita

1. Doma zvinhu zvitatu zvinofanirwa kuitwa kana munhu achikumbira. (3)
2. Tsumo yokuti kutsva kwendebvu varume vanodzimurana inorevei? (2)
3. Sokufunga kwako VaMadozvo vakashandisa mutauro wakakodzera here pakukumbira kwavo. Ipa zvikonzero. (2)
4. Itai kamutambo kenyu muri mumapoka muchiedzesera kukumbira zvinhu zvakasiyana-siyana.



F

WEDZERERO: Michero yedu

Kunze kwezvicherwa mhuka uye ivhu rakapfuma Zame akapfumbatisa Zimbabwe masango ane michero gumi nefararira. Tsvagurudzo yakaitwa nenyanzvi dzezveutano yakayanika pachena kuti michero ine basa guru muhupenyu neutano hwevahu. Izvi zvinodaro nekuti michero mizhinji ine kudya kwakakosha kunosanganisira mavhitamenzi ayo anodiwa nemiviri yedu kuti tigare tiri vatano. Muchikamu chino tichaongorora imwe yemichero inowanika mumasango edu muZimbabwe.

Matamba



Tsubvu



Muchero uyu wakati dukupei uye unonyanyozivikanwa neutema hwahwo kana waibva. Kunze kwevanhu tsubvu dzinonyanyofarirwazve nemakava, ndokusaka vakuru vakaita tsumo yokuti kure kwegava ndokusina mutsubvu.

Mashuku



Mashuku muchero unowanzoibva chirimo chava kunopera paya panotanga zhizha. Muchero uyu mudyandakasungwa chaiwo uye unowanika kunzvimbo zhinji dzemuZimbabwe.

Michero mizhinji yatinayo munyika medu yakawandira mumaruwa. Izvi zvinodaro nekuti masango mazhinji achiri kumaruwa. Kushaika kwemiti yemichero mumadhorobha kwave kuraramisa mhuri zhinji dzemumaruwa kuburikidza nekukumba michero yakadai semashuku, tsubvu neshumha vachinotengesa mumaguta.

Basa rokuita

Zadzisa tebhuru iri pazasi netsanangudzo yakakodzera yemuchero umwe neumwe

Muchero	Tsananguro
tsambasi	
masau	
matunduru	
maroro	
nzvuru	
matohwe	
chakata	



CHIKAMU 6

6

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso:** Kutsva kwemusha waTogarepi
Kutsanangura njodzi yekutsva kwemusha waTogarepi.
- B. **Ronedzero:** Nzira yokuronedzera
Kutsanangura nzira yemanyorero yokuronedzera.
- C. **Zvirungamutauro:** Tsumo
Kududzira tsumo.
- D. **Dudziramutauro:** Mipanda yemazita
Kutsanangura mipanda yemazita.
- E. **Wedzerero:** Izwifanana
Kutsanangura mazwi anoreva zvakafanana.



A

NZWISISO: NEPFUPISO: Kutsva kwemusha waTogarepi

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Mhepo yaivhuvhuta zve mandiriri zvokuti wakagara mumba wainzwa maungira neruzha rwemashizha emiti. Dai ndakaziva haitungamiri. Mudzimai waTogarepi akafunga zvekuchenesa pamusha. Ainge afumobata jongwe muromo ndokutora badza achitema masora ose aive muchivanze. Apedza izvi, akatora hara ndokutanga kuunganidza sora rose achiriisa panzvimbo imwe chete kuti azokwanisa kunyatsopisa.

Zuva parakati kata, mudzimai waTogarepi akafunga zve kutungidza zvose zva ainge aunganidza. Akakwenya machisi ndokubatidza moto. Pasina nguva moto wainge wovirima. Mhepo yakauya zvine simba ndiye biku rimwe remapepa raiva nemoto ndokusvikorigadzika pamusoro pemba yokubikira. Mukadzi mukuru akabva angooma mate mukanwa. Paakati regai ndidzime moto uyu, akabva aona zvakare imba yavo yekurara yave kubvira. Moto wakati ngandu sezvinonzi waive wadirwa mafuta epeturu kana parafini.

Mukadzi mukuru akazhamba sechana, akadeedzera “Vanhuwe musha wangu wopera nemoto !” Vavakidzani vakaita chipata-pata kuuya kuzobatsira. Muimba yavo yokurara makangobuda bhizautare nemachira matatu chete. Zvimwe zvose zvakatsakatikiramo. Vari kurwisana nekuburitsa zvinhu muimba yokurara, nhanga yevasikana yakabva yabatirawo moto. Vana vakange vareremo vakabuda riri bara kuenda panze. Vavakidzani vakauya nemashizha vamwe nemigomo yemvura vachiedza kupumha nekudira moto wainge wovirima.

Pakaitwa chipatapata nhaka yemakonzo asi zvakashaya basa. Musha wose wakati mbo mbo mbo kukangosara gota revakomana chete. Ichiona izvi mhuri yaTogarepi yakabva yaikwetsura mhere zvaisiririsa. Vakatarisa tsapi vakatarisa dzimba vakaona kuti pavo painge pavaperera. Pekurara pakange pasisina, pekubikira chakange changove chengo, ndiro nemidziyo yose yokushandisa zvakange zvaparara. Vanhu vose vakati puka nazvo. Mbuya mai Takunda vakangoti ba-a vakabva vangokapaza musoro wavo, ndokuti “Murombo haarove chine nguwo”

Havana kumboti pamunhondo pamusasa vakabva vati, “Iwe Mamoyo zvazvadai murume wako pasina chiuyai tiende kumba kwangu umbondozorodza pfungwa”. Vakati rongondo vakananga kumba kwamai Takunda avo vaive mudzimai wehanzvadzi yamai vaTogarepi. Vachisvika pamusha pavo mbuya mai Takunda vakatora runharembosha rwavo ndokuchaira Togarepi uyo akange ari kubasa ndokumuudza nyaya yose. Vapedza izvozvo, vakabata mhuri yekwaGeza kunova ndiko kwakaberekwa mai vaTogarepi vachikumbira rubatsiro. Vabereki

vaTogarepi vakaziviswawo nezvetsaona iyi. Vakabatikana zvikuru asi shoko ravo rakaramba riri rokuti midzimu haifari nekutama kwakaita Togarepi achisiya dzinza rese kwaMutasa.

Vemusha vaona izvi vakagara pasi, sabhuku ndokuudza vanhu kuti vabatsire nepose pavaigona napo. Vanhu vemusha vakabvisa zvimwanda zveuswa vamwe zvekudya, zvokupfeka nezvimwe zvakasiyana-siyana. Mushure mesvondo, varume vaigona zvekupfirira vakauya nenhungo nembariro nemakavi ekupfiririsa imba. Pakaitwa chipata-pata zvokuti pasina mazuva imba yekubikira nehosi zvakange zvapfirirwa nehama neshamwari. Kereke dzaive munharaunda umu dzakauyawo nerubatsiro.

Mushure mesvondo nhatu mhuri yaTogarepi yakange yogara mudzimba itsva. Murume paakazobva kwaaive kubasa rekuvhotesa, akauya ndokutenga mibhedha yokuisa muhozi, munhanga uye mugota. Achiona rubatsiro rwaainge apiwa nevanhu, Togarepi akaronga kuti sabhuku vaunganidze vanhu vese vedunhu kuti akwanise kupa mashoko ake ekutenda. Sabhuku vakaunganidza vanhu Togarepi akakwanisa kutenda zvakadzama rubatsiro rwaainge apiwa. Pazuva iri pakazouyawo nhume kubva kusangano re*Environmental Management Agency* iyo yakazowedzera kudzidzisa veruzhinji kuti vasatanga moto yesango munguva yechirimo sezvo ichiparadza nharaunda. Iri izuva rakazofadza munhu wese.

Nzwisiso

1. Ko, mukadzi waTogarepi aiera chii? (1)
2. Ndeipi tsumo inoenderana nezvakaitika munyaya iyi? (2)
3. Sokuona kwako chii chaifanira kuitwa nemudzimai waTogarepi kuti moto usapisa dzimba?(1)
4. Nyora zvinhu zviviri zvakaitwa nemudzimai waTogarepi kuchenesa musha. (2)
5. Doma zvinhu zviviri zvakashandiswa kudzimura moto pamusha wavaTogarepi (2)
6. Dzimba dzakaparadzwa nemoto pamusha paTogarepi ingani? (1)
7. Dudzira zvineveva zvirungamutauro zvinotevera:
 - (a) dai ndakaziva haitungamiri (2)
 - (b) kubata jongwe muromo (2)
 - (c) akazhamba sechana (2)
8. Ndezvipi zvikwata zvakabatsira kugadzirisa musha waTogarepi? (3)
9. Ndeipi dzidziso yakapiwa nesangano reEMA pamusoro pokubatidza moto? (1)

10. Unofunga kuti musha waTogarepi wakatsva nguva ipi yegore? Tsigira pfungwa yako. (2)

11. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi ako asingapfuuri makumi mana[40] (10)

Tsvakurudzo

Ita tsvakurudzo yedzimwe njodzi dzinogona kuwira vanhu mumisha uye zvingaitwa kudzivirira njodzi idzi.

B

RONDEDZERO: Nzira yokurondedzera

Pane nzira dzine chitsama dzinogona kushandiswa kana munhu achinyora rondedzero. Nzira idzi dzinosanganisira kurondedzera, nhemeramuvhu, micherechedzo, nhongorerashure, nhongoreramberi uye mifananidzo. Muchikamu chino tichakurukura pamusoro penzira yekurondedzera.

Nzira yokurondedzera inonyanyoshandiswa mumhando yerondedzero yetsanangudzo. Mhando iyi yemanyorero ine hwaro hwayo muruzivo rwengano. Nzira iyi yemanyorero inonyatsojekeswa kana munyori achinyora achiita seari kurondedzera sezviya zvinoita sarungano achitaurira vateereri ngano.

Heunoi muenzaniso werondedzero nepapfupi yakanyorwa pachishandiswa nzira yemanyorero yokurondedzera

Pamusika weMbare takasimuka zvakanaka takananga kuZhombe kukisimusi. Tainge tafanofonera mbuya vaSarudzai kuti vasane kutigarira nengoro sezvo paive nechinhambo kubva pachiteshi pataidzikira kuenda kumba. Nhamo huru yakazotanga tava pakati perwendo apo mutyairi akatanga kumhanyisa dutavanhu mushure mekunge ahuchera pane rimwe bhizimusi. Zvaaimhanyisa dutavanhu kudai...

Basa rokuita

Uchishandisa nzira yemanyorero ekurondedzera nyora nyaya ine musoro wekuti Zuva randakapona nepaburi retsono.



C**ZVIRUNGAMUTAURO: Tsumo**

Kunze kwekugona kuzadzisa tsumo, mudzidzi anofanira kugonazve kupa dudziro yetsumo somuenzaniso;

Tsumo	Dudziro
Chako ndechako kuseva unosiya muto	Munhu wese anofanira kuvimba nechinhu chake
Kuziva mbuya huudzwa	Munhu anowana ruzivo pamusoro pechinhu mushure mekunge audzwa nevamwe

Basa rokuita

Dudzira tsumo dzinotevera

1. Rwizi ruzere haruedzwi negumbo. (2)
2. Mbeva zhinji hadzina marise. (2)
3. Dzvinyu kuzambira zuva huona bako. (2)
4. Chisi hachieri musi wacharimwa. (2)
5. Mapudzi anowira kusina hari. (2)
6. Aiva madziva ava mazambuko. (2)
7. Mombe pfuuri haipedzi uswa. (2)
8. Kure kwegava ndokusina mutsvubu. (2)
9. Nzombe huru yakabva mukurerwa. (2)
10. Apunyaira haashayi misodzi. (2)

**D****DUDZIRAMUTAURO: Mipanda yemazita****Mupanda 7**

Mupanda uyu unopinda mazita ane zvikashure zvinoti, **chi-** na **ch-** somuenzaniso, chikorobho

chana

chitoro

chengo

Mupanda 8

Mupanda uyu unopinda mazita ane zvivakashure zvinoti **zvi-**na **zv-**somuenzaniso,
 zvikorobho
 zvana
 zvitoro

Mupanda 9

Mupanda uyu une zvivakashure zvinoti, **N-/I-** somuenzaniso
 mbudzi
 nyoka
 hama
 pfambi
 mari

Mupanda 10

Mazita ari mumupanda uyu ane zvivakashure **dzi-** na **0-** somuenzaniso,
 dzimba
 mombe
 nyoka
 nhimbe

E**WEDZERERO: Izwifanana**

Izwi	Mamwe mazwi
gudo	bveni, mutiro, dede
dombo	ibwe, buwe

Basa rokuita

Ipa mazwifanana emazwi anotevera:

- (a) gonhi
- (b) mugwagwa
- (c) hwahwa
- (d) sora
- (e) hwiza
- (f) sanhu



CHIKAMU 7

7

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Dick Chingaira**
Kutsanangura nhoroondo ya Dick Chingaira.
- B. **Ronedzero: Tsamba yebasa**
Kutsanangura manyorerwo eronedzero yetsamba yebasa.
- C. **Zvirungamutauro: Madimikira**
Kupa dudziro yemadimikira.
- D. **Dudziramutauro: Mipanda yemazita**
Kutsanangura maumbirwo nemashandisirwo ezviratidzo.
- E. **Musambo: Kutambira vaenzi**
Kutsanangura tsika yokutambira vaenzi.
- F. **Wedzerero: Umba mazwi**
Kurodza pfungwa nemutambo wokuumba mazwi.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Dick Chingaira

Verenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo



Murume anonzi Dick Chingaira Makoni kana kuti Chinx aive mhare panyaya dzokuimba pamwe nekuita mitambo. Dick akazvarwa musi wa27 Gunyana

mugore ra 1955 kwa Rusape. Murume uyu akakura nyika yedu ye Zimbabwe payaive pasi peudzvanyiriri hwevasina mabvi. Panguva iyi, vatema vaishungurudzwa. Dick akakura achizviona uye zvichimudya moyo. Chainyanya kumurwadza kwaive kushaiswa mukana munyaya dzedzidzo nebudiriro kwevana vevatema nevachena.

Dick Chingaira akashanda muguta re *Salisbury* iro ravakunzi Harare. Mugore ra 1970, hondo yakange yovirima munyika ye Zimbabwe. Masoja e *Rhodesia* airwisana nevarwi verusununguko vaibva nepa Mozambique pamwe ne Zambia. Hondo yakatsviriridza Dick achishanda hake muguta re *Salisbury*. Akazongonzwa kwonzi musha wababa vake wakange wapiswa nemasoja e *Rhodesia* zvokusara wati mbo mbo mbo. Izvi zvakamudya moyo. Mushure maizvozvo, akabva arovera moyo padombo ndokuti chauya chauya akananga Mozambique kunobatana nevarwi verusununguko mugore ra 1975.

Ave munyika ye Mozambique pa Nyadzonya, zvakaonekwa kuti Dick aifarira zvekuimba kudzora ndangariro dzevakomana nevasikana vairwira rusununguko. Panguva dzemanheru, aitora gitare rake oimba dzimbo dzake dzemusambo we Chimurenga. Akabika nziyo dzakaita mukurumbira chose mugore ra 1979. Rumbo “Maruza imi” rwaive nekurudziro yekuti varwi vade kurwisa muvengi.

Nziyo dza Dick dzaipa shungu kune vechidiki kuti vanzwe kuda kuenda kuhondo. Vana vaive mumabhondingi wainzwa voti “ZANU ikaruza tose tiri kuenda kuhondo.” Vaive muzvikoro zvemaruya nemumadhorobha yanga yangova ngwecha-ngwecha kuti chauya chauya tinoenda tose ku Mozambique kana vakomana vakaruza. Dzimbo dza Dick dzakapa vanhu manyukunyuku ekufarira hondo pamwe nekuvaraidza varwi vehondo.

Vanhu vadzoka kubva kuhondo, Dick akaita mukurumbira wekubika nekutsikisa dzimbo dzemusambo we Chimurenga. Rumwe rumbo rwakaita mukurumbira ndi “Hondo yeminda” yakatsikiswa mugore ra 2000. Mukomana uyu aive nechipo chokwadi. Mapira ose aita kupemberera kuwana kuzvitonga kwe Zimbabwe nokurangarira magamba, vanhu vaimuona achiimba nokutandadza veruzhinji.

Senzira yokuremekedza basa rake rekuimba, Chinx akavakirwa imba yakanaka chose yakavhurwa nemudzimai wevaimbova mutungamiri wenyika amai Grace Mugabe mugore ra 2017. Paakazopihwa imba iyi Chinx ainge orwara. Zvinonzi nhowo haireri munhu, Chinx akazoshaika muna Gunyana 2017. Vanhu vazhinji vaive nemuono wekuti achaitwa gamba renyika asi hazvina kuzoitika saizvozvo. Hama neshamwari pamwe nevana uye madzimai ake maviri vakanomuviga

kuGlen Forest, asi hurumende yakabatsira parufu urwu akaitwa gamba redunhu.

Kuimba kana kutamba utori mushando chaiwo. Tinoona kuti vanhu vazhinji vakaona vana vavo voita zvevitambo kana kuimba vanofunga kuti vanenge voita zvisina maturo.

Nzwisiso

1. Dick Chingaira akazvarwa mugore ripi? (1)
2. Chii chakapa Dick chidokwadokwa chekuenda kuhondo? (1)
3. Doma nyika mbiri dzaibva varwi vehondo yerusununguko.(1)
4. Ndedzipi dzimbo mbiri dzaDick dzakaita mukurumbira? (2)
5. Dzimbo dzaDick dzaive nebasa guru kuvanhu vaidziteerera. Doma mabasa maviri ataurwa mundima. (2)
6. Ko, Dick akafa ava nemakore mangani? (1)
7. Nyora mazita evamwe vaimbi vatatu vaunoziva.(3)
8. Nemhaka yei vanhu vaifunga kuti Dick aifanira kuitwa gamba renyika?
9. Tsanangura zvinoreva zvirungamutauro zvinotevera:
 - (a) kurovera moyo padombo (2)
 - (b) mbo mbo mbo (2)
 - (c) nhowo haireri munhu (2)
10. Sokuona kwako kuimba ibasa rakakosha here? Tsigira pfungwa yako. (2)
11. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi ako asingapfuuri makumi mana [40] (10)

B

RONDEDZERO: Tsamba yebasa

Muzvikamu zvakapfuura takakurukura pamusoro petsamba kuhama kana shamwari. Muchikamu chino tichaongorora zvinotarisirwa pakunyora rondedzero yetsamba yebasa padanho rino.

1. Kero yemunyori ndiyo inotanga kunyorwa.
2. Zuva, mwedzi negore ranyorwa tsamba zvinofanira kunyorwa zvakazara.
3. Mudzidzi anotarisirwa kunyora kero yekunenge kuchienda tsamba.
4. Kwaziso kana kuti kumikidzo ndiyo inotevera somuenzaniso; Vadiwa Changamire

5. Chinangwa chetsamba chinogona kunyorwa.
6. Zvimwe zvikamu zvose zvinochitevera zvichivandudza kuumbwa kwemutumbi werondedzero.
7. Mhedziso yetsamba ndiyo inopendera tsamba ichibudisa pfungwa huru dzasimudzwa.
8. Mudzidzi anopedzisira nekunyora zita rake uye remhuri, somuenzaniso
Ndini wenyu anovimbika

Vimbai Matambanadzo

Heunoi muenzaniso wemubvunzo nemhinduro

Mubvunzo

Nyora tsamba kumukuru wechikoro chaunodzidza uchimupa mazano okuti angasimudzire sei chikoro chenyu.

Mhinduro

House No. 1265
Nhengure Close
Chipinge

17 Zvita 2018

Mukuru wechikoro
Musvinzi Secondary School
Private Bag 150
Chipinge

Vadiwa mukuru wechikoro

Ndanyora tsamba yangu nechinangwa chekuti ndigoverane nemi mamwe emazano andinofunga kuti anobatsira kusimudzira chikoro chedu cheMusvinzi Secondary mudunhu reChipinge.

Kuti chikoro chedu chipunduke danho randinofunga kuti rinofanira kutanga kutorwa kuvakwa kwedzimba dzokudzidzira. Dzimba dzokudzidzira dziripo dzave tsaru uye dzazarisa nokuti uwandu hwevadzidzi huri kuramba huchiwedzera gore negore. Dzimba dzokudzidzira dzinogona kuvakwa nemari shomane chaiyo. Izvi zvinogoneka kana mukadaidzira musangano kuti mukurukure nevabereki zano renyu rekuwedzera dzimba dzekudzidzira. Mumusangano uyu nyengetedzai

vabereki vaunze jecha rekuvakisa, zvidhina nezvimwewo zvinobatsira zviru munharaunda yeMusvinzi.

Mari shoma yamunowana kubva kuhomwe inobhadharwa nevadzidzi ngaishandiswe kutenga simende chete. Vanhu vanovaka ngavave vabereki vaye vane zvikwereti kuchikoro. Izvi zvinobatsira kuti chikoro chisarambe chichibudisa mari iyo imwe mari iri kuvabereki muzvikwereti.

Rimwe zano rinogona kubetsera chikoro chedu kuti chisimukire kuita mapurojekiti anobereka mari. Chikoro chedu chine mhanza yakanaka nokuti pane matanga aisimboshandiswa kupfuya nguruve nehuku. Ndinofunga kuti pakatangwa zvirongwa zvekuchengeta nguruve nehuku chikoro chedu chinowana mari iyo inozobetsera kuti chisimukire.

Mune zvemitambo Musvinzi iri kuramba ichisaririra semuswe nokuti kazhinji kana mitambo ikaitirwa kune zvimwe zvikoro vadzidzi vepachikoro chenyu vanowananzofamba netsoka nzendo refu kuenda kumitambo. Pamusoro pazvo, hatinawo mayunifomu ebhora akanaka izvo zvinoita kuti vana vatambe nemarengeny. Kusashambidzika uku kunoita kuti vanyare pane vamwe votadza kunyatsotamba zvakanaka. Kana zvichigoneka edzaiwo kutsvaga kamuchovha kekutakura vadzidzi kana mitambo iri chinambwe chiri kure. Edzai zvakare kutsvaga rubatsiro kuvanhu vemunharaunda kana vemabhizinisi rwemayunifomu ebhora.

Kudzidza kwemazuva ano kwati siyanei nekare nokuti kwave kubetseredzwa nemakombiyuta. Kuti chikoro chedu chibudirire zvakanakosha kuti muite hurongwa hwekutenga mishina yemakombiyuta kana gumi chaiyo uye nemasaisai eindaneti. Izvi zvinobetsera kusimudzira chikoro chedu nokuti vadzidzi vachawana ruzivo paindaneti. Kuve nemichina mishoma iyoyo kuchabetsera i nokuti chidiki chirera muviri chikuru chinouya wakura.

Kuti chikoro chenyu chibudirire panofanirwa kuitwa hurongwa hwekuchikomberedza newaya. Kana chikoro chichinge chakomberedzwa zvichabetsera kuti hurongwa hwekurima hubudirire. Upfumi uye mari zhinji iri muvhu saka mabasa okurima anofanirwa kutsigirwa nokupoterredza nzvimbo inoda kurimwa kuti zvirimwa zvisapedzwe nezvipfuyo uye mhuka dzesango dzakadai senguruve nemakudo.

Ndinovimba mazano andapa achabetsera chikoro zvikuru kana mukaatambira

Ndini wenyu akavimbika

Basa rokuita

Nyora tsamba kumukuru wesangano rinobatsira vanoshaya uchiripa mazano okuderedza nhamo dzakatarisana nenherera mudunhu menyu.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Madimikira

Madimikira anofambisa mashoko nenzira yakavanzika nokudaro anofanira kududzirwa kuti zvakavanzika zvaanoreva zvibude pachena somuenzaniso;

Dimikira	Dudziro
Kuteya nzeve	Kunyatsoteerera
Kuseura gotsi	Kunyeya munhu

Basa rokuita

Ipa dudziro yemadimikira anotevera

Dimikira	Dudziro
1. Kutsenga mvura	
2. Kubata kumeso	
3. Kumira negumbo rimwe	
4. Kukanda shoko	
5. Kudya magaka mambishi	
6. Kubereka tsoka	
7. Kudzika midzi	
8. Kuisa maoko	
9. Kushaya mbereko	
10. Kuzvisikira moto muziso	



D**DUDZIRAMUTAURO: Mipanda yemazita****Mupanda 11**

Mazita anopinda uyu ane zvivakashure zvinoti, **ru-**/ na **rw-**/ somuenzaniso,
ruoko
rukadzi
rwenga
rwizi

Mupanda 12

Mupanda uyu unopinda mazita ane chivashure ka- somuenzaniso,
kamwana
kachitoto
kamba
kamunda

Mupanda 13

Mazita emupanda uyu ane zvivakashure zvinoti **tu-** **natw-/ti-**
tuvarume
tumbeu
twana
tumbwa
Tisikana (korekore)

E**MUSAMBO: Kutambira vaenzi**

Musha woga woga ungava wemuruzevha kana mudhorobha unoshanyirwa nehama neshamwari. Pasichigare zvaitoshoresa kana mumusha menyu musingashanyirwi nevanhu. Muchikamu chino tinoda kukurukura pamusoro pemutauro nemaitiro zvinoshandiswa kana munhu achitambira vaenzi.

- Kana vaenzi vachisvika muchivanze vanofanira kugamuchirwa vasati vapinda mumba.
- Unofanira kuvakwazisa zvine rukudzo nemufaro. Hazvitenderwi kutambira vaenzi wakaisa muromo mumhino.
- Kana vaenzi vaine mitundu yavakatakura unofanirwa kuvatakurira woendesa mumba.
- Mushure mekutambira vaenzi pinda navo mumba kuti mundobvunzana mufaro makagara pasi. Chiratidzo chekushaya hunhu kubvunza vaenzi mufaro wakamira.
- Kazhinji vaenzi vanenge vabva rwendo rurefu nokudaro vanenge vave nenzara. Edza kupa vaenzi chekudya kana chekunwa.

Chenjedzo

Mazuva ano kwava nembavha dzinouya dzichinyepa kuti vaenzi. Padzinotambirwa nokupinzwa mumba dzinobva dzawana mukana wokuona mabiro adzingaita. Zvichakadaro, vechidiki vanokurudzirwa kuti vasangomhanyira kupinza vanhu vavasingazivi mumba.

Basa rokuita

1. Chii chaishoresa musha pasichigare? (1)
2. Ndezvipi zvinhu zviviri zvinofanira kuitwa kana munhu achitambira vaenzi? (2)
3. Zvinorevei kuti kuisa muromo mumhino? (2)
4. Sei vaenzi vachifanirwa kupiwa chikafu? (1)



Edzesero

Edzeserai tsika yekutambira vaenzi muri mumapoka.

F**WEDZERERO: Umba mazwi**

Umbamanzwi ndeimwe yenzira dzinoshandiswa kurodza pfungwa dzemudzidzi. Mudzidzi anofanira kuumba mazwi ane chitsama kubva pamavara anenge akapiwa. Manzwi ose anoumbwa anofanira kusanganisira vara rinenge radomwa.

S	O	A
H	R	E
Z	P	G

Basa rokuita

Umba mazwi eChiShona chete uchishandisa mavara aphiwa patebhuru iri pamusoro. Izwi roga roga rinofanira kuva nevara(**R**) mukati uye rine mavara mana zvichienda mberi. Vara roga roga rinofanira kushanda kamwe chete paizwi roga roga somuenzaniso; **shopera**. Ukawana mashanu waedza, ukawana gumi wagona, ukawana anopfura gumi uri nyanzvi.



CHIKAMU 8

8

Zvinangwa zvechikamu

A. Nzwisiso nepfupiso: Nhau

Kujekesa maverengerwo uye pfungwa dzinobuda munhau.

B. Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi

Kuzadzisa ndima nenyaudzosingwi.

C. Dudziramutauro: Mipanda yemazita

Kutsanangura mipanda yemazita.

D. Wedzerero: Mazitadunhurirwa


Kutsanangura zvinoreva mazitadunhurirwa



A

A.NZWISISO NEPFUPISO: Nhau

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Manheru akanaka vateereri. Hedzinoyi nhau dzichiverengwa naTakudzwa Chekenyere. Ngatitarisei misoro yenhau dzanhasi:

- Hurumende inoti yava kukunda hondo yokurwisana nechirwere chekorera.
- Gurukota reDzidzo yePuraimari neSekondari rinoti hurumende

yakazvipira kubatsira zvikoro maringe nekuwaniswa zvinodikanwa pabumbiro redzidzo rakavandudzwa.

- Makambani anosona mbatya orumbidza hurumende nekubatsira mukurimwa kwedonje.
- Mune zvetsika nemagariro, chikoro cheGoba Primary chekuMasvingo chosimudza mukombe weJikinya *Dance Festival*.
- Mumitambo, chikwata chenhabvu che*Black Arrows* chovimbisa kurakasha chikwata cheEast Rovers mumutambo uriko musi weSvondo.

Totarisa nhau dzedu zvizere. Hurumende inoti yava pedo nokupedza dambudziko rechirwere chekorera icho chauraya vanhu vanosvika makumi maviri muHarare pari zvino. Izvi zvinotevera kushanda pamwe chete kwehurumende nemasangano akasiyana-siyana mukurwisa dambudziko iri. Vachitaura nemutapi wedu wenhau weZBC, mukuru pachipatara cheGlenview Mai Manatsa vanoti vari kufara nokuti nyaya dzokupararira kwechirwere ichi munzvimbo dzaderera. Vanotsinhira vachiti varwere vazhinji vanga vachirapwa pachipatara ichi vabudiswa kuenda kudzimba mushure mekunge vava kunzwa zvakanaka.

Gurukota reDzidzo yePuraimari neSekondari rinoti hurumende yakazvipira kubatsira zvikoro zvizhinji nezvinodikanwa kuti bumbiro redzidzo rakavandudzwa ribudirire. Vachitaura pamusangano wokupiwa kwemabhuku muzvikoro muzvinafundo, VaMavhima vakurudzira zvikoro zvose kukoshesa bumbiro rakavandudzwa sezvo hurumende ichaita zvose zvainogona kuti ibatsire zvikoro.

Munhau dzemabhizimusi, makambani anosona mbatya arumbidza danho ratorwa nehurumende rekubatsira varimi vedonje munyika. Chirongwa chatanga nehurumende chokupa varimi zvokurimisa zvakadai sembeu, mafeteraiza nemishonga chichabatsira zvikuru pakuvandudzwa goho redonje izvo zvichasimudzira mabasa emakambani anosona mbatya munyika.

Kune tsaona yaitika mumugwagwa unobatanidza guta reHarare neMasvingo yauraya vanhu vatatu nekukuvadza vamwe vakawanda. Tsaona iyi yaitika mushure mekuroverana kwemotokari diki nekombi. Vataura vakamirira mapurisa vanoti tsaona iyi yaitika munguva dzemasikati zvichitevera kumhanyisa motokari kwakapfurikidza mwero kwanga kuchitwa nemutyairi wekombi. Vati mutyairi uyu anga achida kupindira imwe motokari asina kunyatsoona kuti mberi kwakadii izvo zvazoita kuti tsaona iitike. Zvichakadaro veruzhinji vanoyambirwa kutevedzera mitemo yemumigwagwa kuitira kuchengetedza upenyu.

Munhau dzetsika nemagariro, chikoro cheGoba Primary chekuMasvingo chasimudza mukombe wemakwikwi eJikinya *Dance festival* anga achiitirwa muguta reBulawayo. Chikoro ichi change chichikwikwidzana nezvimwe zvikoro zvipfumbamwe kubva kumatunhu ose emuZimbabwe. Zvikoro izvi ndezvinoti; ZRP Support cheHarare, Gaza cheManicaland, Chipundura cheMashonaland Central, St Joseph cheMashonaland East, Manyame cheMashonaland West, Mbimba cheMatebeleland South neChiedza cheMidlands. Mudzidzisi wechikoro cheGoba vaGunda vanoti vanofara zvikuru nekukunda kwevana vavo uye vanoshuvira kuti makwikwi aya acharamba achiitwa sezvo iri nzira yokukoshesa tsika nemagariro eVaShona.

Tichitarisa nhau dzemitambo, chikwata chenhabvu cheBlack Arrows chinoti chagadzirira zvizere kutatsurana nechikwata cheEast Rovers nemusi weSvondo. Mukuru wechikwata ichi VaMadamombe vanoti vaita gadziriro dzakakwana uye vanotarisa kukunda mumutambo uyu.

Uku ndiko kupera kwenhau dzino.

Nzwisiso

1. Nhau idzi dzaiverengwa na ani? (1)
2. Chii chakaita kuti hurumende ikunde mukurwisa nechirwere chekorera? (1)
3. Chii chiri kuda kuitwa nehurumende kuvandudza chikamu chedzidzo? (2)
4. Sei makambani anosona mbatya arumbidza kubatsirwa kwevarimi vedonje nehurumende? (2)
5. Hurumende yakabatsira varimi vedonje nenzira dzipi? Ipa mbiri.(2)
6. Chii chakakonzero tsaona yataurwa mundima? (1)
7. Kunze kwechikonzero chawanyora pamusoro ndezvipi zvimwe zvinokonzero tsaona. Ipa zviviri. (2)
8. Sokufunga kwako zvii zvingaitwa kuderedza njodzi dzemumigwagwa. Ipa zviviri.(2)
9. Chii chakakoshera mitambo yepasichigare? (1)
10. Nyora pfupiso yenhau idzi nemazwi asingapfuuri makumi mana[40] (10)

B**ZVIRUNGAMUTAURO: Nyaudzosingwi**

Nyaudzosingwi dzinogona kushandiswa kuzadzisa pakashama mundima.

Basa rokuita

Zadzisa pakashama muchindima chinotevera uchishandisa nyaudzosingwi dzakapiwa.

kanha pfocho pfiku pfiku kata wetsu hutu tande
pfacha baa rabada kwetsu rukutu tande tuzu
zii pwati dhugu toro

Fiona paakanzi mbama..... nematsotsi akaiti
mhere.....ndiye kutiza akananga kumba.
Mai vake pavakamuti..... Vakati.....nazvo.

Pavakamubvunza zvainge zvaitika akaramba
akati.....Hanzvadzi yake Tinotenda payakamuona
achitikuchema yakatikuseka
ndiye.....kubuda mumba..... yakananga kudanga
remombe. (10)

**C****DUDZIRAMUTAURO: Mipanda yemazita****Mupanda 14**

Mazita emupanda uyu ane zvivakashure zvinoti, **u- /hw-** somuenzaniso;

uta
upenyu
hwanyanza
hwahwa
hupfu

Mupanda 15

Mazita ari mumupanda uyu zviito uye ane chivakashure **ku-**

kudya
kufamba
kurara

kumuka
kuseka

Mupanda 16

Mazita ari mumupanda uyu anoratidza nzvimbo uye ane chivakashure pa-somuenzaniso;

pachitofu
pakereke
paDanhiko
pachiteshi
padanga

D

WEDZERERO: Mazitadunhurirwa

Vakuru vedu vakare vaiwe netsika yekupa vanhu mazita anoenderana nehunhu kana zvimiro zvavo. Mazita aya anonzi mazitadunhurirwa nokuti anonyatsoenderana nezvimiro uye maitiro evanhu.

Heanoi mamwe emazitadunhurirwa uye zvaanoreva;

Zitadunhurirwa	Zvarinoreva
Chipavhurire	Munhu anopa asingasarudzi
Chandagwinyira	Munhu ane nharo
Musiyadzasukwa	Munhu anodisa doro

Basa rokuita

Tsanangura zvinoreva mazitadunhurirwa anotevera:

- (a) Mugaradzakasungwa
- (b) Pedonevhu
- (c) Mushambarichakwata
- (d) Gumbomutsvairo
- (e) Simukandikupwatse
- (f) Chegotsi
- (g) Bvanyangu



CHIKAMU 9

9

Zvinangwa zvechikamu


- A. **Nzwisiso nepfupiso: Apunyaira haashayi misodzi**
Kutsanangura mabasa epundutso epazvikoro.
- B. **Ronedzero: Izwi rimwe**
Kutsanangura manyorerwo eronedzero yeizwi rimwe.
- C. **Zvirungamutauro: Fananidzo**
Kuumba zvirevo uchishandisa fananidzo.
- D. **Dudziramutauro: Mipanda yemazita**
Kutsanangura mipanda yemazita.
- E. **Musambo: Mutauro wokukwazisa**
Kutsanangura musambo womutauro wokukwazisa.
- F. **Wedzerero: Mwaka yegore**
Kutsanangura mwaka yegore.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Apunyaira haashayi misodzi

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Chikoro cheChinyauhvera chakaita rombo rakanaka kuva chimwe chezvikoro zvakawana rubatsiro kubva kusangano rinobatsira nekupa rutsigiro kuvana vechikoro re*Care and Support for Teaching and learning* mudunhu reManicaland. Chikoro ichi chakasarudzwa kuti chipiwe rubatsiro rwemari inosvika zvuru zviviri zvemadhora (\$2000).

Vachiona rubatsiro urwu vakuru vechikoro pamwe nevabereki vakatenda zvikuru nokuti vakaziva kuti rubatsiro urwu rwaizoshandura chimiro chechikoro chose. Musangano wemashandisirwo emari iyi wakaitwa nechinangwa chokutsvaka mhando yebhizimusi rokuita senzira yokuti mari iyi irambe ichiwedzera. Vabereki nevadzidzisi vaiva nepfungwa dzakasiyana pamusoro pezvingaitwa nemari iyi. Vamwe vaiti chikoro ngachipfuye huku dzenyama nedzemazai. Vamwewo vaiti ngaparimwe muriwo nemadomasi. Vamwe vaida kuti chikoro chitenge chigayo.

Mushure mekuonesana, vanhu vakazotenderana kuti vaite chirongwa chokupfuya nguruve mushure mekutarisa kuti dzaizova nyore kupfuya sezvo chikoro chaiva nebindu rinowanisa nguruve idzi chikafu chakakwana. Basa iri rakabva raiswa mumaoko emudzidzisi wezvekurima pamwe nevadzidzi vose vechidzidzo ichi. Sezvo zvichinzi chinono chinengwe bere rakadya richifamba, hapana kuzopera nguva danga renguruve rainge ratovapo.

Nguruve dzakandotengwa dzikatanga kuchengetwa. Vadzidzi vechidzidzo chokurima vakafara zvikuru pavakaona nguruve dzichisvika pachikoro. Mazuva okutanga vadzidzi vefomu yokutanga vainakidzwa nokupa nguruve idzi chikafu zvokuti pamwe pachochi vaiita kunge vachawedzera nguva yechidzidzo chezvokurima. Nguruve idzi dzaipiwa chikafu chakasiyana-siyana kusanganisira miriwo, chibage nechimwe chokutengera.

Sezvo nguruve idzi dzainge dzatengwa dzakura, hadzina kunonoka kubereka. Kubereka kwadzakaita kwakaunza mufaro kuvadzidzisi, vadzidzi nevabereki. Zvakava pachena kuti chirongwa ichi chainge chabudirira. Nguruve idzi dzakasvika pakutengeswa mari ichipinda muhomwe yechikoro. Nharaunda yose yainge yotoziva kuti nguruve dzinowanikwa paChinyauhvera. Ngatitarisei huwandu hwemari yakawanikwa mukutengeswa nguruve kubva mugore ra2014.



Mari yechirongwa ichi yaishandiswa zvinhu zvakasiyana-siyana zvinosimudzira upenyu hwevana vanoshaya kuburikidza nokuvabhadharira mari yechikoro nekuita mamwe mabasa ebudiriro pachikoro. Sangano reCSTL rakafara zvakanyanya parakashanyira chikoro cheChinyauhvera rikazvionera rega kuti vadzidzisi nevadzidzi vepachikoro ichi vainge vasina kugarira maoko. Chirongwa chokupfuya nguruve ichi chakava chidadiso mudunhu rese. Kurudziro yakapiwa nesangano reCSTL ndeyokuti chirongwa ichi chaifanira kuramba chichienderera mberi. Vakakurudzirawo kuti nekufamba kwenguva chikoro chaizofanirwa kuona kuti mari inobva muchirongwa ichi yatanga zvimwewo zvirongwa zvebudiriro pachikoro.

Nzwisiso

1. Nyora \$750 nemazwi eChiShona. (1)
2. Chinangwa chesangano reCSTL ndechei? (1)
3. Chii chakaita kuti kuchengetwa kwenguruve kuve nyore? (1)
4. Ndezvipi zvimwe zvirongwa zvebudiriro zviviri zvainge zvafungwa nevanhu vaiva mumusangano?(2)
5. Nemhaka yei vanhu vepaChinyauhvera vakafunga kuita bhizimusi renguruve pachinzvimbo chekushandisa mari yavakapiwa kutenga mabhuku? (2)
6. Tsanangura zvinoreva zvirungamutauro zvinotevera sekushandiswa kwazvakaitwa mundima:
 - (a) Kuita rombo rakanaka.(2)

- (b) Kugara maoko (2)
 (c) Chinono chinengwe bere rakadya richifamba.(2)
7. Nderipi gore rakawanikwa mari shoma pamakore ose akapiwa? (1)
 8. Unofunga kuti sei mari yakawanikwa muna2014 iri shoma kupfuura yakawanikwa muna2016? (2)
 9. Kunze kwezvataurwa mundima, ndezvipi zvimwe zvirongwa zvebudiro zvinogona kuitwa pachikoro. Doma zviviri.(2)
 10. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi ako asingapfuuri makumi mana [40] (10)

B

RONDEDZERO: Rondedzero ine musoro weizwi rimwe

Imwe mhando yerondedzero yepadanho rino irondedzero ine musoro we izwi rimwe, somuenzaniso;

Hurema
 Urombo
 Umbimbindoga
 Mafaro

Zvinotarisirwa pamhando yerondedzero iyi

- a) Munhanganyaya yake mudzidzi anosungirwa kupa tsananguro yekuti izwi raapihwa rinorevei. Ngatitorei somuenzaniso izwi rokuti mafashama, mudzidzi anogona kuritsanangura sedambudziko rinowira vanhu mushure mekunga mvura yawandisa zvekunopinda munzvimbo dzinogara vanhu ichinyudza vanhu, zvirimwa, zvipfuyo nemidziyo.
- b) Mudzidzi anosungirwazve kubudisa mativi ose anobatsira kujekesa izwi rinenge rapiw, somuenzaniso paizwi rokuti urombo unokwanisa kutsanangura mativi anotevera;

-chii chinonzi urombo?
 - urombo hunokonzerwa nei?

Mhando dzeurombo
 -urombo hunokonzera nhamo dzipi?
 -urombo hunopedzwa sei?.

Heunoi muenzaniso wemhinduro ingapihwe pamusoro perondedzero yeizwi rimwe yakanzi Uroja;

Uroja kugara pamba pasiri pako uchibhadhara mari pakupera kwemwedzi umwe neumwe. Huroja hwakanyanyotekeshera mumaguta makuru akaita seHarare, Mutare neBulawayo nemamwewo. Huroja hunokonzerwa nezvinhu zvine chitsama zvakadai sekutamiswa nebasa kana hurombo.

Nguva zhinji huroja hunonyanyokonzerwa nehurombo. Vagari vazhinji vemumadhorobha ndivanaMushayagushe nokudaro havana mari inokwana kutenga ivhu rekuvakisa nezvekuvakisa. Hurombo huri kuramba hwakasunga vazhinji mbira dzakondo voramba vari maroja.

Kufamba kwevanhu vazhinji vachibva mumaruwa vachienda mumadhorobha kuri kukonzera huroja. Kuwandisa kwevanhu mumadhorobha kwave kusakisa kuti pekugara pashomeke sezvo vazhinji vasingagone kuzvivakira dzimba dzavo.

Humwe huroja hunokonzerwazve nekutamiswa kwevanhu mumabasa somuenzaniso munhu ane imba yake muHarare anogona kutamiswa nebasa anoshandira kwaMutare. Kana atamiswa kudai hazvisi nyore kuti angosvika nekuvaka imwe imba sezvo zvichidhura. Kana zvadai munhu iyeye anotomanikidzwa kupinda muuhuroja.

Huroja hwakanakira kuti vose vane dzimba vanowana chouviri kubva mudzimba dzavo. Kune vaye vasina dzimba, uroja hwakanaka nokuti vanowanawo pekugara. Chembere neharahwa dzisisina vana vadzinogara nadzo dzinogona kufarirawo huroja sezvo dzichizowana vanhu vanodzitandadza apo mhuri dzavo dzichinge dzaenda kumarimuka kunokwasha.

Nyangwe hwakanaka hawo huroja hunokonzerawo matambudziko kuvaroji nekuvarojerwi. Kazhinji maroja vanoshungurudzwa naanamuzvinaimba izvo zvinoita kuti mhuri dzavo dzigare dzisina kusununguka. Kazhinji roja rinorambidzwa kuridza wairesi zvakanyanya uye vane ndumure dzinorambidzwa kuti dzifambe pamadiro zvichinzi dzinosvibisa pamba.

Varidzi vedzimba vanosanganawo nematambudziko rekuaparadzirwa dzimba kana roja risina hunhu uye utsanana. Madziro anogona kuzadzwa hutsi kana kunyorwanyorwa uye mapombi emvura achitsemurwa opedzisira ongorasa mvura. Mafafutera anogonawo kuputswa.

Huroja hunogona kupedzwa nokuita mushandirapamwe yekuvakirana dzimba. Hurumende inofanirwa kutorawo hurongwa hwekuwanisa varombo dzimba nemitengo yakaderera. Izvi zvakamboitika pahurongwa hweGarikai/ *Hlalani kuhle*.

Basa rokuita

Nyora rondedzero ine musoro wekuti nzara.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Fananidzo

Fananidzo dzinogona kuumbwa pachishandiswa manzwi anenge akapihwa, somuenzaniso pamanzwi anoti **sesimbe** kana **sechibage**, mudzidzi anogona kuumba fananidzo dzinotevera:

- (a) Nyarai naFarai vakavengana **sesimbe** nebadza
- (b) Jaya rake rakasimba **sechibage** chepachuru

Basa rokuita

Umba zvirevo uchishandisa fananidzo dzinotevera:

1. sekamba
2. sechapungu
3. senyoka
4. segoridhe
5. setsito
6. segavakava
7. sekatsuro
8. seshumba
9. sedombo
10. setsubvu



D**DUDZIRAMUTAURO: Mipanda yemazita****Mupanda 17**

Mazita emupanda uyu zviratidzanzvimbo zvine chivakashure ku-somuenzaniso,

kudhorobha

kudoro

kudhiha

kumadokero

kumunda

kudare

Mupanda 17 a

Mazita ari mumupanda uyu zviratidzanzvimbo zvine chivakashure chisingaoneki nokudaro chinomiririrwa na? - somuenzaniso,

mberi

zasi

seri

mhiri

shure

Mupanda 18

Mazita emupanda uyu ane chivakashure mu- uye anoratidza nzvimbo yemukati mechinhu somuenzaniso,

mumunda

muhofisi

mumusha

mudura

mumukanwa

Mupanda 19

Mazita ari mumupanda uyu une zvivakashure zvinoti, svi- nasv- somuenzaniso,

svirume

svana

svinyama

svimbwa

Mupanda 21

Mazita emupanda uyu ane chivakashure zi- somuenzaniso;

zigate

zigomo

zidanda

zigungano

zigomana

Basa rokuita

1. Taridza kuti mipanda inotevera inopinda mazita emhando ipi?

(a) 1

(b) 3

(c) 15

(d) 16, 17, 17a ne18. (10)

2. Nyora zvivakashure nemadzitsi emazita anotevera

mudzidzisi

bako

shiri

chigayo

motokari

varume

mhiri

zibenzi

kutaura

hwema

mapadza

(10)



E**MUSAMBO: Mutauro wokukwazisa**

Mutauro unoshandiswa pakukwazisana unoenderana nezera revanhu vari kukwazisana, nzvimbo yavari kukwazisirana uye ukama huri pakati pavo. Kana munhu achikwazisa munhu mukuru kwaari semubereki, mukuru wepabasa, mudzidzisi kana mufundisi anofanira kukwazisa nerukudzo.

Heunoi muenzaniso wehurukuro yevanhu vachishandisa mutauro wekukwazisa;

Muenzaniso A

Varaidzo: Masikati mudzidzisi maswera sei?

Mudzidzisi: Masikati Varaidzo. Taswera kana waswerawo. Ko, mava kuenda kumba matopedza here kuchenesa dzimba dzenyu dzokudzidzira?

Varaidzo: Hongu tachenesa mudzidzisi. Tatosiya taronga mabhenji.

Mudzidzisi: Zvakanakai maita basa.

Muenzaniso B

Anesu: Ko ndeipi Nyenyasha?

Nyenyasha: Hapana apa Ane. Uri sei hako?

Anesu: Ndizvowo. Toenda here nhasi kundoverenga?

Nyenyasha: Nhasi ngatimbozorora wena. Toenda kuswera mangwana. Hazvidi pikerere.

Pamuenzaniso A taona kuti Varaidzo akwazisana nemudzidzisi zvine rukudzo nokuti anga achitaura nemunhu mukuru waanoremekedza. Pamuenzaniso B taona kuti Anesu naNenyasha ndvezera rimwe chete, ishamwari neshamwari saka vashandisa mutauro usina ruremekedzo pakukwazisana.

Basa rokuita

1. Ndezvipi zvinhu zvitatu zvinosiyana makwazisirane anoita vanhu? (3)
2. Kana munhu achikwazisa munhu mukuru kwaari anofanira kuita sei? (2)
3. Ko, Varaidzo ungamuti mwana ane hunhu here? Sei uchidaro? (2)



Edzesero

Itai edzesero yokukwazisana muchiratidza mazera neukama hwakasiyana-siyana.

F

WEDZERERO: Mwaka yegore

Nyika yedu yeZimbabwe inowanikwa kuchamhembe kweAfrica. Mamiroro ekunze enyika yedu anoshanduka zvichienderana nemwaka wegore. Munyika medu mune mwaka yegore inoti zhizha, matsutso, chando nechirimo. Mwaka umwe neumwe une mabasa nezviitiko zvinonyanya kuitwamo. Muchikamu chino tichaongorora mwaka yese yegore uye zviitiko zviru mairi.

Zhizha

Zhizha ndiwo mwaka wegore unonaya mvura zhinji. Mwaka uyu unotanga muna Mbudzi uchinopera muna Kurume. Mumwaka uyu michero mizhinji yemusango inoibva yakaita semaroro, nhengeni netsombori. Mabasa emuzhizha anosanganisira kurima, kusakura, kufudza mombe nemamwe.

Matsutso

Matsutso mwaka wegore unotevedzana nezhezha. Kune dzimwe nzvimbo mwaka wematsutso unowana mvura shoma. Mumatsutso mbesa dzinokasira kuibva dzinenge dzodyiwa dzimwe dzave kukohwewa.

Chando

Mwaka wechando unowanikwa muna Chivabvu, Chikumi naChikunguru .Uyu ndiwo mwaka wegore unotonhoresa zvakanyanya. Miti mizhinji inodonha mashizha muchando. Mabasa emuchando anosanganisira kukohwa zvirimwa, kuchokonyora chibage, kuponda zviyo nenyemba nemhunga, kuisa zvirimwa mumatura nezvimwe.

Chirimo

Chirimo ndiwo mwaka une mabasa mashoma kana zvichienzaniswa neimwe mwaka yose yegore. Mumwaka uyu hamunyanyonaya mvura. Mvura inotanga kunaya pakupera kwemwaka uyu inonzi bumharutsva. Kunaya kwebumharutsva kunozivisa vanhu kuti chirimo chapera zhizha rasvika. Muchirimo munoitwa mitambo mizhinji yechivanhu yakadai sekurova makuva.

Zvakakosha padanho rino kuti mudzidzi azive kuti pave neshanduko yavepo mumwaka yegore. Shanduko iyi iri kunyanyokonzerwa nekushanduka kwemamiriro ekunze. Kupisa kwepasi kuri kuramba kuchiwedzera vanhu vachigochwa murufuse uye mvura haichanyatsonaya. Izvi zvaita kuti pave neshanduko yepanotangira nekuperera mwaka.

Tsvakurudzo

Muri muzvikwata itai tsvakurudzo yemamwe mabasa anoitwa mumwaka yegore yakasiyana- siyana.

CHIKAMU 10

10

BVUNZO DZEPAKATI PEGORE



CHISHONA PAPER 1

CHIKAMU 1: RONDEDZERO (30)

1. Sarudza musoro **mumwe chete** pane inotevera ugonyora rondedzero ine mapeji maviri.
 - (a) Musi wandakatadza kufema nekugutisa.
 - (b) Nyora rondedzero inotsanangura tsumo inoti, "Rume rimwe harikombi churu."
 - (c) Kukosha kwenharembosha.
 - (d) Nyora rondedzero inopedzisira nemashoko anoti, "Ndakazoudzwa ndabva zera kuti havasi vabereki vangu."
 - (e) Kudzidza kwakanaka mukurarama kwanhasi.
 - (f) Nyora tsamba kumumiriri wedunhu renyu uchinyunyuta nezvedambudziko rekupararira kwechirwere chekorera.

CHIKAMU 2: NZWISISO (30)

2. Nyatsoverenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo yose neChiShona chakanaka.

Pakazosvika chitunha chaMagie zuva rainge rogara miti. Uyu Podzai ainge atirira nokuchema. Zvino hana yake yainge yazaruka onyatsoona pasina chinomudzimaidza. Misodzi nehasha zvainge zvanyanya kudzama zvokuti zvaive zvisisabudi kunze. Aive atove mamwe emavanga ehondo. Kuchema kwemazwi amadzimai kwakaita maungira makobvu chose mugomo. Aiti akanzi hwetu nemhepo, wombonzwa sokunge gomo raamina ose. Paya paizoganhuka mhepo maungira okuchema aibva arova nzeve dzevateereri kunge mbama

yomunhu uya anenge ambopotsa achizorova imwe mbama inopfachukira neshungu. Kana vaya vaive nechekure vaingonzwa kuchema uku kwakaganhukaganhuka zvokuti vaipedzisira voitirana nharo vamwe vachiti hapana chavanzwa. Ndizvo zviya zvokuti kana voteerera hapachina chovonzwa, asi kana vofamba mumwe wavozve oti pane chaanzwa kuchema. Nharo dzotangazve. Muswere chaiwo.

Pakavigwa Magie mangwana acho, Podzai ainge akagara mujinga meguva achiongorora ivhu dzvuku rainge rabva muguva umu. Akagara kwenguva achiona foshoro dzevhu dzichidurikana iro ivhu richiita dutu dzvuku raive nyoronyoro. Vanhu vaichera guva vaitaura zvavo nyaya dzendari nedzimwe dzemhosva dzavainge vachazotonga kwamambo musi wechisi waitevera. Vamwe vaiseka vachitukirira vaya vavaiti isimbe dzisingadi kupinda mugomba kuti basa rifambe nguva ichiripo.

Mupfungwa dzake Podzai akaona vanhu ava vachigadzirira mwana wehanzvadzi yake dendere iro raaizoradzikwa kusvika achochonywa achipa upenyu hwake kune zvimwewo zvisikwa zvaizogovana guchu reupenyu naye. Asi chakarovesa hana yaPodzai kuona nechomumwoyo make chipfuva chimbishi chisati chambokwekwetwa nokutambanudzwa nemuromo nemaoko ekasvava chichivigwa kufusirwa nevhu dzvuku iroro. Podzai akaona umhandara hwemazamu akati twi kumira senyanga dzegondora hwuchipfukutwa nehonye kusvika ati fototo kunge vhiri rebhasikoro rapera mweya. Ko zvino iye Nyadenga ainge ambosikireiko umhandara hwakadai, ndiye pedzezve otuma hondo kuzokohwa zvisati zvaibva? Ipapa misodzi yaPodzai yakaerera asi haina kubuda mumaziso ake. Ndiani wakakupa simba rokutongera munhu kufa...?

Mibvunzo

1. Tsanangura zvinoreva mazwi aya semashandisirwo aakaitwa mundima yawaverenga.

- (i) chisi
- (ii) dendere
- (iii) kuzokohwa
- (iv) chinomudzimaidza
- (v) chambokwekwetwa

[5]

2. Nyora nyaudzosingwi nhatu dzabudiswa mundima yawaverenga. [3]
3. Ukamai hwaiva pakati paPodzai naMagie? [2]
4. Chii chimwe chinonzi chakaipa mundima yawaverenga kunze kwerufu? [1]
5. Zvinorevei kana zvichinzi:
 - (i) Zuva rogara miti [2]
 - (ii) Hana yainge yazaruka [2]
 - (iii) Chipfuva chimbishi [2]
6. Kuti varume vaichera guva vasafunga nezverufu chii chavaiita? [2]
7. Maungira ataurwa muchindima chekutanga aikonzerwa nei? [1]
8. Nyora pfupikiso yezviri kutaurwa munyaya iyi uchishandisa mazwi ako chaiwo asingadariki makumi mana (40). [10]

CHISHONA PAPER 2

CHIKAMU 1: MASHANDISIRWO EMUTAURO (20)

Pindura mibvunzo yose muchikamu chino.

1. Umba madimikira uchishandisa mazwi anotevera:
mwoyo mupinyi ruoko meso mhino (5)

2. Pedzisa tsumo dzinotevera:
 - a) Kure kwegava.....
 - b) Nhamo inhamo
 - c) Ngoma tamba.....
 - d) Muzvimbirwi.....
 - e) Muto wekupungurirwa..... (5)

3. Ndedzipi fananidzo dzatingashandisa pane zvinotevera:
 - a) kufara
 - b) kukanganwa
 - c) kununa
 - d) kuoma
 - e) kutsvedza (5)

4. Umba zvirovo zveenzaniso uchishandisa zvinotevera:
 - a) bere
 - b) tsuro
 - c) rwaivhi
 - d) mukaka
 - e) mvumba (5)

CHIKAMU 2: MISAMBO (10)

Pindura mibvunzo yose muchikamu chino

5. (a) Chii chinonzi hunhu? (2)
(b) Ndeapi maitiro matatu anoratidza hunhu? (3)
6. (a) Doma nzira mbiri dzaishandiswa kufambisa mashoko pasichigare. (2)
(b) Ndeipi shanduko yavapo mazuvaano munyaya dzokufambiswa kwemashoko? (3)

CHIKAMU 3: KUUMBWA KWEMUTAURO (20)

Pindura mibvunzo yose muchikamu chino.

7. Nyora zvivakashure zvemipanda 1 kusvika 10. [10]
8. **Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo.**

Vakomana ava imbavha dzanetsa muruwa. Ivo vanofunga kuti vakangwara asi rimwe zuva vachabatwa. Kana vabatwa, zvomene vanofira mujeri iro. Vanowanzofamba vakapakatira zvombo zvakadai sematemo, pfuti nemigwara kuitira kuponda vanhu vachivabira. Munhu wese ngaangwarire mhandu idzi dzarura.

Kubva mukandima aka, nyurura mazita gumi [10]

CHIKAMU 11

11

Zvinangwa zvechikamu


- A. **Nzwisiso nepfupiso: Nhetembo: Kodzero**
Kujekesa kukosha kwekodzero dzevana.
- B. **Ronedzero: Tsamba kushamwari**
Kunyora rondedzero yetsamba kushamwari.
- C. **Zvirungamutauro: Tsumo**
Kuumba tsumo kubva pamazita akapiwa.
- D. **Dudziramutauro: Nzira dzokuisa mazita mumupanda**
Kutsanangura nzira dzokuisa mazita mumipanda.
- E. **Wedzerero: Pfukumbwe**
Kurodza pfungwa nemutambo wepfukumbwe.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Nhetembo: Kodzero

Verenga nhetembo inotevera ugopindura mibvunzo



Kumativi ose enyika,
Kubva kumabvazuva kusvika kumadokero
Kubva kuchamhembe kusvika kumaodzanyemba,
Zambezi kusvika Limpopo
Ngatikoshesei kodzero dzevana.

Ngatipe vana kodzero yedzidzo.
Ngatipe vana kodzero yeutano
Ngatipe vana kodzero yepékugara
Ngatipe vana kodzero yokuva mumhuri.

Ngatisaoma moyo sedombo
Tichishandisa vana senhapwa
Ngatizivei kuti chirere mangwana chigokurerawo
Ngatisendekei tsika yokubata vana chibharo
Ramangwana riri muvana vedu.

Hurumende hero basa,
Basa rokudzidzisa veruzhinji pamusoro pekodzero dzevana.
Kuti vazive kuchengetedzwa kwekodzero
VanaMugaradzakasungwa batai vanhu
Vanhu vanotyora dzevana kodzero
Vedzisivondo garai muchinamata.
Kunamatira kuchengetedzwa kwedzevana kodzero.

Nzwisiso

1. Ndeipi pfungwa huru yabudiswa nanyanduri munhetembo iyi? (1)
2. Ndedzipi kodzero mbiri dzadomwa munhetembo (2)
3. Kodzero dzevana dzinotyorwa nenzira dzipi sekubudiswa kwazvaitwa mundima (2)
4. Ndezvipi zvikwata zvitatu zvapiwa basa rokuchengetedza kodzero dzevanhu (3)
5. Doma mazita enzizi maviri ataurwa mundima.(2)
6. Nyurura zvirungamautauro zvinotevera:
 - (a) tsumo (1)
 - (b) dimikira (1)
 - (c) fananidzo (1)
7. Zvimorevei kuti VanaMugaradzakasungwa? (1)

8. Nyora pfupiso yenhetembo iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana[40] (10)

B

RONDEDZERO: Tsamba kushamwari

Basa rokuita

Nyora tsamba kuvabereki vako uchivaudza nezveupenyu hwawava kurarama semudzidzi wepabhodhin'i.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Tsumo

Tsumo dzinogona kuumbwa kubva paizwi rinenge rakapihwa, semuenzaniso;

Izwi	Tsumo
Pfunde	Mukuru mukuru hanga haigari pfunde.
Chakata	Totenda maruva tadya chakata.

Basa rokuita

Umba tsumo kubva pamazwi anotevera

1. dura (2)
2. mhembwe (2)
3. mukuyu (2)
4. muroyi (2)
5. ronda (2)
6. nhumbu (2)
7. nzungu (2)
8. nguwo (2)
9. muranda (2)
10. urema (2)



D

DUDZIRAMUTAURO: Nzira dzokuisa mazita mumipanda

Kune nzira shanu dzokuisa mazita mumipanda dzinoti:

1. zvivakashure zvakafanana
2. sungawirirano yakafanana
3. maumbirwo akafanana
4. zvaanoreva zvakafanana
5. sungano yeushoma neuwandu yakafanana

1. Zvivakashure zvakafanana

Mazita ane zvivakashure zvakafanana anopinda mumupanda mumwe chete, somuenzaniso;

chikoro (mupanda 7)

chitofu (mupanda 7)

chingwa (mupanda 7)

Mazita ose aya ari mumupanda 7 nokuti ane chivakashure **chi-**

2. Sungawirirano yakafanana

Kune mazita ane zvivakashure zvakafanana asi haapindi mumupanda umwe chete nokuti ane sungawirirano dzakasiyana, somuenzaniso;

mukomana (mupanda 1)

mugoti (mupanda 3)

mumugodhi (mupanda 18)

Mazita ose aya ane chivakashure **mu-** asi anopinda mumipanda yakasiyana nokuti anotakura sungawirirano dzakasiyana.

Tinoti :

Iye mukomana

Iwo mugoti

Imo mumugodhi.

3. Maumbirwo akafanana

Mazita anoumbwa zvakafanana anopinda mumupanda mumwe chete, somuenzaniso mazita omupanda 15 anoumbwa sokudai;

chivakashure chezita + mudzi wechiito + nzvovera yekupedzisira. Sokuti;

ku- + -tamb- +-a

ku- + -sek- +-a

4. Zvaanoreva zvakafanana

Mazita anoreva zvakafanana anopinda mumupanda mumwe chete somuenzaniso, mazita anoreva vanhu anopinda mumipanda 1ne2, mupanda 15 unopinda zviito uye mumipanda 16,17,17a ne18 munopinda zviratidzanzvimbo sokuti, padhamu(16), kugomo(17) uye muhofisi(18)

5. Sungano yeushoma neuwandu yakafanana

Mazita emupanda wemumashure anenge ari muushoma anopinda mupanda wepamberi kana ava muuzhinji, somuenzaniso;

Zita muushoma	Zita muuwandu
munhu (mupanda1)	vanhu (mupanda2)
mugoti (mupanda3)	migoti (mupanda 4)
danda (mupanda5)	matanda (mupanda 6)
chitoro(mupanda 7)	zvitiro (mupanda 8)

Basa rokuita

Uchishandisa mienzaniso tsanangura nzira dzinoshandiswa kuisa mazita mumipanda (10)



E

WEDZERERO: Pfukumbwe

Pfukumbwe mutambo unorodza pfungwa, mutambo uyu unogona kuitwa munhu ari ega kana kuti muchikwata. Pamubvunzo umwe neumwe uchapihwa rondedzero pfupi iwe wozofunga shoko rinoenderana nerondedzero yaunenge wapihwa.

1. Sadza risina kunyatsoibva

M						A
---	--	--	--	--	--	---

2. Baba vemudzimai wako

	E				R	
--	---	--	--	--	---	--

3. Doro rinobikwa kunaisa mvura

M			W					A
---	--	--	---	--	--	--	--	---

4. Mari yekuBotswana

P				A
---	--	--	--	---

5. Munda unorimwa nzungu

T				U
---	--	--	--	---

6. Chirwere chamapapu chinokosoresa munhu zvakanyanya

R							I
---	--	--	--	--	--	--	---

7. Guta guru reNamibia

W								K
---	--	--	--	--	--	--	--	---

8. Mweya wemushakabvu unogara munhu kuti aite nyanzvi pane chimwe chinhu

S					I
---	--	--	--	--	---

9. Guta riri kumabvazvuva kweZimbabwe

M						E
---	--	--	--	--	--	---

10. Zvimiti zvinoshandiswa kupura zviyo

M						O
---	--	--	--	--	--	---

CHIKAMU 12

12


Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Ngano**
Kujekesa rairo dzinobuda mungano
- B. **Ronedzero: Tsumo**
Kunyora rondedzero yetsumo
- C. **Zvirungamutauro: Madimikira**
Kupa dimikira rakafanana nerakapiwa.
- D. **Dudziramutauro: Zvisazitasingwi**
Kutsanangura zvisazitasingwi.
- E. **Musambo: Kubvunza nzira**
Kutsanangura musambo wokubvunza nzira.
- F. **Wedzerero: Ngano**
Kutsanangura kukosha kwengano mukudzidzisa vana tsika nemagariro eVaShona.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Ngano



Vazukuru vakasvika padare paive pagere sekuru avo vaiisa maputi murufuse kuti vawane chinovavaraidza. Vose vanosvika pamoto vachifemereka. Rudaviro naAnesu vakabva vataurirana pamwe chete, “Sekuru zuro hamuna kuzotiitira ngano, tauya chitiitirai”. Sekuru vaMupakaviri vakati, “Aiwa imi munonetsa mazuva ose, hamugute kuteerera sei?” Vachinyemwerera vakabva vatanga rungano.

Mudunhu ramambo Gweshe maive nemapatya evanasikana vana vaGandidzanwa. Vasikana ava vaive vakanaka, tsvarakadenga chaidzo. Mazino avo aive akachena semukaka. Vaiti vakanyemwerera, kunyange wakasuwa waierekana wonyemwererawo wakavatarisa. Vaive nemisoro yaive nebvudzi rakamonwa zvaiyevedza kutarisa. Nzeve dzaive nemhete dzedenderedzwa remuti wemupfuti. Waiti ukatarisa padundundu waiona unyerenyere hwezvuma zvavaigara vakapfeka. Hanzu dzavo dzaitaikira kupenya nguva dzose.

Pabasa vasikana ava dzaive mbongoro chaidzo. Zuva roga roga vaimuka vachiita mabasa epamusha anoti kutsvaira, kutswa, kusuka midziyo yemumba nemamwewo akangodaro. Vaigara pedyo navo vaimutswa nemitswi mhandara dzichichijijana muduri.

Vabereki vemapatya aya, Pamhidzai naRumbidzai vaiti vakatarisa zvigagirwa zvavo vaingoti “Mwari nevadzimu vakationa”. Vana vaive nerudadiso kuvabereki nehama dzose pamusoro peunhu hwavo. Pavaifamba, waiti vari kukavira nyimo. Kana votaura vaitaura zvinyoro-nyoro. Vana ava vakakura kuita tsikombi pasina akambouyawo pamusha pavo kuzokumbira sadza. Izvi zvakadya pfungwa dzavabereki vavo. Vakamboti asi vana vavo vane chitsinha, asi baba vaizvinyaradza vachiti asi kwedu kwanaMakombe, Chikatsa, hakuna anoshaya imba. Vasikana ava vakazivikanwa matunhu akatenderera. Vamwe vaiuya nekunana tete asi vasikana vairamba vachiti vedu havasati vauya.

Maivewo nemadzimambo maviri aive nevanakomana vavowo. Mambo Gushe aive nanevanji wavo Gomba aive akura zvikuru asi aisada kubuda mugota. Kozotiwo Mambo Garwe aivewo nemwanakomana wake Pembedzai chigumisirwa aizivikanwa nekurwa muhondo, kuvhima pamwe nekutamba mbende. Madzimambo aya aive asvika pakupererwa namazano nekuti vanakomana vavo ndivo vaive vangosara voga mugota. Vanasekuru vakamboedza kukurukura nevazukuru vavo asi vakasvika pakukanda mapfumo pasi nokuti vakomana vakaramba vakangoomesa makotsi. Vaingoti kumhanya sandi kusvika chero zvazvo vakuru vakati chinono chinengwe.

Chakazoti chasvika chirimo vakomana nevasikana vachienda kujenaguru kunoita mitambo yakasiyana-siyana. Kumwe kwaitambwa mhande, mbakumba

nemuchongoyo. Vakomana ava vakafungawo kuti regai tiende kumatunhu akatenderedza tinoona zviru kuitwa nemamwe majaya nemhandara. Vari munzira, vakanzwa nezvemapatya aive mudunhu raMambo Gweshe. Majaya akamirira nguva yemitambo yejenaguru ndokusvika paiitwa mitambo. Vakaona mapatya aya achimwadaira kupinda mudariro kuti vatambe jerusarema.

Vasikana waitamba zvainwisa mvura. Chitaurirwa mbare dzokumusana. Majaya akatarisa akaona vasikana vaisekerera paJerusarema. Gomba naPembedzai vakatarisa vakaona haikona tsvarakadenga dzapinda mudariro. Vaiti vakasekerera, machatsa avaive vakapfeka oti petu petu vakomana vaibva vagutsurira misoro.

Gomba naPembedzai vakakumbira vaive pangoma nehosho vakati imbotipaiwo kuno tidzidzvanye isu pazima. Vaviri ava vakaita mashura nengoma, dzairohwa kunge dzichataura. Vaiti vakaridza ngoma voti svetu voridza nemakumbo, voti tendewu vobata hosho vodzichemedza.

Majaya nemhandara vakauya kuzowokera manja achiridzwa. Mapatya akanzwa kuti musambo wasiyana vakabva varutsenhura rwumbo “Kugara ndega musango ndaneta,” vanobvumira vachiti, “Here ndega majaya ibvupfuwe, isaruraude.” Vairidza manja waingonzwa kuti kwa-a kwa-a. Mhururu nemiridzo zvikati tsvete tsvete, yakanga yangova tsviyo tsviyo. Pamhidzai akazevezera mumwe wake akati, “ndiwoka majaya aye Rumbidzai”.

Mutambo wopera majaya nemhandara vakati rongodo kuenda kumisha vavo. Gomba akatevera ari nechekure achiona mafambiro aiita mapatya aya. Ipapo pfungwa dzerudo dzakabva dzangomushanyira pakarepo. Akati chinono chinengwe bere rakadya richifamba ndokuenda zvake kumba kwatete vake. Akavapira zvose zvaiva zviru mupfungwa dzake uye kutsvaga mazano okuti angawane sei Pamhidzai. Akaruka zano rake ndokuudza Pembedzai. Zuva raitevera manheru vakomana nevasikana vakaenda kunotamba samazuva ose. Vanasikana vakatamba kusvika moyo yamira. Mapatya akati sudurukirei vachimbozorora. Ipapo Gomba akabva angoti verere ndiye biku kapa pafudze mwanasikana ndokunanga naye kumuzinda wababa vake. Musikana akada kumbopfiza-pfiza asi zvakashaya basa nekuti jaya raimhanya semhepo richiita serakatakura shizha.

Rumbidzai akasara akati kanha kutarisa achiona mumwe wake achiiwa musengabere. Paakati adeedzere, akaona Pembedzai ati, pfacha ndokumubata ruoko ndokuti, “Uya titevere.” Vakamhanya vachitevera asi havana kuvabata. Vakambotura befu Pembedzai akazoti chiuya ndikuperekedze kumba kwenyu apa kwaive kwasviba. Vari munzira, vakabva vanzwa shumba kudzvova Pembedzai ndokubva ati, “Handei nekoko kusina shumba.” Rumbidzai haana kuziva kuti

aive ototiziswawo. Akazongoerekana asvika munzanga yamambo Garwe.

Mushure memasvondo maviri vanyai vaMambo Gushe naGarwe vakatumwa neroora. Mapatya akazoorwa zvakadadisa. Vabereki vemapatya vakapihwa mombe gumi nefararira pamwana woga woga. Zvakafadza vanhu vazhinji kuti mapatya akazvarwa zuva rimwe chete oroorwa zvekare nguva imwe chete.

Vachikwenya musoro, sekuru vakati, “Apa ndipo pakaperera sarungano” Rudaviro naAnesu vakaratidza kunakidzwa nengano iyi zvikuru. Rudaviro akazoti ini ndizvo zvandinoda kuzoita kana ndichinge ndave kunoroora nokuti kupfimba pamwe unorambwa. Anesu akabva aseka akati, “Iwe mupfana wakapusa ini ndinosvika ndega gandaukushe pamusikana ndotsvetsva.”

Nzwisiso

1. Mapatya vanhu vakaita sei?(1)
2. Ndezvipi zvinhu zviriri zvashandiswa kutsanangura runako rwemapatya ari murungano? (2)
3. Kunze kwerunako ndechipi chimwe chinhu chaiyemurwa nevanhu pamusoro pemapatya? (1)
4. Tsanangura zvinoreva mazwi anotevera:
 - (a) tsikombi
 - (b) nevanji
 - (c) chitsinha
5. Makombe chidawo chemutupo upi? (1)
6. Doma mazita emitambo miviri yepasichigare yataurwa murungano. (2)
7. Mitambo yawadoma pamusoro yaiwanzotambwa nguva ipi yegore? Sokufunga kwako sei mitambo iyi yaiitwa munguva iyoyo? (3)
8. Nyurura zvirungamutauro zvinotevera kubva murungano:
 - (a) tsumo imwe chete (2)
 - (b) dimikira rimwe chete (2)
 - (c) enzaniso imwe chete (2)
9. Ndezvipi zvidzidzo zviriri zvawawana murungano urwu? (2)
10. Nyora pfupiso yengano iyi nemazwi ako asingapfuuri makumi mana [40]

Gakava

Itai gakava vamwe vachiti musengabere waiva wakanaka nokudaro unofanirwa kuramba uchiitwa vamwe vachiti kwete.

Tsvakurudzo

Ita tsvakurudzo yedzimwe nzira dzaishandiswa mukuroorana pasichigare.

B

RONDEDZERO: Tsumo

Basa rokuita

Nyora rondedzero inobudisa tsumo inoti mugoni wepwere ndousinayo.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Madimikira

Mumutauro weChiShona mune madimikira anoreva zvakafanana semienzaniso iripazasi;

Dimikira 1	Dimikira 2
Kuita gudza mudungwe	Kuita gundamusaira
Kugarwa nenhumbi	Kunyura muzvipfeko

Basa rokuita

Zadzisa tebhuru inotevera nedimikira rinoreva zvakafanana nerakapiwa (12)



Dimikira 1	Dimikira 2
1. Kudya nhoko dzezvionda	
2. Kudya moto	
3. Kurovera matama pasi	
4. Kubereka tsoka	
5. Kuita hwatsuro nembwa	
6. Kuva munhu wousiku	

D

DUDZIRAMUTAURO: Zvisazitasingwi

Chisazitasingwi izwi rinotsiva zita, somuenzaniso;

- (a) Baba vanouya mangwana.
- (b) **Ivo** vanouya mangwana.

Mumuenzaniso uripamusoro izwi **ivo** chisazitasingwi chatsiva zita rokuti baba

Heinoi mimwe mienzaniso yezvisazitasingwi;

ivo	isu	ini	itwo	iye
imi	isvo	ihwo	idzo	imo

Basa rokuita

Shandisa zvisazitasingwi zvapiwa pamusoro muzvirevo (10)



E

MUSAMBO: Kubvunza nzira

Mukurarama kwezuva nezuva vanhu vanokwanisa kuenda kunzvimbo itsva yavasinganyatsoziva kuti vanofamba sei. Kana zvadaro munhu anomanikidzwa kuti abvunze vanonyatsoziva nharaunda iyoyo kuti ofamba sei. Pakuita izvi panoshandiswa mutauro wokubvunza nzira. Musambo womutauro uyu unosanganisira zvinotevera:

- Kukwazisa nemufaro munhu waunenge uchida kubvunza nzira.
- Kubvunza paunoda kuenda wakadzikama usingataridzi kuti wapererwa nenguva zvakanyanya. Izvi zvinoita kuti ari kuda kukubatsira anyatsowana nguva yokukubatsira.
- Kunyatsotaura paunoda kuenda chaipo chaipo.
- Kunyatsoteerera tsananguro dzinenge dzichipiwa idzo dzinozokubetsera kusvika paunoda kusvika.
- Kutenda munhu anenge akauratidza nzira.

Heunoi muenzaniso wemutauro wokubvunza nzira.



Nyarai: Baba makadii? Ndinokumbirawo kuratidzwa pane mahofisi eSocial Welfare.

VaChoga: Ndinofara mwanangu, wakadii zvako. Watosvika. Mudhuri muchena wauri kuona uyo ndipo pane mahofisi auri kutsvaka.

Nyarai: Ndatenda chose nokundibatsira kwamaita.

VaChoga: Zvakanaka mwanangu. Ufambe zvakanaka.

Edzesero

Muri mumapoka edzeserai maitiro nematauriro ekubvunza nzira.



Makarekare zvikoro zvevarungu zvisati zvati tekeshe vanhu vaive nenzira zhinji dzekudzidzisa vana. Dzidzo zhinji yaibuda nemungano idzo dzaiitwa naanambuya kuvazukuru. Nzanga yega yega yaive nemudzimai wechikuru aizivikanwa nekutaura ngano. Munhu uyu aidanwa nezita rokuti sarungano. Ngano dzaiitwa manheru vana vachangopedza kudya. Senzira yokutandadza vateereri kuti vasarare, sarungano aiita kuti vateereri vadaire kuti dzefunde uye kuti vaimbe nziyo dziri mungano. Kunze kwekutandadza, ngano dzaivawo nemamwe mabasa. Heanoi mamwe emabasa engano;

- Kudzidzisa tsika dzakanaka
- Kurodza pfungwa dzevanhu
- Kuumba tsori/nyanzvi dzekuimba
- Mushandirapamwe uye kurarama pamwe nevamwe sezvo vana vemhuri dzakasiyana vaizoungana mumba masarungano.

Vatambi vemungano kazhinji dzaive mhuka asi dzimwe nguva mhuka dzaibudiswa dzichiwadzana nevanhu. Ngano zhinji dzaive nematingindira

anobata nyaya dzinoti uterera, umbimbindoga, makaro, nzara, mhiko, kuvhima zvieru uye shanje.

Muupenyu hwanhasi basa ranasarungano rati dererei. Chinzvimbo chavo chatorwa nematerevhizheni, mawairesi, nemakombiyuta. Zvakare, vana vazhinji havachazive ngano dzekutaurirwa vave kuita dzokuverenga mumabhuku kana mupepanhau. Kurudziro inopihwa nevanyori ndeyokuti musha umwe nomumwe uye muzvikoro ngano dzinofanirwa kuramba dzichiitwa sezvo dziine mabasa makuru muupenyu hwaVaShona.

Basa rokuita

1. Munhu anotaura ngano anonzi ani?(1)
2. Doma mabasa mana engano abudiswa mundima (4)
3. Nziyo dzaive nebasa rei mungano?(2)
4. Nyurura matingindira mana engano(4)
5. Sekufunga kwako zvakakosha here kuti vana varambe vachiitirwa ngano? Tsigira zvizere.



CHIKAMU 13

13

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Chirwere cheMarariya**
Kutsanangura chirwere cheMarariya
- B. **Rondedzero: Izwi rimwe**
Kunyora basa rerondedzero yeizwi rimwe.
- C. **Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi**
Kuzadzisa nenyaudzosingwi dzakakodzera.
- D. **Dudziramutauro: Chirevauwandu**
Kutsanangura Chirevauwandu.
- E. **Wedzerero: Kuverenga muChiShona**
Kuverenga muChiShona.



A

NEPFUPISO: Chirwere cheMarariya

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Chirwere cheMarariya ndechimwe chezvirwere zvakandisa vanhu mapfumo pasi munyika yeZimbabwe nedzimwe dzakakomberedza. Chirwere ichi chinokonzerwa nenhunga dzechikadzi. Munhu anobatwa neMarariya mushure mekurumwa nenhunga inenge yabva mukuruma munhu anenge aine chirwere ichi.

Chirwere cheMarariya chinonyanyowanikwa kunzvimbo dzinopisa uye dzakaderera. MuZimbabwe nzvimbo idzi dzinosanganisira Beitbridge, Victoria Falls, Kariba, Muzarabani, Chiredzi, Chikombedzi, Hwange, Gokwe, Mudzi, Mt Darwin nedzimwe. Nzvimbo idzi dzinoita kuti umhutu hurarame nekuberekana nyore.

Kana munhu achinge abatwa nechirwere cheMarariya anoratidza nekunzwa kutemwa nemusoro, kurutsa, kupera simba mumuviri, kuita manyoka, uye kudikitira zvakananyanya. Kana munhu achinge anzwa izvi anokurudzirwa kuenda kuchipatara chiri pedyo kuti akwanise kubatsirwa. Marariya chirwere chinorapika zvikuru kana murwere akakurumidza kubatsirwa.

Tsvakurudzo inogaroitwa nebazi rezveutano nekurerwa kwakanaka kwevana inoratidza kuti huwandu hwevanhu vari kufa nechirwere cheMarariya huri kuramba huchikwirira. Mugore ra2017 vanhu vanosvika mazana mashanu nemakumi manomwe nevasere (578) vakarasikirwa neupenyu zvichienzaniswa nemazana mana nemakumi matanhatu nevaviri (462) avo vakafa nechirwere ichi mugore ra2016. Izvi zvinosiririsa zvikuru.

Hurumende nemasangano akasiyana-siyana akadai se*Population Services International* ne*UNICEF* vari kushanda pamwe chete kuedza kupedza ngwavaira yeMarariya. Mhuri zhinji dzemuZimbabwe dzinowaniswa ruzivo, mishonga, maneti nesipo zvokudzivirira chirwere cheMarariya.

Vanhu vanokurudzirwa kutema sora riri pazvivanze kuitira kuti nhunga dzisawana pokugara nokuberekana. Tsvina yose nemakomba ane mvura yakajenga pachivanze zvinofanira kubviswa sezvo zvichipa umhutu pokugara. Kana munhu achishanyira nzvimbo ine Marariya anofanirwa kutakura mishonga yokudzivirira kurumwa neutunga.

Nzwisiso

1. Chii chinokonzera Marariya? (1)
2. Chirwere cheMarariya chinopararira sei? (1)
3. Nderipi rimwe zita rashandiswa mundima rinoreva zvakafanana nokuti nhunga? (1)
4. Doma nzvimbo nhatu dzinonyanyowanikwa chirwere cheMarariya (3)
5. Sei nzvimbo idzi dzichiita chirwere cheMarariya?(2)
6. Ndezvipi zviratidzi zvitatu zvemunhu abatwa neMarariya?(3)
7. Zvinorevei kuti;
 - (a) chakandisa vanhu mapfumo pasi(2)
 - (b) ngwavaira(2)
8. Tsanagura zvinhu zvitatu zvinogona kuitwa senzira yokudzivirira chirwere cheMarariya. (3)
9. Kunze kwechirwere cheMararia ndezvipi zvimwe zvirwere zviviri zvashungurudza vanhu mazuva ano? (2)
10. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana[40] (10)

B

RONDEDZERO: Izwi rimwe

Basa rokuita

Nyora rondedzero ine musoro unoti Korera.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Nyaudzosingwi

Zvirevo zvinogona kupihwa zviine nyaudzosingwi dzakaresva kushandiswa somuenzaniso;

Mai vakati **togo** kugara.

Muenzaniso wakanaka;

Mai vakati **tende** kugara.

Basa rokuita

Mitsara inotevera ine nyaudzosingwi dzakaresva kushandiswa. Nyora patsva mitsara uchishandisa nyaudzosingwi yakakodzera.

1. Sekuru vakati **zii** kuseka. (1)
2. Dutavanhu rakati **vhu-u** kuenda. (1)
3. Kunze kwakange kuine jenaguru kwakachena kuti **ndoo**. (1)
4. Jazi rake rainge rakati **nyakata** kuoma. (1)
5. Akanzi neigo **pfe-e** mumusoro. (1)
6. Sarudzai akati **tande** kutarisa. (1)
7. Mapurisa akati **shwee** kubata mbavha. (1)
8. Vadzidzi vose vakati **ware** kuseka pakadonha mudzidzisi. (1)



D

DUDZIRAMUTAURO: Chirevauwandu

Chirevauwandu chidudzirazita chinobudisa pfungwa yeuwandu hwezvinhu somuenzaniso;

- a. Vadzidzi **vose** vaenda kumba.
- b. Mutungamiri ataura **oga**.
- c. Ishe vanotonga **vomene**.

Pamienzaniso mitatu iyi **vose, oga navomene** ndizvo zvirevauwandu.

Basa rokuita

Shandisa zvirevauwandu zvinotevera muzvirevo:

- (a) omene (2)
- (b) dzose (2)
- (c) voga (2)
- (d) vose (2)
- (e) romene (2)
- (f) toga (2)



E**WEDZERERO: Kuverenga muChiShona**

Padanho rino vadzidzi vanotarisirwa kuziva kuverenga muChiShona.

Heinoi mienzaniso yokuverenga muChiShona;

Huwandu hwezvinhu	Maverengerwo azvo muChiShona
1	motsi
2	piri
3	tatu
4	ina
5	shanu
6	tanhatu
7	nomwe
8	sere
9	pfumbamwe
10	gumi

**Basa rokuita**

Muri mumapoka verengeranai kusvika kuzana.



CHIKAMU 14

14

Zvinangwa zvechikamu

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Kurima bhinzi**
Kutsanangura marimirwo ebhinzi.
- B. **Rondedzero: Tsanangudzo**
Kunyora rondedzero yetsanangudzo.
- C. **Zvirungamutauro: Enzaniso/ Fananidzosiri**
Kuzadzisa zvirevo neenzaniso yakakodzera.
- D. **Dudziramutauro: Chipauro**
Kutsanangura chipauro.
- E. **Musambo: Mutauro wepachechi**
Kutsanangura musambo wemutauro wepachechi.
- F. **Wedzerero: Makakatanwa evanhu nemhuka**



A

NZWISISO NEPFUPISO: Kurima bhinzi

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Kune zvirimwa zvakawanda zvinorimwa munyika yeZimbabwe. Zvirimwa izvi zvinosanganisira chibage, gorosi, fodya, bhinzi nezvimwewo. Zvirimwa izvi zvinorimirwa kuwanisa nyika chikafu pamwe nekutengesa. Muchikamu chino tinoda kukurukura pamusoro pechirimwa chebhinzi.


Bhinzi dzinoita zvakanaka muivhu rakasimba. Munda unoda kudyarwa bhinzi unofanira kurimwa zvakanaka kuitira kuti ivhu risununguke. Ivhu iri rinofanirwa kunge risingachengeti mvura yakawandisa nokuti bhinzi hadziiti zvakanaka muivhu rinojenga mvura.

Murimi anofanira kudyara mbeu yebhinzi yakauchikwa. Mbeu yakauchikwa inopa murimi goho guru nokuti haibatwi nezvirwere zvose zvose. Kuti murimi anyatsowana goho rinofadza, anofanirwa kutenga mbeu inokwana zana remakirogiramu pahekita imwe chete. Pakudyara bhinzi panodikanwa feteraiza yerudzi rwe*Compound D* inosvika makirogiramu mazana matatu pahekita imwe chete. Bhinzi dzinozodawo feteraiza ye*Amonium Nitrate* mushure memazuva makumi maviri dzadyarwa.

Padzinenge dzichikura, bhinzi dzinofanirwa kusakurwa kuitira kubvisa sora rese rinogona kupedza chikafu chomuvhu. Vamwewo ndivo vanogona kushandisa mishonga kufafaidza sora zvichiita kuti ribve rangofa munda wosara wakachena.

Sezvinongoita zvirimwa zvizhinji, bhinzi dzinobatwawo nezvirwere zvakasiyana-siyana nokudaro murimi anofanira kugara achifafaidza mishonga. Adenha mangwiro otokwinya. Bhinzi dzinobatwa netupembenene nemakonye zvemhando zhinji. Twumbuyu utwu twunoderedza goho kuburikidza nokuuraya magunde ebhinzi pamwe nekusveta muto wechirimwa. Pasina kufafaidza hapana chako murimi.

Zvichienderana nemhando yembeu, kazhinji bhinzi dzinotoro mwedzi mitatu kusvika kumina kuti dzisvike pakukohwewa. Bhinzi dzinokohwewa dzangoti omei kuti dzisaputikire pasi mumunda. Vanyori vakaita hurukuro naVaMazango avo vanorima bhinzi kuMazowe vakaziviswa nezveuhwandu hwebhinzi dzavakakohwa pamunda pavo mumakore mana apfuura. Ngatitarise girafu rinotevera:



Bhinzi dzinogona kutengeswa kuzvipatara, muzvikoro, mumusika nemuzvitoro. Vanhu vanofarira bhinzi nokuti dzine kudya kunovaka muviri uye dzinogona kudyiwa panzvimbo yenyama.

Nzwisiso

1. Doma zvirimwa zvitatu zvataurwa mundima.(3)
2. Bhinzi dzinorimwa muivhu rakaita sei? (1)
3. Sei murimi achifanirwa kushandisa mbeu yakauchikwa? (2)
4. Tichishandisa chipimo chembeu chapiwa mundima, murimi anoda mbeu yakawanda zvakadii kuti arime mahekita mashanu? (2)
5. Nyurura tsumo imwe chete yashandiswa mundima.(1)
6. Nderipi rimwe izwi rashandiswa mundima rinoreva zvipukanana? (1)
7. Tipe zvinotevera kubva pagirafu:
 - (a) Gore rakawanikwa bhinzi shoma(1)
 - (b) Gore rakawanikwa bhinzi dzakawanda (1)
8. Ndeapi mabasa maviri ebhinzi ataurwa mundima? (2)
9. Kunze kwezvirimwa zvadomwa mundima ndezvipi zvimwe zviviri zvinorimirwa kuwana mari muZimbabwe? (1)
10. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi ako asingapfuuri makumi mana [40] (10).

**B****RONDEDZERO: Tsanangudzo****Basa rokuita**

Nyora rondedzero ine musoro wokuti chidzidzo chandinofarira

**C****ZVIRUNGAMUTAURO Enzaniso/ Fananidzosiri****Basa rokuita**

Zadzisa mitsara inotevera neenzaniso yakakodzera

1. Baba ava vanopenga ----- chaiyo. (1)
2. Maidei haagoni kufambisa ---- chaiyo.(1)
3. Usavi uhu haudyiki nekuvava ---- chairo. (1)
4. Ane huturu husingaiti ---- chaiyo.(1)
5. Zuze anogara achivata zvakanyanya ----- chairo. (1)
6. Shingirai anodyisa----- chaiyo. (1)
7. Mukuru wechikoro anotyiswa-----chaiyo (1)
8. Rambisai ane mahobi-----chairo(1)

**D****DUDZIRAMUTAURO: Chipauro**

Chipauro izwi rinodudzira zita richipa rupawo kana kuti kupatsanura zita kubva pane mamwe somuenzaniso;

- a. Mukadzi **mutema** ahwinha mari yelotto.
- b. Banga **guru** ipai dusvura.

Pamienzaniso miviri iyi **mutema** uye **guru** ndizvo zvipauro zviru kutsaura **mukadzi** uye **banga** kubva pane zvimwe.

Basa rokuita


Shandisa zvipauro zvinotevera muzvirevo

- (a) dzvuku (2)
- (b) murefu (2)
- (c) zhinji (2)
- (d) dete (2)
- (e) pfupi (2)
- (f) jena (2)
- (g) diki (2)



E

MUSAMBO: Mutauro wepaSvondo



Mhuri zhinji mazuva ano dzava kutendera kunaMwari kuburikidza nokunanamatira mudziSvondo. MaSvondo akasiyana-siyana ane zvirongwa zvinoita kuti vanhu vasangane pamazuva akasiyana vachinamata. Mukuita izvi vanoshandisa musambo womutauro wepaSvondo. Zvimwe zvezvinhu zvinowanikwa mumutauro wepaSvondo zvinosanganisira:


- Kumhorosana zvine rukudzo.
- Kusimbisana munhamo nemuzvinetso.
- Kutaura nezvaMwari.
- Kutaura mazita evakavamba dzisvondo.
- Kutaurwa kwemazita ezvigaro zvemuchechei sokuti muvhangeri, masvohwani, mubvuwi, muporofita nezvimwe.

Heunoi muenzaniso wenhaurirano yepaSvondo:

Mai Tsisti: Makadii baba Mugwanda?
VaMugwanda: Ndinofara kana muchifarawo. Ndine hurombo ndakazononoka kuunza mari yechegumi. Ndakabatwa nerufu rwemuzukuru wangu akafa nekunyura mumvura.
Mai Tsitsi: Nematambudziko. Tine hurombo chokwadi. Ndiyo nzira yedu tese. Kana basa rakafamba zvakanaka tinotenda Mwari.
VaMugwanda: Rakafamba zvakanaka. Tinotenda neminamoto yenyu uye rutsigiro rwatakawana kubva kuna baba VaGuti nevavhangeri vazhinji. Takaona simba raMwari.

Edzesero

Pindai mumapoka muedzesere zvinoitwa mumutauro wepaSvondo zvikuru kana svondo yabva mukupera.



Munharaunda zhinji dzemumaruwa vanhu nemhuka zviri kutosvorana sagonzo nachin'ai. Chikonzero chikuru chekunetsana ndechokuti huwandu hwevanhu huri kuramba huchiwedzera gore negore izvo zviri kukonzera kuparara kwemasango vanhu vachizvigadzirira nzvimbo dzekurima uye kugara. Kuramba nzvimbo yemhuka ichiderera uku kuri kukonzera kuti mhuka nevanhu zvirwisane izvi zviri kukonzera kufa kwemhuka, kufa kwevanhu uye kuparadzwa kwezvipfuyo nezvirwimwa.

Sangano reZimbabwe National Parks and Wildlife Authority rakataridza kuti mugore ra2015 roga vanhu makumi maviri nemasere vakafa nepamusana pemakakatanwa evanhu nemhuka. Mugore iri zvakare sangano iri rakaratidza kuti vanhu gumi nevashanu vakakuvadzwa uye mhuka dzinopfuura makumi matatu dzakauriwa.

Dzimwe dzemhuka dzinonyanya kunetsana nevanhu ndedzinoti makudo, shumba, nzou, makarwe, tsoko, makava nedzimwewo. Mukuedza kuderedza uye kupedza dambudziko iri masangano akaita seCommunal Area Management

Program For Indigenous Resources (CAMPFIRE) neEnvironmental Management Agency (EMA) ari kuedza nepose paanogona kupa dzidziso kuvanhu kuti vararame murunyararo nemhuka dziri munharaunda mavo.

Basa rokuita

1. Doma mhuka nhatu dzinonyanya kunetsana nevanhu (3).
2. Dambudziko rekunetsana kwemhuka nevanhu rinonyanya kunetsa kunzvimbo dzipi?(1).
3. Chii chiri kukonzera makakatanwa emhuka nevanhu?(1)
4. Sekufunga kwako, zvii zvinofanirwa kuitwa kuderedza makakatanwa emhuka nevanhu (2)
5. Mavara ekuti CAMPFIRE akamirirei?(2)



CHIKAMU 15

15

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Kugona ngozi kuiripa**
Kutsanangura maitiro engozi pachivanhu.
- B. **Rondedzero: Tsamba yebasa**
Kunyora basa rerondedzero yetsamba.
- C. **Zvirungamutauro: Tsumo**
Kupa tsumo inoenderana neyakapiwa.
- D. **Dudziramutauro: Zviverengo**
Kutsanangura zviverengo.
- E. **Wedzerero: Ukama**
Kutsanangura ukama.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Kugona ngozi kuiripa

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



VaPonesai vaive nemukadzi wavo ainzi VaRowesai. Mudzimai wavo aigara kumusha murume achishanda kuHarare uko kwaaidya nyika rutivi. VaRowesai nevana vavo vainonga svosve nemuromo. Vaitopona nekukumurirwa hembe nevamwe nokuita maricho kuti vawane chokudya. VaRowesai vaindoita basa pachikoro paidzidza vana vavo kuti vana vakwanise kupinda chikoro. Izvi zvakadya vaRowesai pfungwa zvekuti vaigara vachingochema nhamo.

VaRowesai vaona kuti murume wavo akange avafuratira vakafunga mabhindauro ekuti vaite kuti vawane raramo. Vakatangira kurima bindu pamwe nevana vavo. Vakarima zvekuti vanhu vese vakasimudza maoko nazvo. Vanhu vaibva munzvimbo dziri kure vachizotenga zvirimwa zvairimwa navaRowesai. VaRowesai vakaita mari kukunda vose vanomira pamabhingi kupera kwemwedzi. Zviya zvokuti murombo haarovi chine nguwo hazvina kushanda panaVaRowesai. Vakakwanisa kuendesa vana vavo kuzvikoro zvepamusoro vakanoita madhigirii aityisa. Vana vakatangira kutyairawo motokari dzavo zvokuti vanhu vemunharaunda vakange vovayemura kwazvo. VaRowesai vaive vave pamutambarakede. Vakange vagara kunge vahosi vamambo.

Chainakidza pana mbuya Rowsai ndechekuti havana kurega tsika yokushangazhika chero zvazvo vana vavo vainge vokwanisa kuvachengeta. Vakomana vavo vaiti vakauya kumusha vaivaona vachifamba vachienda kubindu, kupa huku dzavo zvokudya, kushambidza nguruve pamwe nokuita mamwe mabasa.

VaPonesai vakazongonzwa wave mukurumbira wekubudirira kwaive kwaita vakomana vavo asi shiri ine muririro wayo haiuregi. Vakaramba vari mombe yemashanga kusvikira vazoiswa pamudyandigere. Sezvo vakanga vasina imba mudhorobha, vakati kwesva kwesva vakananga kumusha kwavo Manhize, wanike mukadzi ave kugara mudzimba dzakaisvonaka kwazvo dzavaiona vari kuHarare vachiti ndedzevanhu vane mari. Mvura yakange yobuda mumapombi, musha wati ngwee ave magetsi oga oga. Vashandi rakange riri besanwa kuita mabasa akasiyana-siyana. Murume mukuru akanyara zvikuru. Pavairara paive utepfe tepfe chaihwo.

Murume mukuru akauya pamusha achizvitutumadza, asina ganda kumeso, achikanyaira kunge horomba yebveni. VaRowesai navana vavo vakaramba riri sango rechimwii. Vakagara vose havo asi vaRowesai havana kuregerera murume wavo. Vaiita kunge pasina zvakamboitika. VaPonesai vakatangira zvino kunetsana

nemudzimai vachida kupiwa mari yokundodhakwa uye kufara nepfambi dzavo. Izvi hazvina kufadza VaRowesai nevana vavo. Mumusha makaita mvonga mvonga zvokuti vakasvika pakutongwa kwasabhuku uko vakakurudzirwa kugara murunyararo.

VaPonesai havana kutsveta tsika yavo yokushungurudza vaRowesai. Vainge votovadzanga pamba vachiti ibvai pamusha pakavakwa nevana vangu. Izvi zvakashungurudza vaRowesai zvikabva zvaita kuti vatange kurwara. Vakamhanyiswa kuchipatara uko vakandosvikobatwa chirwere cheBP. Mushure mevhiki imwe VaRowesai vakati randakadya ndiroro ndiye sarai. Shoko rekufa kwaVaRowesai rakarwadza munhu wese nokuti vanhu vose vaiziva kuoma kweupenyu hwainge wararama amai ava vachiedza kuriritira vana vavo.

Vabereki vaVaRowesai vakaramba kuti hama yavo iradzikwe mumusha maVaPonesai nokudaro vakandovigwa kumusha kwavo. Hapana kumboita mazuva mazhinji VaRowesai vachengetwa, musha waVaPonesai wainge woitika mashiripiti. Manheru oga oga muimba yokubikira mainzwikwa kugwenderedzwa kwendiro. Kuzoti muimba yokurara hazvichatauriki. Shamwari dzechikadzi dzaiuya naVaPonesai dzaingokaruka dzapiwa zenyamba remunhu wadzisingaoni. Ivo VaPonesai vaingoti vakati garei garei votoona VaRowesai pachiso pavo. Izvi zvakashungurudza VaPonesai kusvika vafunga kuenda kuhama dzaVaRowesai kuti vandotaurirana.

Vakazofamba kundobvunzira zvainge zvava kunetsa VaPonesai vakaudzwa kuti mushakabvu ainge akatsamwa nefiro yaainge aita. Shungu dzaive nemushakabvu dzaiva dzokuti ainge atambudzika nekurera vana ari ega pamusoro pazvo ainge oshungurudzwa nemunhu asina kumbobatsira mukurarama kwake nemhuri. VaPonesai vakazonzi vabvise n'ombe gumi dzinotsika dzipiwe vabereki vaVaRowesai.

Nzwisiso

1. Ndezvipi zvinhu zviviri zviriviri muchikamu chokutanga zvinoratidza kuti VaRowesai vaitambura zvikuru? (2)
2. Chii chakaitwa naVaRowesai kuti vawane raramo? (1)
3. Chii chinoratidza kuti bindu raVaRowesai rainge rabudirira? (1)
4. VaPonesai vakazoenda kumusha zvaita sei? (1)
5. Tsanangura zvinoreva zvirungamutauro zvinotevera:
 - (a) Kunhonga svosve nemuromo. (2)
 - (b) Murombo haarovi chine nguwo. (2)

- (c) ngwee (2)
- (d) Kudya nyika rutivi. (2)

6. Tsanangura chidzidzo chimwe chete chawawana kubva pavanhu vanotevera:
 - (a) VaPonesai (2)
 - (b) VaRowesai (2)
 - (c) Vana vavo (2)
7. Doma zvinhu zviviri zvaitwa na VaPonesai zvinoratidza kuti vaive murume akashata pazviito.(2)
8. Nyora pfupiso yenyaya iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana [40] (10)

B

RONDEDZERO: Tsamba yebasa

Basa rokuita

Nyora tsamba kumukuru wezvedzidzo kudunhu rekwaMutasa uchitsanangura nhamo dziri kusangana nevadzidzi muzvikoro uye kupa mazano kuti dzingagadziriswa sei.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Tsumo

Kune tsumo zhinji dzakaumbwa zvakasiyana asi dzine dudziro dzakafanana somuenzaniso tsumo dzinoti;

- (a) Chara chimwe hachitswanyi inda.
- (b) Rume rimwe harikombi churu.

Tsumo mbiri idzi dzine dudziro yakafanana yekuti basa rinoreruka kana vanhu wakawanda.

Basa rokuita

Ipa tsumo inoenderana neimwe neimwe yetsumo dzapiwa pazasi

- 1) Mugoni wepwere ndeasinayo. (2)
- 2) Chitiyo kupinda muzai huona mai. (2)
- 3) Musikana idziva asvika anokanda buwe. (2)
- 4) Natsa kwaunobva kwaunoenda usiku.
- 5) Ane ganda ane nyama hazvienzani neakabata howa. (2)
- 6) Anyumwa bere nderake. (2)
- 7) Gavi rakabva kumasvuuro. (2)
- 8) Totenda dzanwa dzaswera nebenzi. (2)
- 9) Chinokura chinokotama musoro wegudo chava chinokoro. (2)
- 10) Chisi chako masimba mashoma. (2)



D

DUDZIRAMUTAURO: Zviverengo

Zviverengo zvidudziramazita zvinobudisa pfungwa yokuverenga somuenzaniso;

Mumwe murume atiza.

N'ombe **imwe** haigoni kurima.

Munhui abarwa?

Pamuenzaniso iri pamusoro, mazwi anoti **mumwe**, **imwe** **namunhui** ndizvo zviverengo.

Zviverengo zvine madzitsi matatu anoti **-mwe/-mwe na -i**

Basa rokuita

Shandisa madzitsi ezviverengo kuumba zvirevo zvishanu(5)





E

WEDZERERO Ukama

Ukama kubatana kuri pakati pevanhu nemhuri kana dzinza rimwe. Kune mhando dzakasiyana-siyana dzeukama dzinoti;

- Ukama hweropa sokuti baba nemwana, mai nemwana, hanzvadzi nehanzvadzi, sekuru kana mbuya nemuzukuru, tete nemwana wehanzvadzi nehumwewo
- Ukama hwekuroorerana sokuti tezvara nemukuwasha, muroora navamwene nehumwewo.
- Ukama hwemutupo sokuti vanhu vanoera mutupo weMoyo vanotorana sehama nehama.

CHIKAMU 16

16

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso: Nhetembo: Africa**
Kujekesa matambudziko anowanikwa muAfrica
- B. **Rondedzero: Tsumo**
Kunyora basa rerondedzero yetsumo.
- C. **Zvirungamutauro: Madimikira**
Kushandisa madimikira muzvirevo.
- D. **Dudziramutauro: Zviratidzi**
Kutsanangura zviratidzi.
- E. **Wedzerero: Dai uri iwe waiita sei?**
Kujekesa nhamo dzinosangana nenherera.



A

NZWISISO: Nhetembo: Africa

Verenga nhetembo inotevera ugopindura mibvunzo



Africa! Africa! Africa!
Simuka uzvifambire wega
Unosvika riini uchikambaira sekacheche?
Uchinzi ndiwe muenzaniso weurombo.
Ronga mazano ekupedza matambudziko ako wega.
Unosvika riini uchinenedzera America?
Unosvika riini uchipomedzera Britain?

Africa! Africa! Africa!
Mwari akakupai zvicherwa.
Minda yekurima ifararira.
Masango ane mhuka nemichero unazvo
Nzvimbo dzinoyevedza dziri mauri
Vanhu vane ruzivo vari muAfrica.

Africa ! Africa! Africa!
Rwako rusununguko rwuri papi?
Tarisa vana vako vane nzara
Tarisa mhuri yeAfrica ine hurombo
Hondo yokandira mazai muAfrica.
Africa uri shasha pakutyora dzevanhu kodzero.
Zvirwere zvatekeshera mauri,
Mukondomera, gomarara nerurindi.

Africa ! Africa! Africa !
Vatungamiri veAfrica inzwai rangu shoko
Shoko ramusingafariri kunzwa.
Tungamirai Africa zvakana.
Vana veAfrica vatambura
Rangarirai kuti chawawana idya nehama mutorwa ane hanganwa
Vosvika riini vachirarama nokupemha
Vosvika riini vachidya nhoko dzezvionda?
Africa ndeyedu tese.

Nzwisiso

1. Nyanduri ari kupa yambiro ipi kuAfrica? (1)
2. Ndezvipi zvinhu zvitatu zvakapiwa Africa naMwari? (3)
3. Ndeapi matambudziko maviri ari kusangana nevanhu veAfrica ataurwa munhetembo? (2)
4. Tsanangura zvinoreva zvirungamutauro zvinotevera:
 - (a) Sekacheche.
 - (b) Chawawana idya nehama mutorwa ane hanganwa.
 - (c) Kudya nhoko dzezvironda.
5. Doma mazita enyika mbiri dzakamiririrwa na1 uye 2 mumepu yeAfrica.(2)
6. Ndeipi kurudziro hombe iri kupiwa vatungamiri veAfrica nanyanduri? (2)
7. Nyora pfupiso yenhetembo iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana[40] (10)

Tsvakurudzo

Itai tsvakurudzo yemaguta makuru enyika dziri muSouthern African Development Committee (SADC)

B

RONDEDZERO: Tsumo

Basa rokuita

Nyora rondedzero inodudzira tsumo yekuti, gona ana gona wakewo.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Madimikira

Padanho rino kunze kwekugona kuzadzisa nekududzira madimikira, mudzidzi anofanira kuziva mashandisirwo emadimikira muzvirevo somuenzaniso;

Dimikira

Kudya nhoko dzezvironda.

Mashandisirwo

Isu vana venyu tosvika riini tichidya nhoko dzezvironda?

Basa rokuita

Shandisa madimikira anotevera muzvirevo

1. Kuve nemuromo usingamharwi nenhunzi. (1)
2. Kuzvidya moyo. (1)
3. Kupira gotsi. (1)
4. Kutsamira churu. (1)
5. Kuvesa danga. (1)
6. Kushaya mbereko. (1)
7. Kumera zenze kumusana. (1)
8. Kusekera muhapwa. (1)
9. Kupiwa magaramoyo. (1)
10. Kubaira zanzi. (1)



D

DUDZIRAMUTAURO: Chiratidzi

Zviratidzi zvidudziramazita zvinoratidza nzvimbo ine chinhu kubva pamutauri. Kune mhando mbiri dzezviratidzi dzinoti:

- a. Zviratidzi zvepedyo zvinoratidza chinhu chiri pedyo nemutauri, somuenzaniso;
idzi
aya
umu
- b. Zviratidzi zvekure zvinoratidza chinhu kana zvinhu zviri kure nemutauri somuenzaniso;
iro
uyo
izvo

E

WEDZERERO: Dai uri iwe waiita sei?

Rutendo musikana ane makore gumi nemashanu. Vabereki vake vose vakashaika nedenda reshuramatongo. Rutendo anogara naambuya vake avo vakwegura zvikuru nemunin'ina wake Runyararo pamwe nehanzvadzi yavo Tapiwa. Sezvo Rutendo ari iye mukuru, ndiye ane basa rokuchenesa pamba, kubika, kutsvaka zvokudya pamwe nemari yechikoro. Kuoma kweupenyu hwaRutendo kunoita kuti nguva zhinji asaenda kuchikoro mazuva ose. Zuva raanoenda kuchikoro anosvikooneswa ndondo nevaraidzi vake vachimuti sei achirovha chikoro. Vemunharaunda mavo vanombopota vachimupa twumabasa asi havanyatsomubhadhara. Mbuya vaRutendo vanogara vachirwara zvokuti ndiye anovaendesa kuchipatara. Nguva zhinji ndiye anovagezesa nokuvabatsira kuenda kuchimbuzi.

Basa rokuita

1. Vanhu vari mundima vangani pamwe chete? (1)
2. Chii chaisakisa kuti Rutendo atadze kuenda kuchikoro mazuva ose? (2)
3. Vanhu vemunharaunda vaisabata Rutendo zvakanaka nenzira ipi? (1)
4. Dai uri iwe mumwe wevagari vemunharaunda yanaRutendo waibatsira mhuri iyi sei? (2)
5. Ndekupi kungawana Rutendo nemhuri yake rubatsiro? (2)
6. Ndeapi mamwe mazano aungapa Rutendo kuti upenyu hwake hureruke? (2)



CHIKAMU 17

17

Zvinangwa zvechikamu

A. Nzwisiso nepfupiso: Miriro shasha yebhora

Kupa nhorooondo yeunyanzvi hwaMiriro mumutambo webhora.

B. Rondedzero: Tsamba kushamwari

Kunyora basa rerondedzero yetsamba kushamwari.

C. Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi

Kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi.

D. Dudziramutauro: Chinan'anuri

Kutsanangura Chinan'anuri/ Chisarudzi.

E. Wedzerero: Zvirahwe

Kupa dudziro yezvirahwe zvakapiwa.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Miriro shasha yebhora

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo





Miriro aiva musikana murefu zvokuti vaimuona vaifunga kuti aiva mukuru pane vamwe vezera rake. Pachiso Miriro aiva mutema aine maziso akachena semukaka. Aiva nemhino dzainge dzakati twii kumira. Miromo yake yaiva yakachekererwa zvaienderana nechiso chake.

Kubvira achiri kupuraimari, Miriro ainge aratidza kuti yaiva nyanzvi yebhora revasikana. Izvi zvakaita kuti asarudzwe kupinda muchikwata chebhora revasikana cheChemhondoro Primary. Vachinzwa izvi vabereki vaMiriro havana kufara nokuti vaifunga kuti zvekutamba bhora zvaizodzosea Miriro kumashure munyaya dzekudzidza. Vabereki vaMiriro vakazotsanangurirwa nemukuru wechikoro kuti zvainge zvakakosha kuti mwana aite zvemitambo nokuti ndipo panogona kubva raramo yake mangwana. Vakatsinhira zvekare kuti bumbiro rakavandudzwa rinokurudzira vana kuita zvemitambo.

Unyanzvi hwaMiriro hwakaita kuti asanetseka kuwana nzvimbo yefomu yokutanga. Ava kusekondari kuMurambwi mukurumbira wake wakabva wanyotsobuda. Mwanasikana aitamba bhora zvainwisa mvura. Hapana chikoro chaivakurira. Aiti akabata bhora ainzvenga kunge nyenganyenga. Zvokugohwesa rainge risiri dambudziko. Chero ari zvinhambwe zvizhinji aigona kukanda bhora richisvikogohwa. Umwe neumwe mutambi wechikwata chake aiti akawana bhora aitotanga atsvaka kuti Miriro aripi kuti amupe bhora.

Chikoro cheMurambwi chakaita mukurumbira mumutambo webhora revasikana mudunhu rese izvo zvakafadza vanhu vazhinji. Chikoro ichi chakatora mikombe nemibairo yakawanda. Miriro pachake akahwinha fararira remibairo nemari. Chaishamisa veruzhinji ndechokuti Miriro aiva asiri nyanzvi mune zvebhora chete. Muchikoro yaiva shasha yemandiriri. Vabereki vaMiriro vakazofara pavakaona kuti mwana wavo ainge achikwanisa kudzingirira tsuro mbiri achidzibata dzose.

Miriro akazopedza chikoro ashanyira nyika dzakaita seSouth Africa, Botswana, Zambia nedzimwe dzemuAfrica achindotamba mutambo webhora revasikana. Sangano reZimbabwe Netball Association rakabva rangoona zvakakodzera kutora Miriro kuti ave mumwe wevatambi vechikwata chenyika yeZimbabwe.

Nzwisiso

1. Chii chaita kuti Miriro aonekwe semukuru pane vezera rake? (1)
2. Sei vabereki vaMiriro vasina kufarira kuti Miriro atambe bhora? (1)
3. Sei Miriro asina kunetseka kuwana nzvimbo yefomu yokutanga? (1)
4. Tsanangura zvinhu zviviri zviriviri mundima zvinoratidza kuti Miriro aigona bhora. (2)

5. Chikoro cheMurambwi chakabatsirika sei nekugona bhora kwechikwata chebhora revasikana? (2)
6. Nderipi rimwe izwi rashandiswa mundima rinoreva zvakananana nokuti nyanzvi? (1)
7. Zvinorevei kuti kudzingirira tsuro mbiri uchibata dzose? (2)
8. Chii chataurwa mundima chakanakira bumbiro redzidzo rakavandudzwa? (1)
9. Kunze kwemutambo webhora revasikana ndeipi mimwe mitambo miviri inogona kuitwa pachikoro? (2)
10. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana[40] (10)

B

RONDEDZERO: Tsamba kushamwari/hama

Basa rokuita

Nyora tsamba kushamwari yako yakasiwa nevabereki vachienda kunze kwenyika uchiipa mazano okuti angararama sei zvakanaka sezvo ariye mukuru anenge achitarira vamwe vana vadiki.



C

ZVIRUNGAMUTAURO : Nyaudzosingwi

Basa rokuita

Zadzisa zvirevo zvinotevera nenyaudzosingwi dzakakodzera

1. Rata rakadonha kubva pamusoro peimba kuti.....(1)
2. Paakamuruma nzeve kuti.....akaiti mhere.....(2)
3. Vanhu vakati.....kunyarara pavakaona vanaMugaradzakasungwa vasvika(1)
4. Pavakamudzipa akati meso.....(1)
5. Suwo parakanzi.....hana yaTaedza yakati... kurova.(2)
6. Machongwe akazosara oti.....tatopedza mitunhu mirefu. (1)
7. Pavakanaiwa nemvura mbatya dzake dzakati.....kunyorova. (1)
8. Mhuru dzaiti.....kufarira kuuya kwanaamai vadzo. (1)



D**DUDZIRAMUTAURO: Chinan'anuri/ Chisarudzi**

Chinan'anuri chidudzirazita chinobudisa pfungwa yekusarudza chinhu kana zvinhu kubva pane zvimwe, somuenzaniso

- (a) Gore **rino** tichatenga mota.
- (b) Munda **uye** wazorimwa.
- (c) Chikoro **chipi** chisingatengi mabhuku?

Pamienzaniso iyi **rino, uye nachipi** ndizvo zvinan'anuri.

E**WEDZERERO : Zvirahwe**

Zvirahwe ndeimwe yenzira dzaishandiswa nevana kuzvitandadza. Zvirahwe zvaibetserazve kurodza pfungwa dzevana vadiki. Muzvirahwe munopiwa katsananguro kapfupi mumwe opa dudziro inoenderana netsananguro iyoyo. Zvirahwe zvinogona kuitwa makundano mumapoka

Heunoi muenzaniso wechirahwe nemhinduro;

Chirahwe	Mhinduro
Chipako chekwehu chizere ndarira	Mumukanwa

Basa rokuita

Sarudza dudziro yezvirahwe zvinotevera kubva pane dzakapiwa

nyenyedzi jongwe nyuchi chitima howa imbwa chimera
gotsi derere shizha hari mapurisa sadza nyimo
ruware shumba

1. Mombe yababa vangu inokuma yasvika padanga.(1)
2. Ndoshuwa shamwari yangu iyo iri pedyo.(1)
3. Ndakwanisa kudzika asi kukwira handichagoni.(1)
4. Simuka tienzane.(1)
5. Mombe dzababa vangu dzinoenda kudhibha dzisina miswe dzodzoka dzaane miswe.(1)
6. Tsotso munzira tsotso musango.(1)
7. Imba yababa vangu inomira negumbo rimwe.(1)
8. Rakazvirova rikazhamba.(1)
9. Mai yababa vangu vanobika doro rinonaka asi vanoroya.(1)
10. Ndakananika mamera akafuma pasisina.(1)



CHIKAMU 18

18

Zvinangwa zvechikamu


- A. **Nzwisiso nepfupiso: Shumba mumigwagwa**
Kutsanangura njodzi dzemumigwagwa.
- B. **Ronedzero: Tsanangudzo**
Kunyora rondedzero yetsanangudzo.
- C. **Zvirungamutauro: Tsumo**
Kuumba tsumo kubva pamazita emhuka.
- D. **Dudziramutauro: Zvirevamwene**
Kutsanangura zvirevamwene.
- E. **Musambo: Mutauro wokubata maoko**
Kutsanangura musambo wokubata maoko.
- F. **Wedzerero: Njodzi dzemumvura.**
Kutsanangura njodzi dzinowanikwa mumvura.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Shumba mumigwagwa

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Kuwanda kwetsaona dzemumigwagwa rava dambudziko rinoshungurudza munhu wese munyika ino. Mazuva ano zuva haribudi nokupinda munamai varo tisina kunzwa nezvenhau dzevanhu vanenge vatsakatika netsaona dzemumigwagwa. Izvi zvinosiririsa chose. Rava gangaidza mukweni mhezi yavavira mudumbu.

Ongororo inogaroitwa panoitika tsaona dzakasiyana-siyana inoratidza kuti tsaona zhinji dzinokonzerwa nemhosho dzokusaitvedzera mitemo yemumigwagwa kunoitwa nevatyairi. Kumhanyisa motokari zvakapfurikidza mwero zvine ngozi huru. Izvi zvinodaro nokuti kazhinji ndizvo zvinozoita kuti mutyairi apindire dzimwe motokari asina kunyatsotarisa kuti mberi kwakanaka here. Izvi zvinoita kuti mota dziroverane ropa richideuka.

Kutyaira motokari wakadhakwa kuzvipinza mumukanwa meshumba. Kana munhu achinge adhakwa haafaniri kutyaira motokari. Zvinodhaka zvinoita kuti pfungwa dzemunhu dzitadze kunyatsoshanda zvakanaka. Vamwe kana vadhakwa havachanyatsoona zvakanaka zvikuru paya pavanenge vachisingana nechiedza chedzimwe motokari.

Njodzi dzemumigwagwa dzinokonzerwawo nemotokari dzinoenda mumigwagwa kutakura veruzhinji dzisina zvinhu zvakanakwana. Zhinji dzinoputika mavhiri zvichikonzera kuparara kwevanhu. Panofanirwa kuiswa mutemo unotarisisa motokari kuti ine zvakanakwana here isati yabvumidzwa kutakura veruzhinji.

Tsaona zhinji dzinonyanyoitika pazororo rekisimusi, *Easter* neremagamba. Izvi zvinodaro nokuti vanhu vazhinji vanenge vachishanyira hama neshamwari saka mumigwagwa munenge muine motokari zhinji. Vamwewo ndivo vanofarisa vachidhakwa vozotyaira motokari vakakorwa. Zvichakadaro sangano re*Traffic Safety Council of Zimbabwe* (TSCZ) rinogarotumira mashoko panharembozha richiyechidza veruzhinji kuchengetedza mitemo yemumigwagwa nekudzivirira njodzi. Sangano iri rinotumirawo vashandi varo mumigwagwa kuti vayeuchidze veruzhinji nezvekuchengetedza mitemo yemumigwagwa. Ibaso redu isu veruzhinji kutevedzera zvatinenge taudzwa.

Hurumende pamwe nemunhu wese tine chokuita pakupedza dambudziko retsaona mumigwagwa. Hurumende inofanira kuona kuti vanhu vose vanotyora mitemo yemumigwagwa varangwa zvakaomarara. Migwagwa yose yenyika inofanirwa kugadzirwa zvinoita kuti isakonzera tsaona. Vatyairi vese vedzimotokari vanofanira kutevedzera mitemo yose yemumigwagwa uye kuona kuti motokari dzavo dzine zvakanakwana vasati vatanga rwendo.

Nzwisiso

1. Chii chiri kushungurudza veruzhinji mazuva ano sekubudiswa kwazvaitwa mundima? (1)
2. Chii chiri kunyanyokonzera tsaona mumigwagwa? (1)
3. Kunze kwemhinduro yawanyora pamusoro, ndezvipi zvimwe zviviri zvinokonzerwa tsaona zvataurwa mundima? (2)
4. Tsanangura zvinoreva zvirungamutauro zvinotevera semushandisirwo azvakaitwa mundima:
 - (a) Gangaidza mukwenyi mhezi yavavira mudumbu(1)
 - (b) Zuva haribudi nokupinda muna amai varo (1)
5. Ndeipi nguva yegore inowanda tsaona mumigwagwa? Ipa chikonzero. (2)
6. Sangano reTSCZ rinobatsira sei mukuderedza tsaona dzemumigwagwa? (2)
7. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana [40] (10).

B

RONDEDZERO: Tsanangudzo

Basa rokuita

Ndezvipi zviri kukonzera tsaona mumigwagwa uye zvii zvingaitwa kuderedza dambudziko iri.



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Tsumo

Tsumo zhinji dzinoumbwa dzichishandisa mazita emhuka somuenzaniso;

Zita remhuka	Tsumo
Mbudzi	Mbudzi kudy a mufenje hufananyina.
Ingwe	Chinono chinengwe bere rakadya richifamba

Basa rokuita

Umba tsumo uchishandisa mazita emhuka dzinotevera (10)

1. mombe
2. shiri
3. gudo
4. bere
5. gonzo
6. mhembwe
7. nyoka
8. zundu
9. mbeva
10. turo



D

DUDZIRAMUTAURO: Chirevamwene

Chirevamwene izwi rinoratidza muridzi kana kuti mwene wechinhu, somuenzaniso;

- (a) Chingwa **chemwana**.
- (b) Imba **yasahwira** vangu.

Pamienzaniso yapihwa pamusoro **chemwana** uye **yasahwira** zvirevamwene zvinoratidza mwene wechingwa neimba.

Basa rokuita

Shandisa zvirevamwene zvinotevera muzvirevo

- (a) rembudzi (2)
- (b) yaamai (2)
- (c) zvembavha (2)
- (d) rezviyo (2)
- (e) vemuguta (2)
- (f) dzemweya (2)
- (g) rababa (2)



E**MUSAMBO: Mutauro wokubata maoko**

Muupenyu hwatinorarama tinosangana nerufu. Rufu runogona kuuya chero nguva. Harusarudzi mupfumi, murombo, mukuru kana mucheche. Hama kana shamwari ichinge yashaikirwa tinoenda kundochema tichinyaradzana nayo. Tsika iyi ndiyo inonzi kubata maoko. Pakubata maoko tinoita nokutaura zvinotevera:

- Tinosvikoti nematambudziko kana kuti nenhamo.
- Tinotaura takazvirereka tichitaridza kushushikana.
- Tinotaura mashoko ekunyaradza vanenge vawirwa nenhamo.
- Tinogona kuenda takatakura upfu, huni, usavi kana chii zvacho chinogona kubatsira panhamo.

Heunoi muenzaniso wokubata maoko;

Mai Joro: Nematambudzikozve nhai Shava.

VaNyashanu: Aonekwa tete. Zvakaoma. Tatorerwa saimba tisingafungiri.

Mai Joro: Tadirwa dota rinopisa kumeso. Ko vakaramba vosimbirirwa here?

VaNyashanu: Taingoti pamwe zvichaita zviri nani.

Mai Joro: Inguva. Ndiyo nzira yedu tese tongozviisa kuna Mwari.

Edzesero:

Itai kamutambo kekuedzesera kubata maoko.

F

WEDZERERO: Njodzi dzemumvura

Hupenyu hwevanhu hwezuva nezuva hunorerutswa nekuvapo kwemvura iyo inoshandiswa nevanhu mumabasa akasiyana-siyana. Kunyangwe mvura iine basa guru muupenyu hwevanhu zvakakoshazve kuti veruzhinji vazive kuti mvura inogonazve kuisa upenyu hwevanhu panjodzi. Vagari vekumaruwa vose pamwe nevekumadhorobha vari panjodzi yemvura. Izvi zvinodaro nokuti kumaruwa kune matsime nenzizi dzinogona kupinza vanhu munjodzi ukuwo mumadhorobha mune nzizi, matsime uye madziva okudhidha akagadzirwa ayo anogona kuisa upenyu hwevanhu panjodzi.

Kune mhando mbiri dzenjodzi dzinganyanyoitika nepamusana pemvura dzinoti kunyura mumvura munhu achituhwina kana kuyeredzwa nemvura nenzizi dzinenege dzakadira. Vagari vemumaruwa ndivo vari panjodzi huru yekuyeredzwa nemvura sezvo vachiyambuka nzizi idzi vachienda kumabasa, kuzvikoro pamwe nekuzvipatara.

Heanoi mamwe emazano anobatsira kuderedza nekudzivirira njodzi dzemumvura:

- Nzizi dzakazarisa hadzifaniri kuyambukwa. Tinofanirwa kumira kuti dziserere tozoyambuka.
- Kana usina chokwadi chohudzamu hwemvura iri murwizi shandisa chimuti kunyika murwizi. Chimuti chaunenge washandisa kupima hudzamu chienzanise nehurefu hwako. Kana hudzamu hukadarika mumabvi ako chirega kuyambuka.
- Mumaruwa kana rwizi rusina kunyanyodira unogona kuyambuka vakabatira muswe wechipfuyo chakaita semombe.
- Matsime ose epamba akadzama anofanira kugara akavharwa uye kukiyiwa necheni. Izvi zvinobetsera vana vanotamba kuti vasawire mumatsime.
- Kana munhu awira mumvura anofanira kunyururwa nekukasika oradzikwa nedivi. Kana kuri kumaruwa anofanira kurohwa nejecha padumbu kuti arutse mvura yaanenge anwa.
- Kumadhorobha madhamu okutuhwinha anofanirwa kukomberedzwa newaya.



Basa rokuita

1. Ndeapi mabasa maviri emvura abuda mudima? (2)
2. Mvura inoisa vanhu munjodzi dzipi? (2)
3. Ndezvipi zvinhu zviviri zvinogona kuitwa kuderedza njodzi dzemumvura? (2)



Tsvakurudzo

Ita tsvakurudzo yezvimwe zvingaitwa kuderedza tsaona dzemumvura.

Zvinangwa zvechikamu

- A. **Nzwisiso nepfupiso: Mitambo yeVaShona**
Kutsanangura mitambo yeVaShona.
- B. **Rondedzero: Izwi rimwe**
Kunyora basa rerondedzero yeizwi rimwe.
- C. **Zvirungamutauro: Nyaudzosingwi**
Kupa dudziro dzenyaudzosingwi.
- D. **Wedzerero: Mazwi anoreva zvakasiyana**
Kutsanangura mazwi anoreva zvakasiyana.



A

NZWISISO NEPFUPISO: Mitambo yeVaShona

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo



Pasichigare VaShona vaiva nemitambo yakasiyana-siyana yavaitamba senzira yekuzvitandadza pamwe nekuita zvirango zvetsika nemagariro avo. Mitambo iyi inosanganisira jerusarema, muchongoyo, mhande, dinhe pamwe nemimwe. Muchikamu chino tichakurukura pamusoro pemimwe yemitambo iyi.

Mutambo weJerusarema ndoumwe wemitambo ine mukurumbira muZimbabwe. Mutambo uyu unonyanyotambwa kunzvimbo dzakadai seMurehwa neUzumba-Maramba-Pfungwe nevanhu vanotaura ChiZezuru. Pasichigare Jerusarema raiwanzotambwa pamutambo wokuroorwa kwemwanasikana wamambo. Jerusarema rinotambwa nevarume nevakadzi.

Muchongoyo mutambo unotambwa nevanhu veChiNdau vanogara munzvimbo dzeChipinge, Chimanmani, Chiredzi neBuhera. Zita rokuti muchongoyo rakabva pachiiro chokuti 'kuchongoya' chinoreva kutsika netsoka kana kuparadza zvine simba. Pasichigare mutambo uyu waitambwa kana varwi vachienda kuhondo senzira yokudzidzisa varwi kuzvibata kuhondo. Waitambwazve kana vanhu veChiNdau vachipemberera kukunda muhondo. Mutambo uyu unotambwa nevarume nevakadzi paine varume vaviri vanenge vachiridza ngoma.

Mutambo wemhande unotambwa nevanhu verudzi rweMakaranga. Vanhu ava vakanyanya kuwanda kudunhu reMasvingo neMidlands. Mutambo uyu unowanzotambwa pachiiro bira rekurova guva senzira yokudzosa mweya wemufi mumusha. Dinhe ndemumwe wemitambo yaVaShona. Dinhe mutambo unonyanyotambwa nevanhu veChiKorekore. Mutambo uyu unotambwa senzira yokutaura nevadzimu.

Mazuva ano mitambo yepasichigare iyi haisisina kunyanyokurumbira sezvayaiva kare. Kune nzvimbo dzichiri kutambwa mitambo iyi yava kunyanyoshandiswa senzira yokutandadza vanhu pazviitiko zvakasiyana-siyana. Hurumende inofanira kuona kuti yatanga zvirongwa zvinosimudzira mitambo iyi sezvo ichichengetedza tsika nemagariro eVaShona.

Nzwisiso

1. Ndeapi mabasa maviri emitambo yepasichigare ataurwa mundima? (2)
2. Doma mazita maviri emitambo epasichigare ataurwa mundima. (2)
3. Ndechipi chiitiko chaiwanzotambwa mutambo wejerusarema pasichigare? (1)
4. Doma nzvimbo mbiri dzinotambwa mutambo wemuchongoyo muZimbabwe. (2)
5. Kunze kwemitambo yataurwa mundima, ndeipi imwe miviri yaunoziva? (2)

6. Chii chakafanana pamitambo wejerusarema nemuchongoyo? (1)
7. Ndeipi shanduko yavapo mazuva ano munyaya dzemitambo yepasichigare? (2)
8. Sei hurumende ichifanira kusimudzira zveemitambo yepasichigare? (2)
9. Nyora pfupiso yenyaya iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana [40] (10)

Tsvakurudzo

Itai tsvakurudzo yomutambo waitambwa munzvimbo yamunogara pasichigare.

B

RONDEDZERO: Izwi rimwe

Basa rokuita

Nyora rondedzero ine musoro wekuti Hondo



C

ZVIRUNGAMUTAURO: Nyaudzosingwi

Nyaudzosingwi imwe neimwe ine zvainoreva somuenzaniso;

Nyaudzosingwi	Dudziro
Ndure	kurumwa nenyuchi kana mago
Bvuu	Kuseka

Basa rokuita

Nyora dudziro dzenyaudzosingwi dzinotevera

1. go
2. zii
3. mwii
4. tumbi
5. kwetsu
6. pote
7. mhaa
8. pfacha
9. tande
10. dzvamu



D**WEDZERERO: Mazwi ane dudziro dzakasiyana- siyana**

Mumutauro weChiShona mune mazwi anonyorwa zvakafanana asi achireva zvakasiyana somuenzaniso

doro

- (a) Rinogona kureva chinwiwa chinodhaka kana.
- (b) Munda unogara wakanyorova unorimwa mupunga

guru

- (a) Rinogona kureva mhando yenyama kana,
- (b) Mwena.

Basa rokuita

Nyora dudziro dzakasiyana dzemazwi anotevera:

- (a) nzara (2)
- (b) tsuro (2)
- (c) sora (2)
- (d) rima (2)
- (e) chema (2)
- (f) tema (2)



CHIKAMU 20

20



BVUNZO DZOKUPERA KWEGORE

CHISHONA PAPER 1

Pindura mibvunzo yose

CHIKAMU 1: RONDEDZERO (MAMAKISI 30)

1 Sarudza musoro **mumwe chete** pane inotevera ugonyora rondedzero ine mapeji maviri.

- (a) Chirongwa chapachivhitivhiti chandinofarira
- (b) Mwana anokosha.
- (c) “Tsika yokuchengerera harahwa nechembere mumisha yakavakirwa izvozvo haina hunhu.” Iwe unoti chii nazvo?
- (d) Nyora tsamba kushamwari yako iri kune chimwe chikoro uchiitsanangurira zviru kuitwa nekirabhu yenyu yekupfuya huku
- (e) Basa randinoda kuzoita kana ndakura.

CHIKAMU 2: NZWISISO (MAMAKISI 30)

2. Nyatsoverenga tsamba inotevera ugopindura mibvunzo yose neChiShona chakanaka.

Mugabe Secondary School
Post Office Box 305
Murewa

17 Gumiguru 2017

Mukuru wechikoro
Manyika Primary School
Post Office Box 415
Murewa

Vadiwa Changamire

Ndanyora tsamba ino ndichida kukuzivisai nezvechikoro chino uye nokukutendai mose nevadzidzisi vepaManyika nebasa guru ramakaita makore matanhatu andakadzidza pachikoro chenyu.

Ndinoda kukuzivisai kuti ndakazowana nzvimbo yefomu yokutanga pano paMugabe Secondary School. Chikoro chedu chakakura zvikuru sezvo chine vana vanoda kusvika mazana masere. Mufomu yokutanga mune makirasi mashanu uye ini ndiri mukirasi inoita zvidzidzo zvamabasa amaoko. Pano pane zvidzidzo zvinosanganisira kuveza, kurima, kubika, kusona, kuumba uye kutamba nesimbi. Ini ndiri kuita zvidzidzo zvekubika nekurima sezvidzidzo zvangu zvamabasa amaoko. Ndinoda kutenda vaChipindu vakandikurudzira zvidzidzo izvi pandainge ndiri paManyika.

Chikoro chedu cheMugabe chine vadzidzisi vose vakadzidzira basa ravo. Vazhinji vavo vane madhigirii. Mukuru wechikoro tinomufarira zvikuru sezvo achingotikurudzira kushanda nesimba pamwe nokunamata kuna Mwari. Mudzidzisi wedu weShona ane zvinyorwa zvakadhindiswa zvokuti ari kutotikurudzira kunyorawo nyaya dzedu pfupi idzo dzatichatumira kukambani dzinodhinda mabhuku.

Chokwadi kusatenda uroyi, ndinoda kukutendai nedzidzo yandakawana pachikoro chenyu kunyanya dzidziso yokuva netsika dzakanaka, kuita mitambo pamwe

nokugara takachenesa patinogara. Handikanganwi mazwi enyu amaigara muchitiudza okuti, “Mwana wepaManyika anofanira kuzivikanwa nokuchena, kukudza vakuru pamwe nokuvimbika.”

Munditenderewo vaMoyo, Mai Gumbo, naMatironi vedu Mai Chasi uye vadzidzi vose vepaManyika nezvose zvavakandibatsira nazvo kuti ndive mwana anobudirira. Ndinokukurudzirai kuramba muchipakurira vadzidzi vose dzidzo yakanaka seyamakandipa. Ndinoti dai Mwari akomborera mose. Ko, VaMlambo vairwara vava sei mazuvano? Ndinotenda vava nane. Ndakafara kunzwa kuti imba yamabhuku yava kushanda. Ko zvino ava kushanda mumba yamabhuku ndiyani kana vasipo? Chisarai zvenyu nemufaro.

Ndini mwana wenyu

Tapiwa Mari

Mibvunzo

- a) Chii chinoratidza kuti Tapiwa akambodzidza kune chimwe chikoro asati auya paManyika? (2)
- b) Ipa chikonzero chimwe chete chakaita kuti Tapiwa anyore tsamba. (1)
- c) Tapiwa akakurudzirwa nani kuita zvidzidzo zvemaoko? (1)
- d) Doma zvidzidzo zvitatu zvinoitwa naTapiwa zvadomwa mundima. (3)
- e) Chii chinoratidza kuti Manyika chikoro chekugarapo kana kuti chebhodhingi? (2)
- f) Unofunga VaMlambo vaiita basa rei paManyika? (2)
- g) Ko, sei vana vepaMugabe vachifarira mukuru wechikoro? (2)
- h) Nyora izwi rimwe riri mundima rinoreva zvimwe chete nerawapiwa,
 - (i) Kuropafadza(1)
 - (ii) Kuyamura (1)
 - (iii) Kubatanidzira (1)
- (i) Tsanangura kuti ndevo yokuti “kusatenda uroyi” inorevei sokushandiswa kwayakaitwa mundima. (2)
- j) Ipa mabasa maviri angaitwa naTapiwa kana abudirira muzvidzidzo zvemabasa emaoko. (2)
- k) Nyora pfupiso yetsamba yaTapiwa iyi nemazwi asingapfuuri makumi mana. (10)

CHIKAMU III: KUUMBWA KWEMUTAURO [20]

Pindura mibvunzo miviri chete muchikamu chino

7. (a) Isa mazita anotevera mumipanda yawo:

munda rukova bere pamusha shinda kutamba kanyama

mhiri kuGweru Tarisai (10)

(b) Tsanangura nzira ina dzinoshandiswa kuisa mazita mumipanda yawo. Ipa mienzaniso inogutsa. (10)

8. Ipa mazwi anodudzira tsananguro yakapihwa pazasi.

a) Ngozi inokonzereswa nekurova mai inonzi chii?

b) Doro rekudzora mweya wemufi mumusha.

c) Doro rekukumbira mvura.

d) Mutambo wekuperekedza mwanasikana kuvarume vake.

e) Mombe dzinobiswa nemukuwasha pakuroora musikana wake. (5)

10. Tsanangura zvinoreva mazitadunhurirwa anotevera:

a) Goremuचेचे

b) Benyumundiro

c) Mharapatsetsetae

d) Musvuuganda

e) Chitsikanyoka (5)

CHISHONA PAPER 2

CHIKAMU 1: MASHANDISIRWO EMUTAURO [20]

3. Sarudza tsumo **shanu** chete kubva pane dzinotevera ugozadzisa pakashama.
- a) -----rinosiya chibvukuche.(1)
 - b) ----- chinomirira kuti mavara acho awonekwe. (1)
 - c) Gonzo mhini ----- . (1)
 - d) Kachembere kanonhuwa mumukanwa-----.(1)
 - e) Kuzvidya moyo..... (1)
 - f) Mugoni wepwere (1)
 - g) Kure kwegava (1)
4. Ipa tsananguro mbiri dzinobuda pamazwi **mashanu** chete anotevera.
- a) dare (1)
 - b) bira (1)
 - c) mbira (1)
 - d) mugomo (1)
 - (e) dura (1)
 - (f) mutswi (1)
 - (g) guru (1)

CHIKAMU II: MISAMBO [10]

5. a) Chii chinonzi mutauro wepachechi? (1)
b) Ndezvipi zvinhu **zvitatu** zvinowanikwa mumusambo weputauro wepachechi (3)
6. Tsanangura zvinhu zvitatu zvakakosha kana munhu achitambira vaenzi [10]

DURAMAZWI

Bvanyangu	Munhu anokanganisa zvinhu.
Chandagwinyira	Munhu ane nharo.
Chigumisirwa	Mwana anozvarwa pokupedzisira mumhuri.
Chimurenga	Hondo yokurwira rusununguko.
Chipavhurire	Munhu anopa zvikuru.
Chirimo	Mwaka wegore pakunenge kwakaoma.
Chisi	Zuva risingatenderwi kushanda mabasa emumunda kumaruwa.
Chitunha	Mutumbi wemunhu akafa.
Gamba	Munhu anoita zvinhu zvinoratidza ushingi.
Hunhu	Maitiro, mapfekero, matauriro, mafambiro anogamuchirwa seakanaka munharaunda inogara vanhu.
Kombiyuta	Muchina unoshandiswa kugadzira, kuchengetedza uye kufambisa mashoko.
Kuhuchera	Kunwa hwahwa.
Kutsvetsva	Kupfimba.
Makakatanwa	Kusaiwirirana pakati pevanhu pachavo kana nemhuka.
Mapatya	Vana vanozvarwa vari vaviri panguva imwe chete nemunhu mumwechete.
Muenzi	Munhu anenge ashanya munzvimbo yaasingagari.
Musambo	Maitiro nematauriro anoenderana nechiiitiko, nzvimbo, zera neukama.
Nherera	Mwana akafirwa nemubereki.
Nhowo	Mudziyo wokugara kana kurarira.